



EQUIPPING CHURCH LEADERS
• EAST AFRICA •

GUHARIRA NO KUREKURANIRA

VYASHIZWE AHABONA NA

Jonathan M. Menn

B.A., Kaminuza Y'i Wisconsin-Madison, 1974

J.D., Cornell Law School, 1977

M.Div., Trinity Evangelical Divinity School, 2007

Gushoboza abarongozi b'amashengero muri Africa y'Ubuseruko

3701 N. Gillett St., Appleton, WI 54914

(920) 731-5523

jonathanmenn@yahoo.com

www.eclea.net

Rusama 2007; vyasubiwemwo muri Rusama 2013; bikosorwa muri Mukakaro 2014

Guharira no gusubiza hamwe ni vyo bigize umutima w'igikorwa ca Kristo kuri twebwe, kandi bitegerezwa kuba ari vyo mutima w'ivyo dukorera abandi. Iki cigwa gifatira ku vyanditswe nyamukuru vyerekeye uguharira no gusubiza hamwe canke kurekuranira. Iki cigwa kivuga ido n'ido y'ico ari co guharira no kurekuranira, n'ico ivyo bitari vyo, kikanongera kikerekana ingene uguharira gutandukanye canke kunyuranye no kurekuranira. Ibituma nyamukuru bifadika vyerekana igituma guharira no kurekuranira tubihagararako cane n'uburyo buboneka bw'ukugene twoharira n'ukugene twosubiza hamwe tukarekuranira. Ikindi twashizemwo ni imigenderanire iri hagati yo guharira no kwihana kandi no kwiharira, kwirekurira.

IBIRIMWO

GUHARIRA.....	2
<u>Ibisomwa ngenderwako nyamukuru dushobora gufatirako.....</u>	2
I. Guharira ni wo mutima ugize akamere k’Imana	2
II. Icagezwe ca Kristo—nk’igice nyamukuru kigize uwo ari we wese yitwa umukristo—guharira abandi.....	2
III. Intumwa ziduhagarira guharira abandi, mu vyiyumviro, mu ngiro hamwe no kuba Uburorero.....	4
<u>Gutahura no gushira mu ngiro ukwuzura no kunywa mu Bugingo Bwacu.....</u>	5
I. Ico atari co guharira.....	5
II. Ico ari co guharira	9
III. Impamvu zifadika zerekana igituma dukwiye guharira abatugiriye nabi	11
IV. Ingene twoharira	13
V. Kwiharira ubwawe.....	19
VI. Guharira no kwihana	20
VII. Kwakira imbabazi canke ikigongwe ku vyaha vyawe wacumuye ku Mana no ku bantu	25
KUREKURANIRA.....	29
<u>Ibisomwa ngenderwako nyamukuru dushobora gufatirako.....</u>	29
I. Imana yatwiyujeko kubwa Kristo, kandi ica iduha igikorwa co kugabura umwuzuzo (2 Kor 5:16-21).....	29
II. Imana yarasenye ibihome vyose bibuza ukwuzura mu Bantu bari bafise ibibatandukanya bidasanze (Ef 2:11-22).....	30
III. Ukwuzura kwacu hagati yacu nyene kurafise akamaro mu vy’impwemu kandi kujanye n’ugutazira Imana kwacu (Mat 5:21-26).....	31
IV. Abakristo basabwa, bategekwa na Kristo hamwe n’intumwa gukora ibishoboka vyose kugira ngo babane mu mahoro hamwe n’ukwuzura na bese	31
V. Kristo n’Intumwa bese baragaragaje ukwuzura mu bugingo bwabo bwite	32
VI. Igihe tudashoboye gutorera umuti amatati ubwacu, Imana itegeka ishengeru kwinjira mwo, rikagira ico rikoze rigakoresha ubwenge bwaryo, uburyo bwaryo, n’ububasha bwaryo ngo ritorere umuti iyo ngorane (Mat 18:16-17; Flp 4:2-3; 1 Kor 6:1-8).....	32
<u>Gutahura no gushira mu ngiro ukwuzura no kunywa mu bugingo bwacu</u>	32
I. Amatandukaniro ari hagati y’uguharira no kwuzura	32
II. Kubera iki ukunywana, ukwuzura ari ngirakamaro mu buzima.....	33
III. Ingene twokwuzura.....	33
AHO TWAVYABUYE.....	38
IVYONGEWEKO: Uburyo bwo guharira mu kugarukana imigenderanire myiza mu bubakanye no mu miryango.....	39
UWANDITSE IKI GITABU	42

GUHARIRA

Ibisomwa ngenderwako nyamukuru dushobora gufatirako¹

I. Guharira ni wo mutima ugize akamere k’Imana.

A. Guharira ni umutima w’akamere n’ibigize Imana.

1. Imana ubwayo itangaza ibi bikurikira: ⁶*Uhoraho aca imbere yiwe. Arivuga, ati, "Nd’Uhoraho, nd’Uhoraho Imana yuzuye imbabazi n’ubuntu, nteba kuraka, ngira ikigongwe cinshi, mpora ndi umwizigirwa;* ⁷*nama ngirira imbabazi abantu ibihumbi n’ibihumbi, mparira ibigabitanyo n’ibicumuro n’ivyaha ariko simperereza urubanza k’utarugira, mpora abana ibigabitanyo vya ba se, nkageza ku buzukuru no ku runganwe rwabo rugira gatatu no ku rugira kane."* (**Kuv 34:6-7**)

2. Ibi vyaramenywe, vyashingiwe intaha n’abandi: (**Guh 14:17-19; Zab 103:2-3; na Zab 130:3-4**).

3. Uguharira kw’Imana kw’ivyaha vyacu kutugaragariza ubwizigirwa bwayo: *“Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand’igororoka; ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose”* (**1 Yoh 1:9**).

B. Guharira ni kimwe mu bigize Yesu Kristo kandi ni co gikorwa camuzanye.

1. Yesu ubwiye yarivugiye ko afise ububasha bwo guharira ivyaha vy’abantu: ³*Haza abazanye ikimuga, bagiteruye ari bane.* ⁴*Babuze ingene bamushikira kubw’ishengero, basambura inzu hejuru y’aho atumbereye; bahejeje kuhatobora, bururukirizamw’inderuzo, iryamyemw’ico kimuga.* ⁵*Yesu abonye ukwizera kwabo, abwira ico kimuga, ati “Mwana wanje, ivyaha vyawe urabihariwe”.* ⁶*Ariko hari abanyabwenge b’ivyanditswe bamwe bicayeho, biburanya mu mitima,* ⁷*“bati N’iki gitumye uyo avuga artyo? Ararogose: ni nde ashobora guharira ivyaha, atar’umwe, ni we Mana?”* ⁸*Yesu amenye mu mutima wiwe yuko biburanya muri bo bartyo, aca arababaza, ati N’iki gitumye mwiburanya ivyo mu mitima yanyu?* ⁹*Icoroshe ni ikihe, n’ukubarira ikimuga, nt’Uhariwe ivyaha vyawe; canke n’ukukubarira, nti Vyuka, wikorere inderuzo yawe ugende?* ¹⁰*Ariko kugira ngo mumenye k’Umwana w’umuntu afise ububasha mw’isi bwo guharira ivyaha – abwira ikimuga,* ¹¹*“ati Ndakubwiye nti Vyuka, wikorere inderuzo yawe, utahwe.”* ¹²*Aravyuka, aca yikorera inderuzo, asohoka imbere ya bose: nuko bose barumirwa, bahimbaza Imana, bati Ntitwaribwabone be n’ibi.”* (**Mrk 2:3-12**) Ahandi tubona handitswe amajambo nk’aya nyene ni muri **Mat 9:2-8** na **Luk 5:17-26**. Raba kandi no muri **Luka 7:48-50**: Ububasha bwa Kristo bwo guharira ivyaha bwagaragariye n’abandi; **Luka 23:33-34**: Kristo yarahariye n’abandi n’igihe yari ku musaraba.

2. Guharira kwa Kristo ivyaha vy’abantu ni kimwe mu bikorwa bikuru catumye aza ngaha kw’isi; ni na co gice nyamukuru kigize ubutumwa bwiza, bwavuzwe n’intumwa za Yesu, ari na bwo na twe tuvuga uyu musu:

a. **Ivyak 5:29-32:** ²⁹*Maze Petero n’intumwa barabishura, bat’Igikwiye ni “ukwumvira Imana kuyirutisha abantu.* ³⁰*Imana ya ba sogokuruza yazuye Yesu, uwo mwebwe mwishe mumumanitse ku giti.* ³¹*Uyo Imana yaramushize hejuru n’ukuboko kwayo kwi’i buryo, ngw’abe Umukuru n’Umukiza, ngw’ahwe Abisirayeli kwihana no guharirwa ivyaha.* ³²*Natwe turi ivyabona vyo gushingira intaha ivyo, na Mpwemu Yera na we ni uko, uwo Imana yahaye abayumvira.”*

b. **Ivyak 13:36-39:** ³⁶*Yamara Dawidi mu gihe ciwe amaze gukora ivy’Imana igomba, arasinzira, ahamvya ba sekuruza, arabora.* ³⁷*Arik’uw’Imana yazuye nta ho yigeze abora.*

³⁸*Nuko bagabo bene Data, ni mumenye ko mur’uwo ari ho mubwirirwa ivy’uguharirwa ivyaha:* ³⁹*kandi ni we atsindanishiriza umwizera wese kuri vyose, ivyo mutashoboye gutsindanishirizwa n’Ivyagezwe vya Mose.*

c. **Kol 1:13-14:** ¹³*Yadukijije ububasha bw’umwiza, atwimurira mu bwami bw’Umwana wiwe akund.* ¹⁴*Muri uwo ni ho dufise ugucungurwa, ni kwo guharirwa ivyaha vyacu.*

d. Raba kandi: **Luka 24:46-47; Ivyak 2:38; 10:43; 13:38-39; 26:15-18; Ef 1:7; 1 Yoh 2:12.**

II. Icagezwe ca Kristo—nk’igice nyamukuru kigize uwo ari we wese yitwa umukristo—guharira abandi

A. Isengesho Yesu yatwigishije ridusaba guharira abandi nk’uko natwe twahariwe: ⁹*Nuko musenge murtya:*

¹Ivyavuzwe vyabuwe muri bibliya vyose vyavuye muri Version yitwa New American Standard version kiretse iyo bivuzwe ko yakuwe mu yindi version.

“Data wa twese wo mw’ijuru, izina ryawe ryubahwe, ¹⁰ Ubwami bwawe buze, ivyo ugomba bibe mw’isi nk’uko biba mw’ijuru. ¹¹ Uduhe ivyo kurya dukwiranye uyu musu; ¹² Uduhebere imyenda yacu, nk’uko natwe twahebeye abari mu myenda yacu; ¹³ Kandi ntutujane mu bitwosha nabi, ariko udukize wa Mubi.[kuk’ubwami, n’ubushobozi, n’icubahiro, ari ivyawe ibihe bidashira. Amen.]” ¹⁴ Kuko ni mwaharira abantu ivyaha vyabo, na so wo mw’ijuru azobaharira namwe. ¹⁵ Ariko ni mutaharira abantu ivyaha vyabo, na So na we ntazobaharira ivyaha vyanyu. (Mat 6:9-15) Ayandi majambo abangabanganye nay o ari muri **Luka 11:2-4**.

1. Murabe neza yuko agace ko nyene k’isengesho ry’Umwami Yesu ashimangira akavugako ni agace ko muri iryo sengesho kavuga ku guharira.

2. Mumenye kandi yuko ukudaharira ari icaha.

3. Mumenye neza kandi yuko ubwa nyuma Kristo abigaragaza neza yuko Uguharira kw’Imana iduharira kuvana n’ukugene natwe twahariye abandi; Imana izoduharira ni yo natwe twaharira abatugiriye nabi, abandi; ariko n’Imana nayo ntizoduharira ni tutaharira abandi. Nkuko D. A. Carson abivuga: “Abantu ubwabo barikura mu giharuro c’abakwiye guharirwa igihe bakomantaje imitima bakagira umururazi gushika yaho bashika ahantu badashobora guharira abandi, kandi bashitse ngaho baba bafatanije na bo muri ivyo vyaha vyabo, ntibashobora kwihana.” (Carson 2002: 79)²

B. Umugani muremure kurusha iyindi yose Yesu yaciye muri Matayo³ werekeye ngombwa yo guharira abandi: ²¹Maze Petero aza kuri we, aramubwira, ati “Mushingantahe, incuti yanje ni yangirira nabi, nzomuharira ngeze kangahe? Ngeze indwi?” ²² Yesu aramubwira, ati “Jeho sindakubwira yuko ugeze indwi, ariko ugeze indwi-indwi gushitsa ibihetangabo murongirindwi. ²³ Ni co gituma ubwami bwo mw’ijuru busa n’umwami yagomvye gusuzuma ivyo yabikije abantu biwe. ²⁴ Atanguye guharura, bamuzanira uwamuririye umwenda w’italanto ibihumbi cumi. ²⁵ Ariko kuko atari afise ico yishura, shebuja agera ko bamugura, n’umugore, n’abana, n’vyo afise vyose ng’umwenda wishurwe. ²⁶ Wamuntu yikubita hasi, amwitembagaza imbere, ati Mwami, nyihanganira, nzokwishura vyose.’ ²⁷ Shebuja w’uwo muntu amugirira akagongwe, aramurekura, amuhebera wa mwenda amufitiye. ²⁸ Uno muntu asohotse, abona mugenzi we yamuririye umwenda w’idenariyo ijana; aramufata, amugwa mu gahogo, ati Nyishura ivyo umperaniye.’ ²⁹ Uyo mugenzi we yikubita hasi, aramutakambira, ati, Nyihanganira nzokwishura vyose.’ ³⁰ wa wundi aranka, aragenda, amushirisha mw’ibohero, gushitsa aho azomwishurira ivyo amufitiye. ³¹ Bagenzi biwe babonye ibibaye, barababara cane, baragenda babwira shebuja ibibaye vyose. ³² Buno shebuja aramuhamagaza, aramubwira, ati Wa muntu mubi we, naguhebeye wa mwenda wose aho wantakambira. ³³ None na we ntiwarukwiye kugirira imbabazi mugenzawe, nk’uko nanje nazikugiriye?’ ³⁴ Shebuja araraka, amuhereza abasoda, gushitsa aho azokwishurira ivyo amufitiye vyose. ³⁵ Na Data wo mw’ijuru ni ko azobagirira, nimutaharirana, umuntu wese ngw’aharire mugenzi we bivuye mu mutima.” (Mat 18:21-35)

C. Umugani muremure uruta iyindi yose Yesu yaciye muri Luka (mbere ni muri Bibiliya yose) werekeye guharira no gusubiza mu buryo ivyari vyononekaye: ¹¹Kandi arababwira ati, “Habaye umuntu yari afise abahungu babiri. ¹² Umuhereze abwira se, ati, ‘Data mpa umugabane w’ibintu notwaye.’ Abagaburira itunga ryiwe. ¹³ Imisi mike ishize, umuhereze akoranya ibintu vyawe vyose aragenda, aja mu kindi gihugu ca kure, ashitse yayisha ibintu vyawe ubuhumbu. ¹⁴ Abimaze vyose, ikigoyi gikomeye gitera muri ico gihugu, atangura gufutana. ¹⁵ Aragenda, ashumba ku muntu wo muri ico gihugu, amurungika ku gasozi kiwe kuragira ingurube. ¹⁶ Yipfuzaga guhazwa n’ibishishwa ingurube zarya ntiha gira umunutsa. ¹⁷ yisubiyemwo, aribwira, ati Abacangero ba Data bangana kuriya, kandi bahazwa n’ivyo kurya, bakabisigaza, nanje jeha inzara iriko iranyicira han.! ¹⁸ mve hasi, nje kwa Data, mubwire, nti Data, nacumuye ku yo mw’ijuru no mu maso yawe; ¹⁹ Singikwiye kwitwa umwana wawe pfuma ungira umucangero wawe.’ ²⁰ Ava hasi, aja kwa se. Se amubona akiri kure, amutera akagongwe, arirukanga, amurwa mw’izosi, aramugumbira. ²¹ Wa muhungu aramubwira, ati Data, nacumuye ku yo mw’ijuru, no mu maso yawe, singikwiye kwitwa umwana wawe.’ ²² Maze se abarira abashumba biwe ati, Ni muzane ningoga invune iruta izindi, muyimwambike. Mumwambike n’impeta ku rutoki, n’inkweto mu birenge; ²³ muzane ya shuri inuze, muyibage, turye tunezerwe; ²⁴ kuk’uyu mwana wanje yari yarapfuye, none arazutse; yari yarahavye, none arahabutse.’ Nuko batangura kunezerwa. ²⁵ Ariko umwana wiwe w’imfura yari mu

² Randy Alcorn abivuga gutya: “Nta wa tubabaza kurusha uko twibabaza iyo dushavuye. Hari umuntu yambariye ngo, ‘ishavu, umururazi ni nko kunywa ubumara, ishano, hanyuma ukarindira ko uwundi apfa.’” (Alcorn 2009: 425)

³ Umugani wa Yesu uvuga ku bashumba babiri (Mat 18:21-35) ugizwe n’amajambo 245 mu rurimi rw’Ikigiriki, harimwo n’ikibazo Petero yabajije c’ibihetangabo bingaha dutegerezwa guharira abatugiriye nabi, ako na ko kakaba kari akaryo k’uwo mugani, n’amajambo y’inyitangizo y’umugani wa Yesu, “Yesu aramwishura ati” Umugani wa kabiri muremure, abakozi bo mu ruzabibu (Mat 20:1-16), ugizwe n’amajambo 241 mu rurimi rw’Ikigiriki (harimwo n’amajambo abiri tutazi neza ko yarimwo mu rurimi rwa mbere); kandi ayo majambo yose, n’ubwo biri uko, ni amajambo ya Yesu ubwiye. (Aland, et al.: 2001)

ndimiro; ariko araza agira ashike ku nzu, yumva inanga n'imihimirizo. ²⁶Ahamagara umwe mu bashumba, amubaza ibibaye ivyo ari vyo. ²⁷Aramwishura, ati Murumunawe yaje, so yamubagiye ya shuri inuze kuko amubonye agikomeye. ²⁸Araraka, yanka kwinjira: se arasohoka, aramwinginga. ²⁹Maze abwira se ati Raba iyi myaka ingana itrya ngukorera ntaho nigeze kwanka ico wangezeke, nanje ntaho wigeze kumpa n'agasuguru, ngo nezeranwe n'abagenzi; ³⁰maze uyo mwana wawe, aje, yakomvye ivyawe abisambanisha, umubagira ishuri inuze. ³¹Na we aramubwira ati Mwana wanje tubana imisi yose, kandi ivyanje vyose ni ivyawe: ³² arikw akanyamuneza no guhimbarwa biratubereye: kuko murumuna we uyu, yari yarapfuye, none arazutse, yari yarahavye, none arahabutse." (Luka 15:11-32)

D. Yesu afatanyaga guharira kwacu n'urukundo rwacu: ³⁶ Maz'umwe mu Bafarisayo aramuhamagara ngw amuzimane. yinjira mu nzu y'uwo Mufarisayo, aricara ngw arye. ³⁷Umugore wo muri ico gisagara, yar'umunyavyaha, amenye yukw arira mu nzu y'uwo Mufarisayo, azana ikebano ry'amavuta atamirana, ³⁸ ahagarara inyuma yiwe hafi y'ibirenge vyawe, ararira, atangura kumutonyangiriza amosozi ku birenge, abihanaguza umushatsi, arabisomagura, abisiga ya mavuta. ³⁹Wa Mufarisayo yamuhamagaye abibonye, aribwira, at'Uyu muntu iyaba umuvugishwa n'Imana, yari kumeya uyu mugore amukozeko, ukw ari kand'ukwasa ko ari umunyavyaha." ⁴⁰Yesu aramubwoira ati Simoni, mfise ico ngomba kukubwira.. "Aramwishura, ati Mbarira, Mwigisha." ⁴¹"Aramubwira, ati Habaye umuntu yagurana, yari afise abari mu mwenda wiwe babiri: umwe yari amufitiye idenariyo amajana atanu, uwundi mirongo itanu. ⁴² Maze badafise ico kumwishura, azibahebera bomp. Mbega uzorushiriza kumukunda ni nde?" ⁴³ Simoni aramwishura, ati Ngira ngo ni uwo yahebeye nyinshi. Na we aramubwira ati Uyuze ukuri" ⁴⁴ Ahindukiriye wa mugore, abwira Simoni, "at'Urabona uyu mugore? Ninjiye mu nzu yawe ntiwampa amazi yo kwoga ibirenge: arik'uyu antonyangirije amosozi ku birenge, abihanaguza umushatsi wiwe. ⁴⁵ tiwansomye; ariko uyu uhereye aho ninjiye ntiyasizeho kunsomagura ibirenge. ⁴⁶ Ntiwansutse amavuta ku mutw.; ariko uyu ansize amavuta atamirana ku birenge. ⁴⁷ Iki ni co gitumye nkubwira yukw ahariwe vya vyaha vyawe vyinshi; kuko yagize urukundo rwinyinshi: ariko uhariwe bike agira urukundo ruke." ⁴⁸ Abwira wa mugore, ati, "Uhariwe ivyaha vyawe." ⁴⁹ Maz'abasangira na we batangura kwibaza, "bat'Uyu ni nde, kw ahariwa n'ivyaha?" ⁵⁰ Abwira wa mugore, at'Ukwizera kwawe kuragukijije, genda amahoro." (Luka 7:36-50)

E. Yesu afatanyaga guharira kwacu abandi n'ubuzima bwacu bw'amasengesho kandi n'uguharirwa kwacu n'Imana: ²³ "Ndababwire ukuri yuk'umuntu wese yobwira uyu musozi, ati Shinguka utabwe mu kiyaga: ntabikekeranye mu mutima, arikw akizera yuko ico avuze gikorwa, azokibona. ²⁴ Ni co gitumye mbabwira yuko ivyo musenga canke musaba vyose, mwizere yuko mubihawe, kandi muzobibona. ²⁵ Kandi ni mwahagarara musenga, ni mwaba hari ico mupfa n'uwundi, mukimuharire, ngo So wo mw'ijuru na we abaharire ivyaha vyanyu: ²⁶ Ariko ni mutaharira abandi, na So wo mw ijuru ntazobaharira ivyaha vyanyu." (Mrk 11:23-26)

1. Mumenye neza ko Yesu yavuze ibi ahejeje kwinjira I Yerusalemu ari ku nyana y'indogoba, gatoya imbere yuko abambwa. Naho ibintu vyose Yesu yavuze bifise akamaro, ivyo yavuze yegereje urupfu rwiwe rwo rwo ni kandanda, bifise akamaro karushirije.
2. Mwitegereze neza kandi ko muri ibi yavuze, Yesu yasubiyemwo amajambo yari yavuze igihe yashimangira akamaro ko guharira muri rya sengesho Yesu yigisha abigishwa biwe. Ivyo Yesu yavuga yabisubiramwo kugira ngo yerekane akamaro kavyo.

III. Intumwa ziduhamagarira guharira abandi, mu vyiyumviro, mu ngiro hamwe no kuba Uburorero.

A. Paulo adutegeka guharira: Mugiriranire neza, mugiriranire imbabazi, muharirane, nk'ukw Imana nay o yabahariye muri Kristo. (Ef 4:32; raba kandi 2 Kor 2:7; Kol 3:13).

Carson avuga kuri aya majambo ibi bikurikira: "Iciumviro si uko twahariwe gusa, ko kubera ivyo na twe dutegerezwa guharira, ariko ko Imana ubwayo, muri Kristo, yaduhariye kandi ko kubw ivyo umwenda wacu ntiwoharurika. Nta makuru ivyaha twoba twarakorewe ingene bingana, nta co bias bisana n'ivyaha twakoze mu nyonga z'Imana. Arikw Imana muri Kristo yaraduhariye. Ni mba tuzi akamaro canke ukubohoka tugira iyo duhariwe, hamwe twomenya n'agace na gatoya k'umwenda dufitiye Imana, uguharira abandi kwacu ntikwosaba vyinshi, vyotworohera guharira abandi." (Carson 2002: 80-81)

B. Paulo yaragaragaje uguharira: ¹⁰ Ariko uwo muri buharire wese, nanje ndamuharira; kuko nan je ico mpariye, namba hari ico mparira, ngihariye kubwanyu, mu nyonga za Kristo, ¹¹ kugira ngo Satani ntaronke ic' adutsindisha, kuko tutayobewe imigabo yiwe. (2 Kor 2:10-11)

1. Mwihweze neza ko Paulo yahariye abandi kubw impuhwe z'ishengero ("kubwanyu"). Ikibirengeye, yari azi neza koi co yariko arakora akanya kose (ni ukuvuga, nimba yaraharira canke ntaharire)

vyakorerwa “mu nyonga za Kristo canke imbere ya Kristo.”

2. Mwongere mubone neza ko ukudaharira biha akaryo canke uruhusha Satani “kuyurirako.”

3. Ivyari ukuri kuri Paulo ni kwo kuri no kuri twebwe, cane cane bamwe muri twebwe nka (Paulo) turi abarongozi mw’ishengero:

a. *Ko duharira canke ntiduharire birazanira ingaruka nziza canke mbi ishengero.*

b. *Nubwo tudashobora kumubona canke kumukorakora, ico dukora cose (harimwo guharira canke kudaharira ibibi twagiriwe n’abandi) bikorerwa mu nyonga za Kristo, canke imbere ya Krsito—kandi tuzocirwa urubanza na Kristo nimba tudaharira.*

c. *Ukudaharira kwacu guha akaryo Satani n’uburenganzira bwo gukorera muri twebwe, no kuturwanya, bwo gukorera mw’ishengero hamwe n’ubwo kurirwanya.* Ukudaharira kwacu kuzotuma abandi bakwirikira Uburorero kacu kabi hanyuma nabo babe abadaharira—Ishengero uzosanga riciye ryicamwo ibice, rivurungane, rishavure, ribemwo umururazi, aho na ho ni Satani azokwunguka we nyene. Ku rundi ruhande, iyo dufise impwemu yo guharira, abanywanyi b’ishengero bazogerageza kutwigirako no gukwirikiza Uburorero kacu. Iyo duhariye, tuzashobora kwigisha no kuvuga ubutumwa ku bice vyose vya Bibiliya twavuze ngaho hejuru mu bubasha bwa Mpwemu, tutarinze kuba abanyagahwayi, indyadya. Muru ubwo buryo, Satani ntazoronka akabero n’akaryo ko gukorera muri twebwe canke mw’ishengero.

C. Stefano, umuntuwa mbere yabaye umumaratiri w’ishengero, yaduhaye Uburorero keza cane (gasumbwa n’aka Kristo wenyene), mu guharira abamwica, mbere n’igihe yariko aracikana: ⁵⁹ *Maze bakiriko baratera Stefano amabuye, arambaza, aravuga, ati, “Mwami Yesu akira ubungo bwanje!”* ⁶⁰ *Araheza arapfukama, asemerera n’ijwi rirenga, ati Mwami, ntubaharurekw iki caha. Amaze kuvuga aryo, aca aracikana. (Ivyak 7:59-60)*

Gutahura no Gushira mu ngiro guharira mu Bugingo Bwacu

I. Ico atari co guharira⁴

A. Uguharira SI “kwita ikibi iciza,” si ukwiringagiza ububabare, si ukurenzako uruho rw’amazi ikibi, si ugusigiririza ikibi, si ukuvuga ngo “ico wakoze nta co,” canke ngo “nta co bitwaye,” canke ngo “kubona ibisanzwe” kosa canke uwakoze iryo kosa.

1. Guharira ni ukwemeza no kumenya yuko ico uwo wundi muntu yatugiriye Ari kibi. Mbere, ico uwo wundi muntu yatugiriye ari kibi cane kugeza yaho Yesu Kristo yemeye kukibabarizwa, no kucicirwa (nk’uko yiciwe, akanababarizwa ivyaha vyacu bwite).

2. Kuvuga yuko ikibi ari iciza canke uburenganzira, canke ko “atari ikintu gihambaye,” canke ko “ataco bivuze, bitwaye” ni uguheba ukuri—ivyo bica bidutandukanya n’Imana hamwe na Kristo, kubera yuko: Imana ni ukuri (kuv 34:6; Zab 25:5, 10; 33:4; 40:10-11; 43:3; 57:10; 86:15; 89:14; 117:2; 119:142, 151; 138:2; Yes 65:16); Kristo ni ukuri (Mat 22:16; Mrk 12:14; Yoh 1:14, 17; 3:21; 8:45-46; 14:6; 18:37; Ef 4:21); kandi natwe twitegwako ko tuba abanyakuri muri twebwe, imbere y’Imana, n’imbere y’abantu (Zab 51:6; 86:11; 145:18; Imig 3:3; 16:6; 23:23; Yoh 4:23-24; Ef 4:25).

3. Uguharira si ukwo mu bishobosho gusa canke si ivyo kwiringagiza gusa. Igihe duhariye umuntu ntibisigura ko twiringagije ikibi yatugiriye, canke ngo tumwemerere kuba yosubira kutugirira nabi, canke ko twashobora kwongera ko yisubiririza mu kutugirira nabi. Guharira bisaba ijisho riraba neza ryo kumenya hagati canke gutandukanya hagati y’ikibi n’iciza, no kwita ibintu uko biri canke kuvuga ibintu uko biri—kubera yuko ushobora guharira “ikibi,” mbere, ikibi gikomeye, kibabaza, gishobora kukugirira nabi, kukubabaza.

B. Guharira SI ukuba umunyantegenke—Guharira ntibisigura yuko utakaza “agateka” kawe canke “ubuntu” bwawe.

1. Guharira umuntu ikibi yakugiriyeni kimwe mu bintu bigoye cane uzosanga ukwiye gukora mu bugingo bwawe. Uko ico kibi kirushiriza kuba kinini, kibi kibishe, ni ko no kugiharira bigora kurushiriza, bigora guharira uwagikoze kurushiriza.

2. Bisaba inkomezi—inkomezi z’umubiri, z’ubwenge, z’ubugombe, z’ukugene umuntu yubatse—kugira ngo umuntu ashobore guharira umuntu yamukoreye ikibi, yakubabaje bihagije, cane. Yamara, Yesu

⁴Iki gice ahanini cafatiye cane kuri Jeffress 2000: chs. 3 and 7; Smedes 1984: ch. 5; Smedes 1996: chs. 2-3; Enright 2001: ch. 2; na Klassen n.d.: “Definitions.”

yaduhaye Mpwemu Yera; turafise ubushobozi bwiwe budushoboza guharira, nkuko na Yesu ubwiwe yashoboye kuduharira (hamwe n’abandi) akaduharira ivyaha vyacu, mbere akaduharira n’uko twamubamvye, twamwishe. Igihe tugendeye mu kwumvira Imana, mu kuri kw’Ijambo ryayo, kandi no mu bubasha bwa Mpwemu wayo, izoduha ukwizera n’ububasha bwo gukora ibigoye, kuko ari ibigororotse bibereye gukorwa—guharira abatugiriye nabi, batubabaje cane (**Rom 4:19-22; 14:4; 1 Kor 10:13; Ef 3:20-21; 6:10-16; Heb 2:18; 7:25; Yud 24**).

3. Umuntu arashobora kwibaza yuko guharira gushira uruhara runini ku wagiriwe nabi, kuruta ku wagize nabi. Yamara, nkuko Jeffress abivuga: “Imana ntidukurako ibikorwa kubera atari vyiza, canke kubera bigoye gusa. Nk’Uburorero, iyumvire kuri aya majambo rurangiranwa ya Yesu yavugiye ku Musozi:

Mwarumvise ko vyavuzwe, ngw ijisho rihorwe irindi, n’iryinyo rihorwe irindi; ariko jeha ndababwire: Ntimurwanye umunyakibi: Ugukubise urushi mu musaya w’i buryo, umuhindukirize n’uwundi. Umuntu ni yagomba kukuburanya ngw akunyage ipfundo, umuhebere n’umutamana, ugufata ngo umurenze umusozi umwe, umurenze n’uwa kabiri. [**Mat 5:38-41**]

Raba neza ngaha muri ibi vyose kimwe mu gihe caco Yesu yavuze ngaha, ntashira uruhara ku wagize nabi ariko arushira ku wagiriwe nabi. Uwagiriwe nabi ni we ahindukiza uwundi musaya, ni we atimana n’ishati yiwe iyo atwawe umutamana, kandi ni we amurenza n’umusozi ugira kabiri.” (Jeffress 2000: 45; raba kandi Sande 2004: 148-49; na Worthington 2003: 68, “ntiduharira kubera vyoroshe, yamara duharira kubera bibereye, bigororotse kandi ko ari inyishu y’urukundo rw’Imana, kandi n’uko na twe twahariwe.”)

4. Nimba wibaza ko guharira umuntu yakugiriye nabi bituma utakaza “agateka canke agaciro” vyawe canke “ubuntu,” iyumvire kuri ibi: Ivyo ni vyo wiyumvira kuri Kristo? Mbega yoba hari ico yagabanije ku “cubahiro” canke “yacye aba umuntu asanzwe, aciriye hagufi” kubera yuko yaguhariye?

C. Guharira SI ukwibagira.

1. “Kwibagira ni ikintu gipfa gushika aho ikintu kiva mu bwenge, mu bwonko, bivanye n’igihe kihaciye, giheze. Guharira ni ikintu umuntu yiyumvira; harimwo ukubanza gushira ku munzane, ukubanza ukiyumvira ukabica hirya no hino” (Sande 2004: 206).

2. Ntushobora guharira ivyo wibagiye. Yamara, igihe duhariye, *turashobora* kwibagira kubera tuba twakize.

3. Hariho ibice vyinshi bivuga ko Imana “yibagira” ivyaha vyacu (raba **Zab 103:12; Yer 31:34; Mik 7:19).**

a. Iyo mirongo, co kimwe n’aho Bibiliya ivuga ku “maso” y’Imana (**2 Ngo 16:9**), “amatwi” yayo (**1 Pet 3:12**), “amaboko” yayo (**Kuv 24:11**), n’ “ibirenge” vyayo (**2 Sam 22:10**) ni imvugo ngereranyo “ifatiye ku vyo umuntu ashobora kubona ku bantu,” ni ukuvuga, kugerageza gusobanura no gusigura Imana itagira iherezo n’intangoye ugisigurira umuntu afise intango n’iherezo ukoresheje ibiboneka ku bantu. Ntivyumvikana ko dushobora kwizera ko Imana izi vyose ishobora kwiha ibintu vyoyibagiza igihe iduhariye, hanyuma igaca yibagira ico abantu yaremye bakoze.

b. Ahubwo, Bibiliya irabifobora yuko ibikorwa vyacu vyose, n’ibibituma vyose, biba vyiza canke bibi, vyose bizocirwa urubanza n’Imana kugira ngo umuntu wese ahabwe impera y’ibihe bidashira ihwanye n’ivyo yakoze (**Mat 16:27; Luka 8:17; 12:2-3; Rom 2:1-16; 14:10-12; 1 Kor 3:12-15; 2 Kor 5:10; Ivyah 20:11-15; 22:12**). Ivyo vyerekana yuko Imana iguma yibuka ivyo twakoze kugira ngo ishobore guca urubanza mu kuri.

4. “Imirongo muri Bibiliya ivuga ko Mana yibagira ivyaha ni imirongo igerageza kwerekana ko urubanza rw’Imana rwuzuye, rukwiye, urwo yahariye ivyaha vyacu. Igihe twakiriye uguharira kw’Imana, ntituba tugikwiye gutinya ingaruka z’ibihe bidashira z’ivyaha vyacu” (Jeffress 2000: 129). Ukwo kuri tukubonera neza mu **Rom 4:7-8** (hasubiramwo **Zab 32:1-2**): ⁷Hahirwa abahariwe ibigabitanyo vyabo, kandi ivyaha vyabo bigatwikirwa. ⁸Hahirwa umuntu Uhoro atazoharurakw icaha.

Jeffress asigura ati: “Ivyaha vyacu biremeza umwenda duheraniye Imana. Dufitiye Imana umwenda w’ibigabitanyo twakoze. Yamara urupfu rwa Kristo rwararishe umwenda w’icaha cacu muri kwa gukabukanya Paulo asigura mu b’i Kolosayi 2:13-14: ... imaze kuduharira ibicumuro vyacu vyose, ihanaguye n’icete kitwagiriza, kirimw amabwirizwa caduhama, igikura hagati yacu nayo, ikibamba ku musaraba. Igihe uhindutse Umukristo, Imana ica ifata ideni, umwenda uyiharaniye, ikawubamba ku musaraba, igaca itangaza iti ‘iryoye deni canke uwo mwenda urishuwe, urarishwe wose.’ Yamara

birashoboka *guhara* umwenda *utawibagiye*.” (Jeffress 2000: 130)

5. Tubivuze mu yandi majambo, kuvuga ko Imana “yibagira” ibigabitanyo vyacu ni ukuvuga yuko imana itwiyumvirako nk’uko yotwiyumviriyeko igihe yoba yibagiye ivyo twakoze. Yamara, “igihe imana ivuze yuko ‘itazokwongera kwibuka ivyaha vyanyu na gato’ (Yes 43:25), ntiba iriko iravuga ko *idashobora* kwibuka ivyaha vyacu. Ahubwo, iba iriko irasezerana ko *itazosubira* kuvyibuka canke kubiduharurako. Igihe iduhariye, ihitamwo kutabivuga, kutongera kubiduharurako, canke gusubira kwiyumvira ku vyaha vyacu ukundi.” (Sande 2004: 206)

D. *Guharira umwenda SI ukuwubabarira.*

1. Ukubabarira ni ikinyurane no guharira. Tubabarira abantu igihe dutahuye ko ivyo bakoze batabigize *ibigirankana*, canke kubera ikintu kibi candurutse mu kintu bakoze bibaza ko kizovyara iciza, *duharira* abantu igihe dutahuye ko *bari* bakwiye guhambarirwa ku vyo bakoze—ikintu cari kibi, ikosa kandi kitari gikwiye kubabarirwa—harimwo n’ivyo bikorwa bibi bakoze bipfuzwa kutugirira nabi.

2. “Guharira kuvuga ngo, ‘twese turazi ko ivyo wakoze ari bibi kandi ko wabigize ibigirankana. Yamara kubera Imana yambabariye, yampariye, nanje ndaguhariye.’ Kubera yuko *guhara* *guhanga* vy’ukuri n’icaha, kuzana ukwidegemvya kurengeye ukwo kwitakambira canke ukwisabira imbabazi kwozanye, kwoshitseko.” (Sande 2004: 206-07)

E. *Guharira SI co kimwe no “kwemera abantu.”*

1. Twemera abantu kubera ivyiza bakora, canke kubera ubugwaneza bwabo; duharira abantu ibintu bibi batugiriye.

2. Kugira ngo habe guharira hategerezwa kuba habayeko ikintu kibi, ikosa kanaka. Ntidushobora “guhara” imico mibi y’umuntu, canke “kamere kiwe” nk’uko dushobora guharira ubwoko wiwe, *igitsina* ciwe, canke ko bakoresha ukuboko kw’ukubamfu. Ni co kimwe, “ntiduharira” iviyumviro bitandukanye. “Duharira” gusa ikibi, ibikorwa bibi vyadukomerekeje, vyatubabaje.

F. *Guharira SI “ukwirengagiza ubutungane” kandi “Ntigukuraho” ivyaha abantu bakoze, skandi Ntibikuraho ingaruka zose z’ibibi vyakozwe.*

1. Guharira ni kwiza ku migenderanire y’imbere mu mutima no ku gutorera umuti ububabare canke ingorane canke igikomere kiri imbere mu mutima catewe nuko wagiriye nabi—Uguhara iyo gukoreshejwe neza mu buryo buboneka, ni ikintu dukorera mu mitima yacu bwite, mu bwenge no mu mushaha. Bikorwa mu kwumvira Kristo kandi ahakuru bituma haba *ugukira kwacu ku giti cacu*. *Ubutungane* mu kibano ni uruhara rwa Reta, n’abacamanza, hamwe n’inyamira mabi, kandi ivyo vyose biriho kugira ngo barenganure abarenganijwe mu kibano, abagiriye nabi mu kibano. Guharira kwacu duharira abatugiriye nabi ntibisigura ko baba “bera” kandi ko ubutungane budashobora kubakwirikirana, ntibikuraho ingaruka canke ibihano ubucamanza cankwa sentare ishobora gushiraho mu guhana uwacumuye, uwagize nabi naho twebwe ubwacu tuba twamuhariye, kuko icaha cakozwe kiba cakorewe n’igihugu, canke ikibano muri rusangi.

2. Guharira icaha wakorewe; ntushobora guharira icaha cakorewe uwundi muntu, canke cakorewe igihugu, canke cakorewe abantu muri rusangi—ukwo kwoba ari ukwihana ivyo abandi bakoze. Iyo umuntu ababaje umwana wanje, ivyo nanje bishobora kumbabaza, kuko nkunda umwana wanje. Ndashobora guharira ishavu nagiriye uwo mugizi wa nabi, umururazi namugiriye, n’ibindi vyose vyambabaje, nk’ingaruka y’ivyo yagiriye umwana wanje, yamara sinshobora guharira uwo mugizi wa nabi *mu kibanza c’umwana wanje* kubera ivyaha canke ikibi cakorewe *umwana wanje*. Umwana wanje ni we azotegerezwa guhangana n’uguharira uwo yamugiriye nabi, kubera icaha yamukoreye.

3. Ugutahura ingaruka z’icaha vyategerezwa kudufasha gutahura igituma turi abanyavyaha babi kuruta uko twvyiyumvira—icaha kimwe kirashobora kugira ingaruka mbi ku bantu benshi kurusha uko twovyiyumvira. Ni co gituma dukeneye *Kristo* kugira ngo *aduharira*—kuko yikoreye ivyaha vyacu vyose. Igihe dutahuye ububi bw’ivyaha vyacu bwite, tukamenya n’urugero Kristo yaduhariyeko, na twe twategerezwa kuba abiteguye guharira abatugiriye nabi

4. Ubutungane bwa nyuma, canke ukudaca urwa ngondagonde kwa nyuma kuzobaho ku musi w’urubanza rw’Imana; kandi ivyo ntibiva kuri twebwe, ntibituraba, ntibitwega. Uguhara kwacu duharira abatugiriye nabi ntigukuraho ukwiyagiriza kwa nyene gukora icaha imbere y’Imana, kandi ntibituma urubanza azocirwa ku musi w’urubanza rw’Imana rugabanuka

5. Guharira ntibigabanura ubukana bw’ibikorwa bibi vyakozwe.

a. “Nta guharira nyakuri kubaho kiretse habanje kubaho kugaragaza ikibi cakozwe kandi no guca urubanza rubereye, rw’ukuri” (Smedes 1984:79). Umuntu wese ni we yiyumva ingene

ababara, ni we yumva uburemere bw'ububabare bwiwe, kandi uburemere bw'ububabare bwiwe ntibuca buba bunini kuko uwo muntu yababajwe abantu cumi, ijana, ibihumbi canke amamiliyoni y'abantu—Uwo ari we wese yababajwe ni we yiyumva aho ububabare bwiwe bugarukira naho hoba hariho abandi bantu benshi bababajwe.

b. *Kuvuga yuko abantu bamwe ari “ibisigo, ibikoko” kandi ko barengeye uguharirwa bica bibaha gushikira ivyo bipfuzwa, bibashira hejuru y'abandi bantu, bagaca biyita ibihangange, abari hejuru y'amategeko, nka Satani.* Igitangaje, ivyo bibakurako mbere ukwumva ko bakwiye giharirwa, canke bikabakurako ukwumva ko babifisemwo uruhara, kuko biyumvira ko barengeye abandi bantu. Ivyo na vyo bivuyaga agakekeze ko kuvuga yuko abagiriwe nabi bategerezwa kubana n'izo ngorane batewe, n'ubwo bubabare kuko badashobora kuvura ubwo buribwe canke ububabare naho boba bahariye. Kubona “ibisigo” (abicyanyi b'ubugesera, abanyapolitike bakoze ibibi binuka muri kahise, n'abandi.) nk'uko basa “n'abatandukanye” na twebwe dusigaye, “abadusumba”, biratugabanura, bikaducisha bugufi kandi binyuranye n'ukuri. Ukuri ni uko “abantu basanzwe bakora ibibi bidasanzwe” (Smedes 1984: 81).

c. *Umwanditsi w'Umurusiya Aleksandr Solzhenitsyn avugaga ati: “Eshe iyo bikoroha nk'uko tuvuyumvira! Eshe iyo haba hari abantu kanaka b'inkozi z'ikibi, vyobaye vyiza ko twitandukanya na bo hanyuma tukabahonye. Yamara rero umurongo utandukanya ikibi n'iciza uca mu mutima wa buri wese. None ni nde yiteguye kurandura igice c'umutima wiwe bwite?”* (Solzhenitsyn 1985: 75)

6. Igihe uhariye umuntu yakugiriye nabi akakubabaza, ntuba uriko urakuraho ingaruka z'ico kibi yagukoreye.

a. *“Ingaruka zisanze z'ibikorwa zatunganiye neza n'Imana kugira ngo ivyo bidushikane ku bo dukwiye kuba. Kwiyobagiza ivyirwa vyavyo birashoboka ko twoba turiko turagirira nabi abudukijije”* (Willard 1997:262). Nk'Uburorero, igihe Dawidi yakora icaha c'ubusambanyi na Barusheba, hanyuma akicisha inkota Uriya, Umuheti, naho Imana yamuhariye icaha yakoze, yaravuze ko: *“none rero inkota nta ho he izova mu rugo rwawe, kuko wankengereye . . . nzokuyurira ivyago vyanduruka mu rugo rwawe, nzokunyaga abagore bawe ubona, mbahe umubanyi wawe, aryamane na bo ku murango. Wewe wabikoreye mu mpisho, ariko jehu nzobikora icese imbere y'Abisirayeli, ku murango nyene. . . . [ariko] kuko wahaye abansi b'Uhoraho urwitwazo rukomeye rwo kumurogotako, kubw'ico wakoze, wa mwana wavyara nta kabuza azopfa.”* (2 Sam 12:7-14)

b. *“Uwakoze ikibi 'ntaba avuye mu mutego' igihe tumubabariye; ahubwo duca dusanga ari 'twebwe tuvuye mu kamashu' igihe duhariye”* (Klassen n.d.: n.p.). Arongerera akavugaga ati, “igihe mpariye mba mbohoze imbohe hanyuma ngaca nsanga ko iyo mbohe yari jewe nyene” (Ibid.).

7. Muri ubwo buryo nyene, igihe uhariye umuntu yakugiriye nabi akakubabaza, ntuba ukuyeho ingaruka z'ico kibi ku giti cawe. Nk'Uburorero, “ndashobora guharira uwampumishije canke uwamenye amaso, yamara ukwo kumuharira ntigutuma nca nsubira kubona” (Klassen n.d.: n.p.). Yamara, ni ngombwa kumenya yuko “naho uguharira kudakuraho ububabare, ukwo guharira kudushoboza kwihanganira no kwiremeka ubwo bubabare” (Ibid, hariho ako niyongereyeko). Ikindi, Imana ikoresha uguharira kwacu (ari na kwo kuyumvira kwacu) ngo iduhindure—idusanishe na Kristo, kugira ngo itwiyegereze, kandi kugira ngo itwigishe, iduhe ubwenge, iduhe kugira impuhwe no guca bugufi. Biciye muri iyo nzira (kandi irashobora kuba ndende—mbere ikanaba inzira izonahera dupfuye), uko tubandanya kumenya intumbero yayo muri ubwo bubabare, kandi tukabona ingene Imana ikorera mu bugingo bwacu biciye mu kubabara kwacu no mu guharira kwacu, Imana izohindura ubwo bubabare hanyuma ibukureho.

G. Guharira ntibisigura yuko utegerezwa kwizigira uwakugiriye nabi, canke ngo mubandanye muri abagenzi, canke ngo mubandanye imigenderanire yanyu.

1. Guharira kuratangwa; ukwizigira kuvana n'inyifato y'umuntu. Ubucuti busaba ukwizigirana no kwubahana. Ukwubahwa, hamwe no kwizigirwa, ni ibintu umuntu aronka, ahabwa.

2. Bisaba umuntu umwe guharira; bisaba abantu benshi kurekuranira, kwuzura no gusubiza hamwe. Uguharira ni ikintu “kiba imbere mu muntu agikoze” (Smedes 1996: 25). Smedes yongerako ati, “dukora ikintu co guharira turi twenyene imbere mu mitima yacu no mu bwenge bwacu; ibiba ku bo duhariye biva kuri bo” (Ibid.: 177). Si co kimwe no gusubiza hamwe canke kurekuranira, n'ubwo ari igice co kurekuranira—guharira kuza imbere yo kurekuranira:

a. *Guharira ni inyishu y'umuntu ku karenganyo yakorewe;*

b. *Ugusubiza hamwe canke kurekurunira ni abantu babira baja hamwe bakongera gusubiza hamwe, aho bari bacanyemwo, ukwizigirana kugahera (ni ugukuraho intambanyi z’ubugenzi, z’ubucuti).*

3. *Ni ivyo ukuri ko dukwiye “gukunda abansi bacu, tugasengera abaduhama” (Mat 5:44); “Mukunde abansi banyu, mugirire neza ababanka” (Luka 6:27); kandi “Mukunde abansi banyu, mubagirire neza” (Luka 6:35).* Yesu yavuze yuko icagezwe, ibwirizwa, “Mukunde bagenzi banyu nk’uko mwikunda,” hamwe no gukundisha Uhoraho Imana n’umutima wawe wose, n’ubwenge bwawe bwose, n’inkomezi zawe zose “kuri ayo mabwirizwa yompi ivyagezwe vyose n’amajambo y’abavugishwa n’Imana ni yo vyenenako” (Mat 22:37-40).⁵

a. *Murabe neza Yesu ntiyavuze ko dukwiye “gukunda ata gahemo” abansi bacu.* Irazi yuko abansi bacu babaho kandi bazoduhama. Yamara n’ubwo biri uko, dutegerezwa “kubakunda”. Yongeyeko mbere yuko, “ni mwakunda abadukunda [bonyene], none muzohabwa impera ki? Mbega abatozakori bo si uko babigenza?” (Mat 5:46).

b. *Indangurakintu n’umutima w’urwo rukundo ni ibi:* “Gukunda mugenzawe, gukunda abansi bawe . . . ntibitegerezwa gufatwa yuko bisigura gukora ivyo abo bansi bashaka, ariko ni uguhitamwo kubagirira neza, kubereka ikiganza ciza, n’ubushake. . . .Umuntu ategerezwa kubona ukuba nkenerwa kw’uguhinduka kw’abantu biciye mu buntu bwa kristo, no gukora ibishoboka vyose kugira ngo bashike ku kumenya Uhoraho Imana. Ibi bishobora kugaragarira mu gukorera ubusa, rimwe na rimwe gutozwa indero, guhanwa, kandi ivyo ni ivyamuka mu rukundo. . . . Dufatiye ku Rukundo rw’Imana [ari na rwo dutegerezwa kugaragaza], ni yo nzira y’Imana icira umuntu. Bisaba ko Imana ikora ivyo ibona ko ari vyiza ku muntu si ngombwa ko biba ivyo umuntu yipfuzwa.” (Zodhiates 1993: *agapáō; agápē*)

c. *Ni co gituma, gukunda si ukwanka umugizi wa nabi nubwo yoba yarakugiriye nabi, yarakubabaje, yamara ukora ibimugirira neza, kugira ngo umwereke ubugwaneza, n’ukugira neza, kumwitangira.* Mu gukunda harimwo uguharira. Muri ivyo, Imana irashobora guhindura ukwo wiyumva ku wakugiriye nabi, kandi mbere Imana igahindura, ikanakuraho ububabare wumva buvanye n’icaha wakorewe.

d. *Gukunda umwansi wawe canke mugenzawe ntibisigura yuko uca ubareka ngo bigirire ivyo bashaka, canke ngo uce ubizera kandi barerekanye ko atari abizigirwa, canke ko mutegerezwa kuguma mukorana kandi yarerekanye ko akora nabi, ko ari umusuma, canke ko mutegerezwa kugumana kandi aja yarerekanye ko ameze nabi, atukana, canke ko uravye na nabi yokugirira nabi na wewe ubwawe nyene.* Guhohoterako ugakora gurtyo vyotuma nyene kukugirira nabi abandanya. Gukora gurtyo ntiwoba uriko uragirira neza nyene gukora ivyo vyaha, kandi kubandaniriza mu caha ntibihimbara canke ngo bihe icubahiro Imana. Birashoboka ko mwokwongera mukunga imigenderanire yari yononekaye bivanye n’ibibi yakugiriye—yamara kugira bigende gurtyo bisaba ko *akigoro ka mwese babiri* kugira ngo musubize hamwe, mubabarirane, atari kumuharira gusa icaha, canke ikibi yakoze.

II. Ico ari co guharira

A. *Indangurakintu y’uguharira: uguharira ni ubundi buryo b’ubuntu—ni uguharira canke uguhebera umuntu umwenda, ideni.*

Uguharira ni:

1. Kwemeza ko hari ikintu kibi canke icaha cabaye, cakozwe;

2. Kumenya yuko ikibi canke icaha cakozwe bitegerezwa kwishurwa; kandi

3. Guhitamwo uvyishakiye kurekurira uwakugiriye nabi canke uwagukoreye ikibi, ukamuharira hanyuma ivyononekaye bikaja ku gatwe kawe, ukavyirihira. (Jeffress 2000:49; raba kandi Willard 1997:262, “Duharira umuntu ikibi yadukoreye igihe duhisemwo yuko tutazotuma bababazwa canke tutazokora mu buryo bw’uko bababazwa n’ivyo badukoreye.”). Ni co gituma, uguharira ni uburyo bw’ubuntu. Ubuntu ni ikintu uhitamwo ubanje kwiyumvira, co *guha ikintu ziza umuntu atari agikwiye canke akibereye na gato.* Ni nk’igihe Imana ihisemwo *kukubabarira.* Ntuzwe wigere wibagira ko wahariwe kubw’ubuntu bw’Imana *gusa;* Ntiwari ubibereye na gato.

⁵Kuvuga ku “Vyagezwe vyose n’ivyabavugishwa n’Imana vyose” aba avuze kuri *Bibiliya Yose* (Isezerano rya Kera)—mu yandi majambo Ijambo ry’Imana ryose ryahishuwe dutegerezwa gukurikiza, ritegerezwa kutubeshaho canke dutegerezwa kubana na ryo. Paulo na we yarongeyeko ati, “Bibiliya yose ipoperanirijwe mw’ijambo rimwe, muri ibi yavuze ati: ‘Mukunde bagenzi banyu nk’uko namwe mwikunda’” (Gal 5:14). Iryo jambo “Mukunde bagenzi banyu nk’uko namwe mwikunda” ryavuye muri **Lew 19:18.**

B. Guharira gusiguwe: guharira ni ikintu co mu bishika gikwegana n'ibintu vyose bitugize.

1. Umuntu wese aragoye kandi afise ibintu bitatu bikuru bimugize canke bigize akamere kiwe (twongeyeko umubiri wiwe ufadika). Ivyo bintu bitatu nyamukuru bimugize ni ivyo vy'ibi: (A) Ububasha bw'ubwenge (mu yandi majambo ni, uburyo bwo kwiyumvira, ububasha bwo kwiyumvira, bwo kumenya, no gutahura ibintu); (B) Ububashabw'ubushake canke ubugombe (mu yandi majambo, ububasha bwo guhitamwo, bwo gucagura hanyuma ukagira ico ukoze ku co wahisemwo, gukoresha ubugombe); hamwe no (C) Ububasha bwo mu vyo *ibishika* (mu yandi majambo ni, ibigize ibishika n'ibishobisho; uburyo bwo "kwiyumva"). Nimba umutima ugize uguharira ari uguharira umwenda, ukwo guharira gushobora "kugaragara" kandi kukanabandanya iyo kwinjije kugashika no mu bishobisho, mu bishika, mu bwenge no mu bugombe, ibintu vyose bitugize bikagira mwo uruhara muri ukwo guharira.⁶

2. Kudaharira kubaho igihe: (A) Ikigabitanyo cabaye canke kurenga ivyagezwe; (B) tukumva yuko ukurenga ico cagezwe, ico kigabitanyo kubabaza; (C) Ubwo bubabare butuma habaho ishavu ry'"ikibiriraho" (ako kanya nyene) n'ubwoba (bw'uko ivyo vyoshobora kwongera kugushikira, kukubako); (D) rimwe na rimwe hakagira igihe tuvuyumvirako, tukabigumako, tukabigarukana mu mitwe yacu twiyumvira ingene vyagenze, (mu yandi majambo tukavyuza,) tukiyumvira ku wakoze ikibi, icaha yakoze n'icatumye akora ico caha, iryo kosa, hamwe n'ingaruka z'ivyo yadukoreye; (E) Ibi bidushikana ku kudaharira kurimwo "ugukanya" (kirya gihe kirekire) co kwumva ko ufiteye inzigo umuntu, umufiteye ishavu, umururazi, ishavu rimwe ribi, ukamugirira n'ubwoba ntushake no kumubona, ntumwiyumvemwo na gato, kandi ukumva ko aguteye ibibazo, eka mbere no kubura itiro. Ibishika ubwavyo birengeye "ibishobisho"; ni ivyo imibiri yose ishamwo harimwo ubwenge, udutsi, imitsi, amahormone, n'ukwubahuka.⁷

3. Guharira rero si ukwemeza mu bwenge gusa ko wagiriwe nabi hamwe no guhitamwo guharira umwenda hanyuma ukemera kwikorera ivyononekaye wewe nyene. Ahubwo, uguharira ni igikorwa gikomeye gisanga yuko kubabazwa urenganijwe n'umuntu ni ikintu umuntu acamwo co mu bishika kitugira ko ingaruka imbere ibwina mu mitima yacu. Uguharira ni "ikintu umuntu acamwo co mu bishika" kuko ni *igisubirira ikintu co mu bishika*. Uguharira gusubirira "ibishika vy'ikibiriraho" (inzigo, urwanko, ishavu n'ubwoba), ukudaharira, hamwe n' "ibishika bibi" (inzigo, umururazi, ishavu ridacika, ubwoba budahera, ukudashaka, ukubura itiro kuva kwiyumvira cane ibibi vyabaye), mu *gusubiriza* "ibishika vyiza" nka'urukundo rwitangira abandi, rutikwegerako, kubabarana n'abababaye, imbabazi n'impuhwe uwagize nabi.⁸ "Uku guharira kwo mu bishika" vy'ukuri "gukiza umutima" (Worthington 2003: 44-45).

4. Iyo duhariye, tuba turetse icipfuzo co kuzibukira uwo mugizi wa nabi canke kureka kurondera kwihora uwo mugizi wa nabi. Ahubwo, uguharira aho gusubiza ikibi ku kibi gusubiza ahubwo iciza ku kibi. Uguharira guhindura ivyiyumviro vyahora biguma ku kibi, kandi hamwe n'ivyiyumviro vyipfuzwa kugirira nabi uwakoze ikibi, kukabisubiriza ivyiyumviro vyiza kuri uwo mugizi wa nabi. Ni co gituma, uguharira vy'ukuri ni *ingabire* ipoperanirijwemwo Ubuntu, urukundo n'ukwidegemvya (umwidegemvyo canke ukubohoka ku kuba umuja w'urwanko, ishavu, ubwoba, ivyiyumviro bibi, kuguma ubaho muri kahise, kuguma ku vyabaye n'ivyakubabaje). Turazi yuko uwagize nabi ataburenganzira afise kuri izo ngabire (Nk'uko *natwe* tutari dufise uburenganzira bw'*Imana* ku kigongwe *cayo*).

5. Ntishobora mu buryo bwo mu mutwe kuronka uguharira nyakuri—naho woba warahariwe vy'ukuri—utarashika aho uhindura ibishika vyawe. Mbere naho wohindura ivyiyumviro vyawe, ubushake bwawe, ibikorwa vyawe ntuzokwigerera *uronka* uguharirwa shiti ibishika vyawe bimaze guhinduka—*yamara guhindura ivyiyumviro vyawe, ubushake bwawe, n'ibikorwa vyawe bitegerezwa gushikana ku guhinduka kw'ibishika vyawe.* "Uguharira ntigusubiriza ivyiyumviro vyababajwe; gusubiriza ibishika bibi bifatiye kuri ivyo vyiyumviro bibi" (Ico gitabo nyene: 133).

6. Guharira ni akayobera bahinga, ikintu kimeze nk'iki "gutanga kuzana umugisha, kuruta guhabwa" (Ivyak 20:35) canke "ugukubise urushi mu musaya w'i buryo umuhindukirize uwundi" (Mat 5:39-42;

⁶Worthington yerekana ko hariho uburyo bubiri canke ubwoko bubiri bw'ikigongwe (canke kumbure, tubivuze mu yandi majambo, ubwoko bubiri bw'ikigongwe): (1) *uguhariran nk'uguhitamwo* ("Uguhita mu guharira"— "uguharira umwenda"); kandi hakabamwo (2) *uguharira nk'ugusubiriza ibishika, ibishobisho* ("uguharira mu buryo bw'ibishika") (Worthington, 2003: igice ca. 2).

⁷Iki n'ibice bibiri bikwirikira vyubakiye kuri Worthington 2003: 30-45.

⁸Smedes na we asa n'uwubivuga uko nyene; ibintu nyamukuru vy'uguharira bigizwe n'intambuko zitatu: "[1] Twongera kuvumbura Ubuntu bugize umuntu yatubabaje. [2] Turaheba uburenganzira bwacu kugira ngo duhare. [3] dusubiramwo ibishika vyacu ku muntu twahariye." (Smedes 1996: 6-12)

Luka 6:29-30. Dufatiye ku guharira turazi yuko: (A) Ikibi, ikosa, amafuti yarabaye kandi ivyo vyari bibi kandi bizokwama ari bibi; (B) turafise uburenganzira bwo gushavura; yamara (C) duhitamwo guheba “uburenganzira” bwacu nk’igikorwa c’ubuntu, n’imbabazi, n’urukundo, ingabire uwakoze nabi atari abereye, twumviye Kristo. Aho ni ho hari akayobera bahinga: kubohoka kw’ishavu n’ukurondera kwihora, ha umuntu yakugiriye nabi ingabire y’uguharira ubone kwibohora.

III. Impamvu zifadika zerekana igituma dukwiye guharira abatugiriye nabi

A. Guharira ni uruhara rw’uwahariwe canke itegeko ry’uwahariwe.⁹

1. “Muri Bibiliya yose hariho isano ntatanywa hagati y’ugutanga no kwakira ikigongwe” (Jeffress 2000: 57). Ni co gituma Yesu n’isengesho ryiwe (**Mat 6:9-15**) na Paulo (**Ef 4:32**) hadutegeka guharira.

2. Mbere n’abapagani mu mugani wa Yesu werekeye abashumba babiri barabonye ko hariho isano hagati uguhharirwa no guharira abandi. Ni co gituma “vyabakozeko cane mu mutima” igihe uwahariwe umwenda munini ahariwe na Sebuja atagiriye ikigongwe uari amufitiye umwenda mutoya, bica bituma ivyo yakoze babishikiriza umwe yari yamuhariye, yamuhebeye umwenda munini (**Mat 18:31**).

3. Intumbero yacu muri ubu buzima ni “gushushanywa n’ishusho y’Umwana Wayo” (**Rom 8:29**), kuba “agahore nk’uko na So wo mw’Ijuru ari agahore” (**Mat 5:48**). Kubera yuko uguhharira ari co kigize umutima wa Data kikaba ari na co kigize kamere ya Kristo n’igikorwa ciwe, uguhharira kwacu ni ikimenyetso kinini *c’ukwezwwa kwacu canke co gutunganywa kwacu*. Ni ikimenyamenya canke icemezo c’igikorwa ca Mpwemu Yera akorera mu twebwe kugira ngo dushushanywe n’ishusho yayo kandi kugira ngo dutunganywe, tube agahore. Ni co gituma Kristo afatira hamwe uguhharira n’urukundo (**Luka 7:36-50**) hamwe n’ugusenga (**Mrk 11:23-26**). Nk’uko Carson abivuga, “abo bazi ko bahariwe nibo nyene baharira. Kimwe mu vyemeza ko umuntu yakuze mu vy’impwemu nk’Umukristo, Whitney avuga ati, ni uko ahinduka ‘uwuharira vuba.’” (Carson 2002: 80).

4. Guharira kurarengeye “ngombwa” mugabo bigasaba ukuba ufise intumbero mu buzima bwawe—mu yandi majambo, ni nimba ubayeho ivyizigiro vyawe ubishize muri Kristo, mu Mana, kandi uka ba ubayeho kugira ngo uyihimbaze, uyiheshe icubahiro, ukanahinduka ugasa, ugashushanywa na Kristo.

a. *Ibi kandi ni na vyo bikora ku guharira no gusubiza hamwe:* “Guhanga amaso Imana ni rwo rupfunguruzo rwo gutorera umuti ukutumvikana mu buryo bwubaka. Igihe twibutse imbabazi zayo hanyuma tugashobozwa, tukavoma mu nkomezi ziwe, duca tubona ibintu mu buryo buboneka neza kandi tugatorera umuti amatati mu buryo bwiza. Dukoze durtyo, duca dutora inyishu nziza ku bibaze vyacu. Hamwe n’ivyo, dushobora kwereka abandi yuko hariho Imana kandi yuko inezererwa no kudufasha gukora ibintu tutari gushobora kwishoboza no kwikorera ubwacu turi twenyene.” (Sande 2004: 20)

b. *Sande agerageza kwerekana ibintu twokora kugira ngo tugume duhanze amaso ku Mana, duharura k’Uhoraho:* “Kimwe mu buryo bwinshi bwiza bwo kugumiza amaso ku Mana no kuyihanga amaso ni ukuguma wibaza ibi bibazo bikurikira: Noshobora nte kunezereza no guhimbara Imana muri ibi ndiko ndacamwo, canke muri ibi binshikiye? Cane cane, noshobora guhesha Yesu icubahiro gute mu kwerekana ko yankijije akancungura kandi ko ariko arampindura? Kurondera guhimbara, guhesha icubahiro no kunezereza Imana ni ikintu gikomereye mu bugingo, mu buzima, cane cane iyo turi imbere y’ingorane n’ibibazo bigoye. Yesu ubwiye yarongorwa n’izi ntumbero canke n’aya mahangiro [raba **Yoh 5:30; 8:29; 17:4**]. . . Igihe tugaragaza tukerekana ubutunzi bw’urukundo rw’Imana no kumuhimbarabifise akamaro kanini kuruta kwigungirako no kwikwegerako ivy’iyi si no kwinezereza, bica vyoroza cane gutorera umuti ingorane mu buryo bw’ubuntu, mu buryo bw’ubwenge, kandi tunirinda. Ubu buryo buhesha Imana icubahiro kandi busasira indava uguhharira amahoro gufadika.” (Sande 2004: 34)

B. Guharira ni ngombwa ku bugingo bwacu bwite, ku giti cacu, ku gatwe cacu.¹⁰

1. Guharira kenshi ni yo nzira yonyene yo gukuraho umwenda, yo gutunganya umwenda. Nkuko Jeffress abivuga, mu mugani Yesu yaciye, “umushumba yari aheranye umwenda, ideni atashobora kuriha niyo yari kubaho imyaka igihumbi ariha uwo mwenda. None uwo Mwami yari gukora iki kindi ngo arihwe uwo mwenda wiwe?” (Jeffress 2000: 51) Guhana no gukubagura canke kuboreza igufa nyene guherana uwo mwenda ntivyotuma ashobora kuriha na gatoya uwo mwenda. Ahubwo, kenshi na

⁹Iki gice ahanini cafatiye kuri Jeffress 2000: 57-58; Smedes 1996: 65-69; na Sande 2004: 20, 34.

¹⁰Iki gice ahanini cafatiye cane kuri Jeffress 2000: 50-57; Smedes 1984: 125-51; na Smedes 1996: 55-74.

kenshi iyo “myenda” duheraniwe usanga vy’ukuri *ata ni imaze*: nyene gukora ico caha, nyene kugira nabi ashobora kuba yaranapfuye, yarimutse; canke atanitayeho ivyo yadukoreye na gato. Ikirenzeko, kenshi na kenshi abagizi ba nabi ntibashobora kuriha imyenda yabo naho bogira gute: None bimeze gutrye ni ikiguzi giki canke igihano giki gishobora gusubirira umwana wawe yishwe n’uwatwara umuduga yari aborewe? Canke n’iki coshobora gukuraho icyi wambitswe n’umuntu yakubesheye? Canke n’iki cosubiriza agateka wakuwako mu rugo rwawe n’uwasambanije uwo mwubakanye? Canke n’iki cosubiriza agateka, kigakura icyi ku wafashwe ku nguvu, agakorerwa ivya mfura mbi? Ukuri ni uko ata kindi gishoboka, gishobora *kukubohora* kuri uwo mwenda, iryo deni rinini wikoreye, atari uguharira.

2. Guharira kutubohora kugenda tuzegembana kahise kandi no kugenda tuzegembana uwatugiriye nabi. Uguharira kuratubohora kugira ngo tubandanye tubaho. Uguharira kutubohora ku bitaboneka ariko biriho, imigozi ituboshe ikatubohora kuri kahise kacu, ibibi vyatubayeko, ivyadukomerekeje, hamwe n’ibibi vyatubayeko—iyo minyororo itubuza kubaho neza no kwisanzura, ikatubuza amahoro, ikatubuza no kwidageme. **Heb 12:1-2** hatubarira yuko “dukwiye kwiambura ibituremera vyose, n’icaha gikunda kutwizingirako vuba,” hanyuma “dusiganirwe ivyo twashizwe imbere twihanganye, dutumbereye Yesu wenyene.” Ukudaharira ntikudukundira gukora ivyo, kubera yuko ukudaharira ubwakwo, ni ibitwizingirako n’icaha, kandi bituma amaso yacu tuyahanga ku kibi hamwe no ku bikomere twagize aho kuyahanga Yesu. Uguharira kuratubohora kugira ngo dushobore gusiganirwa ivyo twashizwe imbere tubohotse kandi dutumbereye Yesu wenyene.

3. Guharira kutubohora ku mibabaro n’imitwano tudakwiye kugenda turazegembana.

a. Ukudaharira kurashobora gutuma tugenda dushira umunywera. Kwiyumvira cane canke kwuza ku kibi wakorewe, ukagira ishavu ridacika, ni nko gukora mu gisebe, ukakubuza gukora. Ukubandanya kwacu kwiyumvira ku kibi twakorewe, kwiyumvira, kwiyumvira ku kwanka uwatugiriye nabi, kwiyumvira kwihora uwo muntu, ntikubabaza nyene kudukorerwa ikibi, kandi ivyo nta ciza bituzanira, kiretse ko bituma tuba abagorwa ba cane—bituma tumererwa nabi kurushiriza.¹¹ Ivyiyumviro nk’ivyo “binyoha imishaha yacu, imitima yacu” (iyo ni imvugo), kandi bituma turushiriza *kudasa canke kudashushanywa na Krsito* aho kumwegera. Mbere ko tutazokwigera dushobora “kungana”, ukudaharira, kwiyumvira ku gisebe, no kwiyumvira ku kwihora bigira ingaruka mbi ku buzima no ku mpwemu z’abantu *baja bifitiye ingorane zivanye n’ivyo nyene bacyemwo bibi*. Nubwo inzigo ishobora kutwerekana ko ari uburyo bwo “kuronka ingoga ako kanya nyene,” mu vy’ukuri mu nyuma bihinduka ikintu kigirira nabi nyene kuciyumvira ni ukuvuga iyo nzigo ihindukirira nyene kuyigira ikintu kibi cane.

b. Inzigo y’inzikira yo kudaharira ijana canke ikomokamwo kugira ingorane z’umutima, ingorane z’irindimuka ryamaraso, kuba nkomwa hato, mbere hakadukamwo n’ingorane z’ubushobozi bw’umubiri kwigwanirira. Ku rundi ruhanda na rwo, uguharira kwadukamwo canke kujana n’igabanuka ry’ingorane mu vyo mu mutwe, igabanuka ry’ishavu, kandi no gukura mu vyo mu bishika (McCullough 2000: 43-55; Witvliet, et al., 2001: 117-23; Enright 2001: 45-67).

4. Ukudaharira kandi kurafise ingaruka mu vy’imigenderanire tugirirana n’abandi. Mu kutugira abantu b’umururazi, abantu b’imitima ikomantaye, bigungirako, bakaraba gusa ibibi vyabashikiye, ukudaharira kudutandukanya n’abandi bantu.

5. Ukudaharira gufise igaruka ku migenderanire yacu n’Imana. Icaha, harimwo n’icaha co kudaharira, kidutandukanya n’Imana (**Yes 1:10-15; 59:1-2; Mik 3:4**). Uku gutandukana n’Imana kurafise ingaruka ku bugingo bwacu ngaha kw’isi. Ikindi, nk’uko Carson abivuga: “Ico bashingirako cane [mu Vyanditswe] gihagaze ku nyungu y’*ibihe bidashira* yo kuba umugororotsi ku Mana. Kandi dufatiye ku muco w’ibisomwa bimwe bimwe (uburorero, umugani w’umushumba adaharira tuja twaravuzeko aho hejuru), hariho ingaruka mbi zikomereye ku giti ca nyene kudaharira no ku kaga ka kazoza k’ibihe bidashira gafatiye ku *kudaharira* abandi. Nta kintu na kimwe, citwa na kimwe, kirengeye canke gifise akamaro kurusha kumenya ko wahariwe n’Imana.” (Carson 2002: 80)

6. Guharira kubereye abantu b’abanyamakosa nkatwe. Abantu benshi ntibakorerwa amakosa gurtyo gusa, si ukuvuga ko na bo ari aberanda. Ahubwo na bo nyene baracumura ku bandi, na bo nyene n’inkozi z’ibibi, baragiriye nabi abandi. Muri “iyi si vy’ukuri” uguharira ni inzira yo kubaho, ni bwo

¹¹Nk’uko umunyamerika akina udukin twa gutwenda yitwa Buddy Hackett, yabivuze ati, “Narumvise uguharira kw’abantu batari bake, n’ukutumvikana kw’abantu batari bake, mugabo sinigeze ndabagirira inzigo. Murazi igituma? Igihe uzegeambana inzigo, bobo baba bariko baritambira.” (Jeffress 2000: 53)


buzima—igihe ubabaje umugenzi wa hagufi umubariye ibintu bibi canke umukoreye ikintu kibi (kandi ivyo twese turabigira), uwo mugenzi wacu azovyemera yirengagize iryo kosa, ubuzima bubandanye. Ni co gituma, uguharira umwenda, hanyuma ubuzima bukabandanya ni kwo kubaho. Ubuzima ntibwoshoboka hamwe abantu batoharira kenshi.

7. Ukudaharira ni ikintu abantu bahitamwo, nk’uko no guharira na vyo ari ikintu abantu bahitamwo. Dukunda kurobanura abo duharira n’ivyo duharira: duharira utuntu “duto duto” twatubabaje, kandi twagiriwe n’abantu bari hafi yacu, abakunzi bacu. Yamara, Yesu ntiyavuze yuko dukwiye kurobanura ivyo duharira n’ivyo tudaharira canke abo duharira n’abo tudaharira, dukwiye guharira vyose kandi bose. Yavuze ko dukwiye guharira “indwi ndwi ibihetangabo mirongo irindwi” (iyi nayo yari imvugo ngereranyo ya Yesu isigura igiharuro kidahera ni ukuvuga uguharira “ibihe vyose”, si ibihetangabo 490 gusa) (**Mat 18:22**); dukwiye gukunda *abansi* bacu, ntudukwiye gukunda abakunzi bacu gusa (**Mat 5:38-48**). Yesu arakarira abanyavyaha (nkatwe) banka guharira abandi banyavyaha nka bo, kuko *twese* turi abanyavyaha. Smedes, ariko aravuga kuri uyu mugani wa Yesu muri **Mat 18**, abivuga neza gurtya: “Arakara [Yesu] kubera yuko ivyo bituma abanyavyaha banka guharira abandi banyavyaha nkabo bibabaza Imana, bigatuma Imana itumva ingene umunyavyaha atoharira uwundi kuko ari bamwe. Imana ivyo ntivyihanganira; nta buryo na bumwe mu vy’ukuri ivyo vyokwihanganirwa. Ni co gituma avuga ati: Nimba ugomba guharirwa n’Imana nawe udashobora guharira umuntu akeneye ko umuharira akantu gatoya yagukoshereje, umwenda mutoya aguheraniye, na we ni uce wibagira guharirwa n’Imana, woye kwirirwa urayigora ngo iguharire. Twiyobagize gatoya uko Bibiliya yanditswe mu Kirimi c’Icongereza yitiriwe King James uzosanga Yesu abivuga nko muri ubu buryo bukurikira: igihe wanse guharira abandi kandi nawe witeze guharirwa, ushobora kuja mu muriro.” (Smedes, 1984: 150)

IV. Ingene twoharira¹²

A. *Inzira canke uburyo Worthington yatoye bushikana ku guharira*

Worthington afise intambuko zitanu zishikana ku guharira, ico akora nk’ingazi canke inyabutatu igabuwemwo ibice bitanu (Worthington, 2003: 73):



1. Kwibuka ivyabaye. Kugira ngo umuntu aharire uwamugiriye nabi, ategerezwa kubanza kuba umunyakuri muri we akamenya ikibi cakoze n’ukugene camubabaje.

a. *Turashobora kwiyobagiza canke kwihoza ivyatubabaje kuko vyatubabaje cane, badusizemwo igisebe. Canke tukarenza urugero ku kantu gatoya, tukaba ba nkomwa hato; turashobora kwiyumvira yuko uwatugiriye nabi yari no gushobora gukora ibibi birengeye ivyo yatugiriye, canke tukiyumvira ibi bimeze gurtya, “Iyo ibi bitaba gurtya, nari kunezerwa, nari gutera imbere, nari kunezerwa mu buzima, mba ndi nk’abandi mu buzima”* (Enright 2001: 110). Turakwiye mu vy’ukuri gusuzuma ikibi twakorewe, ingene catugizeko ingaruka, ingene cadukozeko, tukongera tukanasuzuma ingene twavyifashemwo, twavyigenjemo (raba Sande 2004: 80: “Uko usuzuma uruhara rwawe muri ukwo kutumvikana canke muri ayo matati, ni vyiza kandi birafasha kuraba ku bwoko bw’ amakosa abiri. Ubwa mbere, Ushobora kuba ufise *umutima uhaha*, utuma uba nkomwa hato, ukababazwa n’utuntu duto cane, canke n’imyifato y’abantu. Ica kabiri, urashobora kuba waragize uruhara mu vyabaye bifatiye kuri *kamere kawe*

¹²Iki gice cafatiye cane kuri Worthington 2003: chs. 4-8; hamwe no kuri Smedes 1996: chs. 15-20; na Enright 2001: iguhera ku gice ca 4 gushika ku gice ca 12.

k'umwifato w'ivyaha.”).

b. *Worthington atanga ubuhinga bumwe bumwe bwoshobora kudufasha kwibuka ububabare twagize, ingeze twiyumvise.* Dutegerezwa guhera ku gusenga, gusenga kugira ngo Imana ibane nawe nk'uwudukingira kandi tugasaba n'uko Mpwemu Yera yobana natwe nk'umwiruzi, nk'umufasha. Dutegerezwa kwisuzuma uko tugerageza kwibuka ukubabara twagize hamwe n'ibizungurutse ico kibi twakorewe, turaba neza ko tutagize ishavu rirengeye, ubwoba, canke ngo turengeerwe. Tugerageze kwibuka ingene vyagenze, n'ingene twumvise tumerewe, ningene tumerewe ku vyabaye, tugerageze kuraba ingene vyatugendeye mu bishika no mu bishobisho vyacu (mugerageze kuvyibuka vyose ido n'ido). Mwiubare mwirinde ntumutwarwe n'ishavu rirerire, mwitonde, muhumura. Mugerageze kwishira mu kiringo c'abandi, mwibaza muti iyo yari kuba jewe vyari kungendekera gute. Ivyo ntankeka bizogufasha gutorera umuti wo guharira utuntu duto duto, imbere yuko usimbira ku bintu binini binini, ku karenganyo karenze urugero woba waragiriwe. Ibi vyose rero mvuze bishobora kubabaza, ariko ni intambuko ya mbere ishikana ku gukira nyakuri.

c. *“Ububabare canke ingorane umuntu adutera zitubaza iki kibazo coroshe: Unkorakw'iki? Izo ngorane ntitwazipfuzza, kandi twipfuzza ko zituvako, ariko zikatwomako. Dutegerezwa kugira izo ngoran izacu. Kandi dutangura kugira izo ngorane izacu igihe twishuye ibibazo vyazo.”* (Smedes 1996: 135) Aho tuba dufise inzira zibiri gusa: “Turashobora kugerageza kuvyibagira, canke tukavyiyobagiza nk'uko mengo ntivyabaye, aho bica bicika nk'ifuku ifururiza muri twebwe, kuko na kare utara mu nda ugatarura ibiboze. Canke na ho tukabiharira tukabona gukira nya gukira. . . . Ngaho rero ivyo duhitamwo biva kuri twebwe. . . . Dutangura kugira ico tubivuzeko, ico tubikozeko igihe tugerageje kwishura ikibazo cavyo. Dutangura kuvura no gukiza ububabare bwacu igihe dutanze inyishu ikwiranye, iberanye n'izo gorane n'ubwo bubabare.” (Ibid.)

2. Kubabarana n'uwagize nabi. Kubabarana n'uwakugiriye nabi ni ugutahura ko na we ari umuntu, ni ukuvuga, kwiyumvira nk'ivyo yariko ariyumvira igihe yakugirira nabi, icatumye akora uko yakoze. Kubabarana vy'ukuri ni ukubona yuko iyo ukaba mu gishingo ciwe, canke iyo akaba wewe, na we washobora kuba wakoze nk'uko na we yakoze. Kubabarana ni ugutangura kubona uwo muntu yakugiriye nabi nk'uko Imana imubona: ukamubona ko ari umuntu (ameze nkawe), ntumubone nk'“ikintu”. Aha tutabeshanye, aha ni ho umuntu aba ashitse ku “guharira kwinjira no mu bigumbagumba” Ivyo ntidushobora kuvyishoboza, ntidushobora kwishoboza gukunda abansi bacu. Mu bubasha bwacu, twipfuzza kubabaza abatugiriye nabi, twipfuzza kubona basubirijwe mu ndumane ikibi batugiriye, kubona na bo babaye nk'uko twabaye, bamerewe nk'uko natwe twamerewe. Hari aho twipfuzza kumanura umuriro uvuye mw'ijuru ngo ubaturire ubatongore, ubamare. Ariko Yesu we yatubariye ko dukwiye guhezagira abatugiriye nabi, tukabasabira imigisha iva mw'ijuru. Ntidushobora gukunda abansi bacu nk'uko Yesu yabakunze, kandi nk'uko Yesu yabidusavye mu nkomezi zacu—Imana yonyene ni yo ibidushoboza. Mbere naho twobabarana na bo, turashobora kurondera no kwiga inzira twobabarana na bo, tukabagirira impuhwe—ivyo bikadushorera mu kubakunda. Uguharira nyakuri, kurama, guhindura ubuzima, kuvana n'ukugene wiyumva gutandukanye n'uko wahora wiyumva kuri wa wundi yari yakugiriye nabi.

a. *Hagati ya 1985-1995 Worthington na bagenzi be bize ku bubakanye (umugabo n'umugore) bashika igihumbi canke umwe umwe ku giti ciwe hanyuma bagerageza kugereranya ubwoko bubiri bw'imbabazi, bwo guharira: “Uguharira kuvanye n'inyungu kuri nyene guharira akuramwo” (ni ukuvuga, “guharira kugira ngo ukuremwo ikintu”—guharira kugira ngo wiyumve neza, guharira kugira ngo ushobore kubandanya ubaho, n'ibindi.) n'uguharira bivanye n'uko wababaranye n'uwakugiriye nabi (ni ukuvuga, “guharira kugira ngo utange imbabazi”—guharira kubera yuko, wewe wagiriye nabi, ari wewe nyene ushobora guha uwakugiriye nabi ico yipfuzza: izo na zo ni imbabazi, ni uguharira akeneye).* Ivyo yakuye muri ivyo vyirwa birashimishije: “Abantu baharira kugira ngo babivane mwo inyungu bashika ku guharira nyakuri kuvana n'ako kanya nyene babikoze kurusha abo baharira kubira bifadikanije canke bababaranye n'abo babagiriye nabi bakishira nko mu gishingo cabo. . . . Inyuma y'isaha imwe gusa canke inyuma y'amasaha umunani—guharira kugira ngo wironkere mwo inyungu kwashitse ku kintu gito. Yamara kuri abo bahariye kubera inyungu z'ababagiriye nabi, isaha imwe yashitse ku guharira gutoya. Yamara inyuma y'amasaha umunani, ukwo guharira kwashitse ku kintu kinini cane—incuro zitanu zirengeye uguharira bashitseko mw'isaha imwe, n'incuro zitatu zirengeye izo abahariye kubera babikuramwo inyungu.

Ikindi, igihe twasuzuma abo bantu twagizeko ivyo vyirwa inyuma y'amayinga atandatu,

urwego abahariye kubw'inyungu zabo bakuramwo kwari kwagabanutse ku nusu tugereraniye n'uguharira bari batanze. Muri wa murwi na wo wababarira, waharira kubera bababaranye n'ababagiriye nabi, urwego rwo guharira rwagumye hejuru cane tugereraniye n'urwo abo bandi.” (Worthington, 2001: 13-14) Worthington yaciye avuga ati: “Uguharira kuradufitiye inyungu. Yamara ni mba duharira kugira ngo tugire ivyo dukuyemwo vy'inyungu cane cane, turonka mwo inyungu nke muri ivyo twahariye. Igihe dutanze ingabire y'uguharira, y'ikigongwe ku watugiriye nabi akeneye ico kigongwe, turonka ukwidgegemvya, tukabohoka, tukaronka amahoro, kumbure mbere n'amagara meza kandi mbere tukongera tugasanasana n'imigenderanira yari yononekaye. Uguharira kwisuka nk'amazi ava muri irya kiduga kizimya umucanwa. Ukwo guharira kwisuka nk'amazi gusiga kutwojeje imyanda yacu. kuratubohora.” (Ibid.: 14)

b. Ukubabarana gushikwako mu biringo bitatu: (1) Ugutahura (mu yandi majambo, utahura icatumye uwo muntu akora gurtyo); (2) Kwifatanya na we mu bigumbagumba (ni ukuvuga, wifatanye na we mu bigumbagumba, mu kwiyumva no mu kwiyumvirira *hamwe*); hamwe no (3) Kugira impuhwe, ikibabarwe (ugirira ikibabarwe *urya* muntu, co kimwe no kumutahura, hamwe no kwifatanya nawe mu bigumbagumba). Kugira ngo dushikire uguharira gukwiye, kurama, dukwiriye gushikira ukubabarana kwinjira cane: ukubabarana kw'impuhwe.

c. Ugufatira ku bintu vyinshi kurashobora kurwiza ugutahura kwacudutahura uwatuiriyeye nabi, no kubabarana na we: (1) “Ibigumbagumba vyoroshe” (uburorero: ubwoba, ukurengerwa, guhagarika umutima, no kubabara) kenshi na kenshi binyegeza ishavu, ubugizi bwa nabi, no gusotora abandi; (2) Abantu bakora ibintu bibi bivanye n'ibihe baba barimwo, ivyo baba bariko baracamwo; (3) Abantu “bagerageza ibishoboka vyose” kugira ngo ubuzima bubandanye (kandi ivyo bituma bagira ingene bifata iyo bibajije ko imbere hari ingorane); (4) Abantu bifata mu buryo kanaka bivanye n'ivyo bacyemwo muri kahise (bashobora gukora ikintu bafise ubwoba bivanye n'ukugene bakuze, barezwe, canke n'ivyo bacyemwo canke ivyabashikiye muri kahise kabo); (5) Abantu bagira inyifato kanaka batarinze kwiyumvira ku bintu kanaka (ibi ni ukuri cane cane igihe abantu *bagira inyifato kanaka* kubera *igihe vyabababaje* canke igihe babona ko hari ingorane biba vyo canke bitaba vyo); (6) Ntidutegerezwa kwibagira ko turi abakristo (kandi ni co gituma kubw'ubuntu bw'Imana, kandi tuvoma inkomezi mu bubasha bwa Mpwemu Yera, tuzogira imyifato iyo dusotowe canke turengekanijwe, mu gushira kure kamere kacu, mu kuba abizigirwa, mu gukundana, no mu kugira muri twebwe wa “mutima wari muri Kristo Yesu” uwo na wo akaba ari wo mutima dufise (raba **Ef 4:15, 20-32; 1 Kor 2:16**).

d. Hariho uburyo bw'inshi bushobora kudufasha kubabarana n'uwatugiriye nabi: (1) Usengere ingabire yo kubabarana n'uwundi; (2) Wandike icete kivuga ivyabaye nk'aho uri urya muntu yakugiriye nabi, usigura icatumye uwo yakugiriye nabi akugirira nabi, ivyiyumviro vyatumye akugirira nabi, wiyumvire n'ibigumbagumba vyawe, ufate ibintu ubirabiye mu vyirore vyawe; (3) Wandike icete co gusaba imbabazi urabiye mu vyirore vy'uwu yakugiriye nabi; (4) Vugana n'intebe itagira uwuyicayeko, nkaho woba uriko urabwira uwakugiriye nabi ico wiyumvira n'ingene wiyumva nk'aho uwo yakugiriye nabi yoba yicaye kuri iyo ntebe atawuyicayeko—hanyuma muce mukabukanya uruhara hanyuma wicare kuri iyo ntebe wewe nyene, wibaze ko ari wewe wagize nabi, usigure icatumye ukora ivyo wakoze, hanyuma ugerageze usabe ikigongwe, usabe imbabazi ku vyo wakoze; (5) Vugana n'umugenzi canke ugire uruhara mu murwi w'abakristo kugira ngo mufashanye gutorera umuti ivyerekeye uguharira; (6) Kora canke ugire ikintu kigereranywa canke gihagarariye ibigumbagumba vyawe vyiza ufitiye uwakugiriye nabi; (7) Wiyumvire ku mbabazi za Kristo agirira abantu nk'uwu yakugiriye nabi; (8) Sengera uwo yakugiriye nabi [ntusenge ngo umuriro utibuke uvuye mw'ijuru ngo umuyigize, yamara usenge yuko Imana yomwegera, umuhezagire, usabe ngo Imana imuhindure imushushanye na krsito nk'uko ivyo umusengeye ari na vyo wokwisengera]; (9) Wiyumvire ku vyaha vyawe vyinshi, ku ntege nke zawe, ingene wababaje abandi, wabirengagije, wakoresheje abandi, watutse abandi, ingene wabagiriye nabi.

3. Ugutanga ingabire y'imbabazi ku bandi Ivyigwa vyerekana yuko iyo abantu batababaranye, ntibazokwigera baharirana. Yamara, hariho n'abantu naho bobabarana n'ababagiriye nabi badaharira.

a. Abakristo barakeneye kwiyumvira ku vyaha vyabo bwite vyahariye n'Imana, n'amakosa twakoze twahariye n'abandi. Tumaze gutahura ko turi abantu tugaca bugufi bituma vyorooha ko duharira abatugiriye nabi. Ubwa mbere kwibuka ukwiyagiriza kwacu n'isoni tugira ku bibi kanaka twakoze, twari dukwiye na twe kwibuka umwidgegemvyo n'isoni zidasanzwe tugira kubera amakosa kanaka twakoze, twari dukwiye kwibuka umwidgegemvyo n'ugukenguruka

bishika iyo twahariye ayo makosa twagiriwe. Guca bugufi no gukenguruka ni imfunguruzo z'ibiranga abakristo zituma dushira abandi imbere aho kwikwegerako.

b. *Ugushira imbere abandi ni urukundo ukunda abandi; ni ugutanga utizigiye ko uzosubizwa ikintu na kimwe. Kimwe mu ngabire ziruta izindi zose twaronse ni ingabire yo guharirwa—irabohora, ishira hejuru; irashobora guhindura ubuzima n'ubugingo.* Ni ingabire Kristo yaduhaye kandi ni ingabire abandi bantu baduhaye. Uguharira ni “ububasha bukomeye” bw'urukundo. Ni co gituma, naho inzigo yoshobora kuduha “ububasha bw'akanya gato bwo kwirengagiza no gutsinda ubwo bukoko bwabaye muri ico gihe . . . urwanko rurabuze ububasha bugumaho bwo kurema kazoza keza karengeye ukwihora. Uguharira kwonyene ni kwo gutanga umugende wo gukira urama wa kazoza. Ku kiringo kirekire, uguharira kurakomeye kuruta urwanko.” (Smedes 1984:146) Umukristo akomeye kurusha abandi ni umuntu ashima kurusha abandi; umuntu ashima nta kundi yokora atari ugutanga ingabire y'ikigongwe, y'uguharira yamufashije na we, yamugiriye akamaro na we.

4. Kwigira inama yo guharira imbere y'abantu. Ubwa mbere uraharira muri wewe ubwawe—mu mutima wawe, mu bwenge bwawe, no mu mushaha wawe, hanyuma ukemanga imbere y'abantu ko uhariye yamara ivyo ubishikako umaze “gufata ingingo yo guharira,” atari uko “guharira kw'ibigumbagumba,” kwo mu mutima wawe bwite no mu bwenge.

a. *Kwiyemeza imbere y'abantu ku gushira mu ngiro ingingo wafashe mu mpisho biradushasha gushimangira iyo ngingo kandi bikarwanya ugukekeranya ko “wahariye vy'ukuri” uwakugiriye nabi, gushobora kuza mu mutima wawe mu gihe kiri imbere, cane cane utanguye kwiyumvira iviyumviro bibi ku wakugiriye nabi canke ku vyabaye bibi, canke kuri ico kintu kibi cagushikiye.* Bimeze gurtyo, kwiyemeza guharira imbere y'abantu ni nko kubatizwa canke gusangira Ingaburo Yera, canke kuja ku Meza y'Umwami—Ni “ikimenyetso kigaragara kiboneka inyuma kikagaragaza ikintu cabereye imbere mu mutima n'ubuntu bw'impwemu” bw'uguharira, n'imbabazi uja waratanze.

b. *Hariho ubryo bwinshi bushobora kugufasha kwiyemeza guharira imbere y'abantu:* (1) Toza indero umutima wawe, fata umutima wawe wiyemeze kutanebagura urya wundi muntu igihe habaye iviyumviro bibi (ibwire ubwawe uti “ivyo bireke, bihebe,” ushike ku “kutarondera amakosa”; “uhindure iviyumviro mu mutwe” cane cane igihe iviyumviro bibi bije kukwononera). Muri iyo nzira nyene, ahubwo, iyumvire ku bintu vyiza uzi kuri uwo muntu, unavyandike, ubisubiremwo. (2) Gira ikimenyetso cerekana ukwo guharira kwawe wahariye uwo yakugiriye nabi. Andika ivyo bibi yakugiriye mu biganza, hanyuma uce ubikaraba incuro nyinshi, uzosanga vyarazeze. Canke na ho, gumya mu kuboko kugoroye ikibuye kinini (nka “rya buye rya mbere” Yesu yahamagarira abantu bo mu gisagara batarakora icaha gutera wa mugore yafashwe asambana [**Yoh 8:7**]); ureke ubwo buremere n'ubwo bubabare, n'ubwo buruhe bwo kugumana urwo rubuye mu kuboko buserukire canke bugereranywe n'ubwo buruhe, buremere, ububabare wumva buvanye no kudaharira—igihe uburemere bw'icipfuzo co kwihora bubaye bunini kugeza yahoo utakigomba kubwumirako, bikakunanira kwihanganira kugumya ico kibuye kubera kiremereye, ca ureka urwo rubuye rukorokere hasi, uruterere hasi bigereranywe n'uko umuhariye, umurekuriye, umugiriye ikigongwe. Canke na ho, wandike ico kibi, icaha, ikigabitanyo wakorewe ku gakaratasi, hanyuma uce uruturira hanyuma uce usanzaza umunyota. Kandi ikindi woshobora gukora ni kwandika ku rukaratasi ico kibi wakorewe, hanyuma ukakimanika ku giti ukoreshije umusumani, canke urwo rukaratasi ukarushira musi y'umusaraba umanitswe mw'isengeru ryanyu musengeramwo. Mu gukora ivyo vyose, wibuke kandi ko uriko urashikiriza ukudaharira kwawe n'ububabare bwawe Yesu—ubu ni we avyikoreye ntibigikenewe ku ubizegembana. (3) Wandike ivyo wahariye. Wandike “icete co guharira” ushobora kugumana kugira ngo kigume kikwibutsa ko wahariye igihe haje ugukekeranya ko woba utahariye wa muntu. (4) Bibwire uwundi muntu ko wahariyeuwakugiriye nabi. Bibwire Imana, vyibwire, bibwire uwo mwubakanye, bibwire umugenzi wo kwizigirwa, bibwire umupasitori wawe; abo bantu bose bashobora kugufasha igihe ukekeranije ko utoba waramuhariye. (5) Kora canke wigenze nk'uko woba warahariye neza vy'ukuri urya yakugiriye nabi. Uko ingendo yawe hamwe n'inyifato yawe uyimenyera, bizokomeza ingingo yo guharira no kurekurira uwo yakugiriye nabi, bikomeze ibigumbagumba, vy'urukundo n'imbabazi wamugiriye.

5. Kwumira ku guharira. Iviyumviro n'ibigumbagumba vyo kudaharira birashobora kuvyuka, kurandamuka muri twebwe (mbere ni co kimwe n'ibindi vyiyumviro bibi, canke iindi vyaha bibi—ukwipfuzo, ubugunge, ubwirasi, ubwishime, inzigo, inzica, n'ibindi.—na vyo bishobora kurandamuka,

kwaduka muri twebwe). Kubona urya wundi muntu, ari mu kibanza kanaka, kumwumva ko ikintu, uguhimbaza umunsi yavukiyeko, canke ibindi bihe, canke igihe turushe, turi twenyene, twishe n’irungu, canke turengewe, birashobora kutuzanira ivyiyumviro bibi canke ivyiyumviro vyo kudaharira. Ni mu bihe nk’ivyo dutegerezwa kwumira ku guharira *tuja twaratanze* kandi *tuja twariyemeje imbere y’abantu*.

a. Hariho uburyo bwinshi bushobora kudufasha kwumira ku guharira mu bih nk’ivyo: (1) Menya yuko ububabare bwo kwibuka icaha wakorewe butameze nk’ukudaharira (ukudaharira gusaba ko uguma uvyiyumvirako, uvyuza; ntugume wiyumvira ku kwihora, ntugume urota wihora); (2) Ntugume mu bigumbagumba bibi (ahubwo rondera ingene wovyirengagiza, wovyiyobagiza, wobirengera, wovyikuramwo,—mu kuririmba, mu gusenga, mu gutazira Imana, kora ibikorwa vy’amaboko—Aho kuguma wiyumvira ku kwihora no ku bibi wakorewe); (3) Wiyibutse ko wamuhariye (wiyibutse kandi ca gihe wiyemeza imbere y’abantu kumuharira); (4) Rondera kwemeza kuvuye ku mugenzi (uwo mwabivuganye, uwo wabwiye ko wahariye yategerezwa gushobora kugufasha mu bihe urengewe canke mu bihe ukekeraniye ko wamuhariye); (5) Koresha ca cete wandika (soma “ca cete co guharira,” rwa rwandiko rwo guharira, canke ikindi cose woba warakoze cemeza ko wahariye); (6) Vyiyumvireko, vyihweze, hanyuma wongere wiyumvire kuri za ntambuko zose wacako kugira ngo ushike ku guharira nyakuri kurama.

b. Ube umuntu akunda guharira. Ibi bifata igihe cose umuntu abaho, yamara kandi bituma umuntu ahindura umutima akagira umutima nk’umwe wari muri Kristo Yesu. Ikindi ni uko, ico bisaba kugira ngo umuntu abe uwukunda guharira bifasha kuba “umunyakuri,” kandi ukibanda cane kuri ukwo guharira watanze ku bigabitanyo kanaka yari yagukoreye, canke kw’ikosa kanaka yari yagukoreye. *Hariho uburyo bwinshi bushobora kugufasha kuba umuntu akunda guharira:* (1) Kwiyumvira ku gituma wokwipfuzwa kuba umuntu akunda guharira. Saba Imana isuzume umutima wawe: mbega woba wigungirako, wikwegerako, canke woba wipfuzwa kwumvira Imana, no kwirinda, canke ivyo vyoba bishingiye ku gukenguruka, ku rukundo, hamwe n’imbabazi, n’impuhwe? (2) Kwibuka ibikomere bikomeye wagize, canke ingene wakomeretse mu mutima muri kahise, hanyuma ukabiharira. Uko uharira ibigabitanyo vyinshi wagiriwe kandi ukabikuramwo icirwa, ni ko binoroha guharira ibindi bigabitanyo canke amakosa ashobora kwaduka muri kazozo. (3) Genda uraharira ikosa rimwe rimwe. Gerageza guhitamwo guharira mu bigumba-gumba no mu bishika hamwe no mu mutwe ikosa iryo ari ryo ryose wakorewe; uko ukoresha bwa buryo canke za ntambuko zitanu twavuga hariya hejuru, suzuma aho ugejeje guharira kw’ikosa rimwe rimwe wakorewe kugira ngo umenye ko uriko uraharira kugira ngo ugaragaze ko uriko uraharira. (4) Gerageza kwigereranya no gufatira urugero kubabaye abahizi mu guharira. Gusoma canke kuvugana n’abashoboye guharira abandi ibikomere bari babakoreye birashobora gutuma uterwa intenge ukumva nawe ko woba mubakwiye guharira naho bigoye. (5) Wisuzume. Kudaharira birashobora gucika ingeso mbi, ni co gituma ukwiye kuba umunyakuri hanyuma ukaguma “uharira uko ugiriwe nabi.” (6) Gerageza kugabanya ingeso yo kudaharira wige kugira uguhara ingendo. Wame wita ku guharira no mu bindi bintu. *Menera inda ku rwara* ku vyerekeye ivyo udakwiye *kwirinda* gukora gusa, ariko wite ku vyo *uzokora* kugira ngo ube umuntu akunda guharira. Nk’Uburorero, gerageza kuraba ingeso woshobora guhonya muri wewe, kandi uzandike, kandi wandike n’ingingo ufashe kugirango ugaragaze ko wazihoneje: uburorero “iyi nkaba umuntu (*akunda guharira*) (*nokengurukira abantu, nogerageza kubatahura, nobatega ugutwi nkabumviriza*) kenshi.” (7) Hindura ivyo wacyemwo muri kahise kawe. Gerageza gukoresha impuhwe kandi wiyumvire Yesu ariko arahumuriza uwo muntu yakugiriye nabi. Ivyo bizogufasha guhindura uko wahora ufata kandi ubona uwo muntu, hamwe n’ivyagushikiye, ivyakubayeko vyakubabaje muri kahise kawe. (8) Gerageza wishingire ingingo zo guhinduka, n’ingene wobishikako. Gerageza wisubiremwo, wihe umwanya wo gusenga no kwiyumvira ku vyakubayeko, urimbure, upange kandi uruhuke. Ubugingo bwuzuye ukwiruka n’imiruho kenshi na kenshi buragoye kwirinda no gucungera, kandi uguhara abandi, imbabazi, n’urukundo dukunda canke dufitiye abandi biragabanuka kubw’ivyo. (9) Wimenyereze guharira n’ibibi utoba uragirirwa. Kwimenyereza guharira n’ibibi, canke amakosa utaragirirwa birashobora kugufasha igihe ubigezemwo rero, igihe bishtse. (10) Imenyereze guharira umusi ku musu, ibihe vyose. Uko upanga umusi ingene uja kugenda, iyumvire ku bantu muja gukorana, muja guhura kuri uwo musu. Basengere, kandi igihe habaye ukutumvikana, wiyumvire ingene uja kubaharira ako kanya nyene. (11) Rondera imfashanyo, canke impanuro ziva ku muntu wiyumvamwo, wizera.

Abagenzi wizigira, abapasitori hamwe n’abandi bigishijwe, bimenyereje kandi bamenye ivyanditswe kandi bazi no guharira birashobora kugufasha nawe gushika ku rugero rwo guharira ata ngorane nyinshi ugize. (12) Gerageza utangure urugamba rwo gukunda abansi bawe. Waba uri umwe canke ubikorere mu murwi w’ishengero, musenge, mupange, hanyuma mushireho uburyo muzoshobora gushira mu ngiro ukugirira *neza* abansi banyu. Gerageza kuja imbere mu kugaragaza urukundo rwa Kristo ku badakunditse).

B. Kubwira uwakugiriye nabi uti “Ndaguhariye”

1. Mu vy’ukuri kubwira uwundi muntu ngo “Ndaguhariye” bikwiriye kubanza kwitonderwa; hari aho bitaba ngombwa imisi yose canke bitaba binakenewe. Gukora gurtyo birashobora guhinduka ikirwanishwa co kurwanya uwakugiriye nabi, canke bigakorwa hataragera, hakiri kare, bigaca bituma uwo yagize nabi agerageza kwikibgira mbere akanongera kukugirira nabi habonetse akandi karyo, akubonye akabero. Ikindi, umuntu ategerezwa kwiyubara igihe agiye kubarira uwamugiriye nabi ko amuhariye bishobora gutuma ubu ho yonamwica canke akanamugirira nabi birushirije, birengeje ku mubiri.

2. Smedes avuga yuko, imbere yo guharira, utegerezwa: a. *Kwiyumvira* (kubanza kumenya neza ivyabaye); b. *Gusuzuma ingene ibintu bihagaze, bimeze*; c. *Kubanza kuvugana n’uugenzi canke umuhanuzi*; d. *Kubanza kureka ibigumbagumba bigakora akazi kavyo* (gushobora gutahura ukugene wiyumva n’igituma wiyumva gurtyo); hanyumaa e. *Senga* (uguharira ni igikorwa kitoroshe na gatoya—aha dukwiye kuba abanyakuri imbere y’Imana, tukemeza ko dukwiye gufashwa nay o, kandi tukanabiyisaba, tukabona kubikoresha igihe bishitse). Hanyuma, igihe wahisemwo kubibarira uwo yakugiriye nabi ko wamuhariye, utegerezwa: a. *Gufata umwanya uhagije*; b. *Guharura no gupima ingaruka zishobora gushika canke akaga ushobora kuba wishizemwo*; c. *Kurindira imbarutso*;

d. *Kubikora utaduduriyeko, utameneye inda ku rwara* (banza uvuge ku bindi bintu bitajanye n’ivyo uje kumubarira vyerekeye ko umuhariye; umutege ugutwi igihe kanaka; hanyuma ivyo na vyo ubigire mu nyuma nk’aho ico cyumviro kije mu nyuma); e. *Ubikore igihe mwatanguye kuvugana ukuri kandi uvyizeye, uvyiyumvamwo, kandi wipfuriza ineza uwo uriko urabwira ko umugiriye ikigongwe, umuhariye*; f. *Ntuvuge ko ubikoze kubera uri umweranda*; g. *Nturinde kubipanga*; h. *Bigire bigufi*; i. *Bigire ivyoroshe, bito*; hanyuma j. *Uhe uwo wundi muntu umwanya* (hanyuma uhindure ivyo mwariko muravuga usanze atiteguye kuvyakira no kugira ico abivuzeko; mureke na we abanze avyiyumvireko; mureke na we agendere ku ntambuko ziwe ntumukwege, ntumwihutishe). (Smedes 1984: 138-39, 145-46)

3. Ibihe vyinshi vyiza vyo kubwira uwundi ko umuhariye umugiriye ikigongwe bikunda gushika kenshi na kenshi mu bihe bikurikira:¹³

a. *Igihe uwakoze ikibi, amakosa yirimbuye, yasavye imbabazi, yasavye ikigongwe.* Uwagize nabi ashobora kuba yiteguriye kwumva amajambo akomeye nk’ayo imbere yuko uwagiriye nabi ashobora kuba yiteguriye kuyavuga. Wibube yuko uguhara kudashoborahe gutangwa ku nguvu—ni wewe uvyihitiramwo. Inyishu yawe y’ukuri ishobora kubakumbure, “Ndipfuzza kuguharira, ariko banza umpe uwundi mwanya, banza undindire, ego?”

b. *Uwagize nabi ashobora kuba atasavye ikigongwe kandi atanemeye ko yagize nabi, yamara kandi akaguma yiyagiriza mu mutima ko yakoze nabi ata nkeka na gato.* Urashobora kugira imbabazi no guharira uwakugiriye nabi mu kwizigira yuko azoza agasaba imbabazi (akaba atagisavye kubera isoni) amaze kuronka ikigongwe n’imbabazi wamuhaye; naho atokwihana, urashobora kwigira uzi neza ko wakoze ibishoboka vyose.

c. *Imigenderanire yawe n’uwo yakugiriye nabi yarononekaye, kandi mwese mukaba mushavuye.* Uwutabifisemwo uruhara runini arashobora gutangura kurondera ukwumvikana no gusubiza hamwe mu *gusaba imbabazi* ubwa mbere, ivyo navyo bigatuma urya wundi na we yerekana ko yigaye, ivyo navyo bikaguha akaryo ko guharira, bikakwugururira urugi rwo guharira.

d. *Ikibi canke ikosa ryakoze rishobora kuba ryabaye kera kandi uwo yarikoze akaba ata kintu na kimwe mugihuriyeko.* Akaryo gashobora kutaboneka kugira ngo werekane ko utanze imbabazi, ikigongwe ku wakugiriye nabi kumbure iyo uwo muntu aja yarapfuye, canke ntaboneke kubera izindi mvo canke yaragiye mu mahanga canke yarimutse. Mugabo nubwo bimeze birtyo, urashobora kwerekana ko uhariye mu buryo bw’ikigereranyo (nkuko tuja twarabivuze), canke werekane ukwo guharira ku muntu wo mu muryango w’uwo yakugiriye nabi, ubwoko bwabo, ishengero yakomokamwo, canke ukoresha umuryango, ubwoko, canke

¹³Aka gace gafatiye canecane kuri Enright 2001: ikigabane. 11.

ishengero, canke abandi bantu nk'intumwa kugira ngo habeho uburyo bw'uko mwohura hakabaho uguharirana.

e. *Uwo yakugiriye nabi ntanazi ko vyakubabaje, vyagutsitaje.* Umuntu ategerezwa kuzura akaboze canke kuvuga ivyabaye mu buryo yiyubara, nk'uko tuja twabivuze hejuru, utegerezwa kubanza kuraba yuko kwongera kuzura ivyabaye yuko bidahuhura n'akariho, bitononera kurusha ivyariho.

C. *Ibindi bimenyetso bidushikana ku nzira yo guharira*

1. Uharira kuko uvyigombeye, canke naho "ntuharira" vy'ukuri na gato. Ntushobora "gutegekwa" canke "guhatarwa" guharira.

2. Guharira ni ikintu umuntu yihitiramwo; Guharira bisaba ko ibikugize vuose bibamwo; guharira ni urugendo; guharira bifata igihe (kumbure ubuzima bwawe bwose); guharira ni igikorwa (bishobora gusaba inguvu zidasanzwe ku gihe kirekire); guharira ni uguhinduka (Uzohinduka; ntihazohera igihe kirekire bitabonetse, Kristo azobibona, kandi bizogaragarira n'abandi, babone ingene wahindutse ugerageza gusa na Yesu, canke kugira umutima nk'umwe wari muri Kristo Yesu biciye mu gikorwa kitoroshe, kigoye, cefashe igihe kirekire co guharira). Mbere, Klassen arabandanya akavuga gurtya: "Mu buryo butangaje, ibikomere canke amakosa atoharirwa aguha akaryo kadasanzwe mu buzima: ko guhinduka bimwe biboneka. Kuba warakomeretse mu mutima birashobora kugutegeka naho utoba ubishaka guhindura indoto zawe n'ivyo witeze, n'ingene wahora ubona ibintu. Ni hehe handi, ndetse mu bubabare bukomeye umuntu ashobora guhangana n'ibibazo bidasanzwe. Kugira ngo umuntu ashobore gusuzuma no gupima ukwizera uwundi ashingiyeko mu bugingo bwiwe, ni uko abikora nk'ikibazo. . .

Ni muri iyo ngendo yo guharira umuntu musha avumbuka. Naho abantu benshi batipfuzako ivyo bibabako, kandi iyaba bobanje kubazwa bokwishura bati: 'Sinshaka kumenya vyinshi nk'ivyo.' Ukuri ni uko twanka twakunda; ivyo birashika kandi ntibiduhitishamwo. Ni ubundi buryo bwo guhabwa akandi karyo, irindi bakwe. Gukomereka mu buryo budasanzwe, ni nko guhabwa ingabire." (Klassen n.d.: "Gusubizaho, kugarukana ibigize umuntu")

3. Urashobora kwitega kuzazanirwa; urashobora kwitega ko hasigara ishavu; urashobora kwitega kudatahura neza ibiriko biraba; kandi urashobora kwitega ko bija birahinduka mu rugendo uja imbere ukongera ugasubira inyuma. Uguharira gushobora kugereranywa n'umwana ariko ariga gutambuka. Umwana atangura kugira intambuko ntoya cane y'umwana yiga nyene, agifise impungenge. Aragira intambuko ya mbere kumbure n'iya kabiri agaca arwa hasi. Abonye aguye aca ashaka guterurwa na nyina ntagombe gusubira kugerageza gutambuka kuko yaguye. Yamara, uko igihe kibandanya, araja aramenyereza, agateba akamenya gutambuka. Arashira impungenge agateba akamenyera gushika yaho ashobora gushingura ikirenge akiruka. Arashika aho aba *uwidagemvya*.

4. Ububasha bwacu bwo guharira burashobora gufashwa no gutahura vy'ukuri yuko ubugizi bwa nabi butazubura kubaho. Kubabara, gutsitara, ibikomere, ivyaha, n'ibigabitanyo, bimwe binini ibindi bito, vyama vyabaye mu buzima. Abantu barikunda, bakigungirako. Hariho abatari bake bitaho abandi ariko bakiherako kandi ugasanga bagize ibakwe ryo kubandanya babaho neza. Ni watahura neza ivyo, bica vyorohera kwemera amakosa y'abandi n'ivyaha vyabo nk'uko na we bigushikira. Nk'uko Klassen abivuga: "[ukubabazwa] ni kimwe mu bigize ubuzima, co kimwe n'urukundo, ibikorwa no kunezerwa, kuryoherwa. Bimwe mu bikubabaza urashobora kuvyirinda, ibindi na vyo ntushobora kuvyirinda, bipfa gushika utabishaka. Igihe umuntu yemeye ko ukubabara kubaho, gushobora gushika, kandi ukamenya ko ataco ushobora kubikorako ngo ntibishike, bica vyumvikana neza ko uguharira gutegerezwa kuronka ikibanza mu buzima bwacu bwa misi yose; kandi ko ata kintu na kimwe kidashobora guharirwa kandi." (Klassen n.d.: "Ihame ry'uguharira: *ibikomere birabaho*")

V. Kwiharira ubwawe¹⁴

A. *Birashoboka k'umuntu yiharira.*

1. Smedes avuga ati, "Biboneka yuko hari abantu babiri gusa bafise uruhusha rwo kuduha uburenganzira bwo kwiharira. Uwa mbere muri abo ni uwo twagiriye nabi, uwo twakoshejeko. Uwa kabiri ni Imana ibabazwa n'uko tugiriye nabi abana bayo" (Smedes 1996: 96-97). Mugabo aca yongerako ati, "Igihe umuntu adusavye imbabazi, ikigongwe, aba ariko kandi asaba ikigongwe co

¹⁴Iki gice gifatiye kuri Worthington 2003: 222-25; na Smedes 1984: ch. 8; Smedes 1996: ch. 12; hamwe na Jeffress 2000: 183-84.

kwihaarira na we” (Ibid.: 97).

2. Igihe uwo wagiriye nabi yaguhariye, ni kubera iki na we utokwiharira ngo wibabarire? Iyo wakoze ibishoboka vyose mu gusaba ikigongwe n’imbabazi, ugasubiza mu buryo ivyo wari wononye, ukumva yuko bikubabaje kuba warakoze gurtyo, hanyuma ugasaba ikigongwe, yamara urya wundi akanka kuguharira, ugushobora kwiharira ubwawe guca kuvana n’uguharira kuvuye *ku Mana*, ntikuvana n’icaha c’ukudaharira kuvuye kuwo wagiriye nabi.

3. Iyo Imana yaguhariye, uri nde na we kugira ngo ntiwirekurire, ntiwiharire amakosa, ivyaha, n’ibigabitanyo wakoze—hamwe n’ububabare, ibikomere, no kubabaza imitima wateye abandi n’iyo witeye ubwawe? Iyo utihariye, uba wishize *hejuru y’Imana*, yo ija yaraguhariye. Ico na co ni co kigize icaha co kwirata canke kwishima, canke kwishira hejuru.

B. Naho bigoye kumbure kurusha guharira abandi, utegerezwa kwiharira, kwirekurira igihe ari ngombwa ko ubikora.

1. Ico nshaka kuvuga, uwagiriye nabi ni we wenyene afise ububasha bwo guharira uwamugiriye nabi: “Kwiharira, kwirwukurira,” bigushira mu mutigiri rw’uwakugiriye nabi, na wewe nyene wigiriye nabi, wicumuyeko. Yamara, kesnhi na kenshi turirengana, tukirengagiza muri ubwo buryo: turitwenga, tukihenda, tukibwira ibinyoma, tukishimira, tukibabaza, tukinegura, tukitora amakosa. None nimba ivyo vyose biba ni kubera iki tutokwiharira, tukirekurira, tukigirira imbabazi?

2. Turashobora kwiharira kurya duharira abandi. Turakwiye kuba abanyakuri kuri twebwe nyene mu mitima yacu, tugatahura amakosa, ibibi twakoze, tukatura ivyaha vyacu hanyuma tukihana (tugahindukira) tukava mu bibi twakoze, tukava mu nzira mbi tugenderamwo, turimwo. Muri ubwo buryo, kwiharira biratandukanye no guharira abandi, no kubohoka tugaharira abandi batugiriye nabi yamara bakanka kwihana; kwiharira bimeze nk’uko Imana iduharira—nk’uko Imana iduharira vyagenewe gusubizaho imigenderanire myiza hagati y’Imana na twe, ni ko no kwiharira vyagenewe gusubizaho imigenderanire myiza hagati y’umuntu ku giti ciwe n’ibimugize vyose, kugira ngo yumve yuko abohotse wese (“imigenderanire myiza dufise imbere muri twebwe nyene”). Ni co gituma, ukwihana no gusubiza ivyononywe canke kugarukana ivyononekaye canke ivyibwe, ivyankirijwe ari nkenerwa, ngombwa mu kwiharira.

3. Co kimwe no mu bundi buryo bwose bwo guharira, turiharira ku bibi twakoze, ibikorwa bibi twikoreye, ibikorwa bibi twiremeka, twikwegeyemwo, twigiriye, atari “abo turi canke ico turi co”. Turashobora gukwirikiza bwa buryo butane tuja twaravuze hejuru mu kwiharira nk’uko duharira abandi. Icongeyeko, ntihakwiriye kuba ugukekeranya mu kwibarira uti “Ko Imana iguhariye nanje ndaguhariye.” Turashobora kwibwira ivyo igihe haje igihe co gukekeranya ko tutihariye canke ko Imana itaduhariye. Turashobora gushira ku rutonde abo twubakanye, abatambukanyi bacu, abapasitori, abagenzi pfampfe bashobora kudufasha mu kwiharira. Turashobora gukora nk’uko twahariwe, tukareka kwama twiyagiriza twiyabirira, twikubita ku bintu Imana ija yaraduhariye, kandi ku vyo twakoze ibishoboka vyose mu gusaba imbabazi no kwihana ku bo twoba twaragiriye nabi.

4. Kwiharira birashobora kuba bifise akarusho ko kuduha ishusho isobanutse neza y’akameremere kacu gatandukanye n’aka Krsito. Biratugora kwemera ko twakoze nabi canke twacumuye—icon a co kikaba ari icago kibi, icaha kibi. Turihenda tukibesha tukibwira ko tutari “abantu babi, abantu b’inkozi z’ibibi” bashobora kubesha, kwiba, gusahura, gufata ku nguvu, gukorera abandi ivya mfura mbi, kwica, canke gukora ibindi bintu bibi vyose. Twategerezwa kwimenya kurusha uko uwundi muntu wese yotumenya (raba **Mat 5:21-32**; **Mrk 7:14-23**). Guhangana amaso mu yandi n’ikibi kiri mu mitima yacu bwite bidufasha kwitahura vy’ukuri, bikadufasha gukuraho ubwishime, kandi bikadushikana mu nzira y’uguca bugufi. Nk’uko guharira abandi bishobora kuboneka “nk’ikimenyetso kigaragara inyuma” kikerekana ikintu c’impwemu cabereye imbere mu mutima Imana canke Kristo yakoze mu mitima yacu, ni co kimwe no kwiharira, bishobora gutuma uguhara Kristo yadushikirije, yaduhaye kuba ukw “ukuri gufadika” mu buryo bwo mu bigumbagumba hamwe no kuvyemera ku giti ca buri wese.

VI. Guharira no kwihana¹⁵

A. Ukwihana imisi yose kwerekeye uwakoze ikibi (ni ukuvuga uwakira uguharrirwa) si uwagiriye nabi, (uwakorewe ivyaha canke nabi ni we atanga ikigongwe, ni we aharira).

1. “Ukwihana” si ukwumva ko wagize nabi gusa yamara ni “uguhindura hamwe no guhinduka kwo mu

¹⁵Iki gice gifatiye ahanini kuri Jeffress 2000: igice ca. 4; na Worthington 2003: 51-52; Smedes 1996: igice ca 11; na Smedes 1984: igice ca 7.

mutima” canke “uguhindikira.” Mu yandi majambo, ukwihana ni ukuva mu vyo wariko uragenderamwo bibi, ugahindikira, ukava mu nzira mbi wariko uragenderamwo, ukagendera mu nzira nsha nziza igororotse (Zodhiates, ed., 1993: *metanoëō; metánoia*).

2. Mu buryo bwiya guye, ukwihana “bisigura vy’ukuri kwigaya, kwicuza ko ivyo wakoze bitabaye vyiza, utabanje kuraba ingaruka nziza canke mb zishobora kugushikira. Harimwo uguhinduka kwo mu mutima—*ivyo na vyo bigashoboka igihe dutahuye yuko ubwawe wacumuye ku Mana ubwayo (2 Ngo 6:37-39; raba Yer 31:19)*. Ukwicuza kw’ukuri ntikwama kujana n’ibigumbagumba vyo kubabara, yamara kugizwe no guhindura mu vyiyumviro, ivyo na vyo bigategerezwa gushikana ku guhindura ingeso n’ingendo.” (Sande 2004: 118-19, harimwo ako nongeyeko)

3. Kwihana kugizwe n’intambuko zine, kandi “dutegerezwa guca kuri izo ntambuko zine zose imbere yuko duheza” (Smedes 1984: Igice.7). Izo ntambuko zine ni izi zikurikira:

a. Kubibona: Ubwa mbere utegerezwa kubona no gutahura ivyo wakoze ubirabiye mu maso y’uwundi muntu canke mu maso y’uwabikorewe. Ukabona, ugatahura yuko kubabazwa n’ivyo wamugiriye ari ukuri, ko atigirisha.

b. Ibigumbagumba: Ukava ku kubibona gusa ukaja mu bigumbagumba, ukugene umuntu yiyumva, ko yababaye canke atababaye. Ukumva ububabare wateye uwo wundi muntu. Usangira umubabaro n’uwo wabigiriye.

c. Kwatura:

(1) Kwatura si ukwemera gusa ko wakoze ikintu kanaka, yamara ni ukubabarana n’uwo wundi muntu, ukishira mu maboko y’uwo wundi muntu wagiriye nabi ata kundi kuntu ushobora gukora. Ukabwira uwo muntu ko ivyo wakoze, uwo wababaje, ko ivyo wamukoreye ari bibi, bitonaharirwa, kandi ko na we vyakubabaje.

(2) Aho bishoboka gukora gurtyo, utegerezwa gusubiza mu buryo ivyo wononye kugira ngo ugaragaze ukuri kwo kwatura kwawe. Uburorero keza ni aka Zakayo, amaze kwakira Yesu yaciye ubwiye nyene yivugira adasunitswe ati, “inusu y’umugabane wanjye, y’ubutunzi bwanje ngiye kubuha aboro, kandi abo nagunze ico ari co cose, nzobimuriha kane” (**Luka 19:1-10**) (raba Sande 2004: Ivyongeweko C, “Amahame y’ugusubiza”).

d. Isezzerano: Iyo ukwatura kwawe ari ukuri, biherera mu kwerekana ko utipfuzwa kuzosubira kugira nabi kandi ukerekana ko wisize nyabaranga ko utazobisubira.

4. Ukwihana ni ngirakamaro mu buryo bune:

a. Kwihana ni ngombwa kugira ngo umuntu yakire uguharira kw’Imana. Dukizwa kubw’Ubuntu bw’Imana gusa. Yamara, ukwihana kwacu ni *umugende, umuringoti* Ubuntu Ubuntu bw’Imana bucamwo. Hariho itandukaniro hagati y’*uguharira kw’Imana* no *kwiharira ubwawe*. Ubwo budasa bubonekera mw’itandukaniro riri hagati y’Imana n’umuntu, ivyo na vyo bikagaragarira mu budasa bw’ibisabwa hagati y’ukuba wahariwe n’Imana hamwe no kubabarirana, guharirana. Worthington avuga ati: “Abantu si Imana. Imana ishobora kumenya ivyo abantu bahekeyeko, ariko Abantu ntibashobora kumenya ivyinyegeje mu Bantu. Imana ishobora kuraba mu mitima yacu igasaba ko twihana. Jewe sinshobora kuraba mu mutima w’uwundi muntu ngo nshobore kumenya vy’ukuri icatumye akora kurya canke kuriya. (Na jewe ubwanje sinshobora kumenya neza vy’ukuri ico mpekeyeko, icatumye nkora gurtya canke kuriya.) Ni co gituma rero kwiharira, muri Bibiliya yose, bidasaba ko uwakugiriye nabi ari we yihana. . . . Mu Vyanditswe turabona itandukaniro riri hagati y’*uguharira kw’Imana* no *kwiharira*, canke kwirekurira. Fred DiBlasio yagerageje gusesangura Ivyanditswe vyerekeye *uguharira kw’Imana* n’*uguharira kw’abantu*. Ivyinshi bivuga ku *guharira kw’Imana* bikumatanya no *kwihana*. . . . Isezzerano Risha ryuzuyemwo ibintu vyinshi bivuga ku *kwiharira* canke kwirekurira. Ukwo kwirekurira canke kwiharira, dufatiye ku rutonde rw’imironko rwashizwe ahabona na DiBlasio, rufatiye ku buntu bugize abantu. Abantu ntibashobora kumenya ivyo umutima w’uwakoze icaha bihekeyeko, ntibashobora kumenya ingene umutima w’uwakoze icaha umeze. Ni co gituma uwagiriye nabi ategerezwa kugira imbabazi kandi agaca bugufi, akipfuzwa gutanga ikigongwe atarinze gusaba ko uwo yamugiriye nabi abanza kwihana.” (Worthington 2003: 51-52)

b. Ukwihana ni ngombwa kugira ngo habeho ugusubiza hamwe n’uwundi muntu, kugira ngo habeho ukwongera kunywana.

(1) Kubera yuko uguharira ari ikintu nyene ukugirirwa nabi akora mu mutima wiwe bwite, mu bwenge, no mu mushaha, uwo wundi muntu ntasabwa kwihana kugira ngo ushobore kumugirira ikigongwe, kumuha imbabazi canke kumurekurira. Nimba

uguharira gusaba ko uwo yakugiriye nabi abanza kwihana kugira ngo ubone kumugirira imbabazi, *ntivyoshoboka* ko uharira, *mbere naho wobaye ubishaka*, iyo uwakugiriye nabi yapfuye, yimutse, yabaye ikimuga canke atagishobora kuja ahabona, canke mbere yanse kwihana. Ahubwo: “abantu basabwa guharira kandi tubiharurwako igihe tudahariye (**Mat 6:12, 14-15; Luka 6:37-38**). Iyaba ukwihana kw’uwakugiriye nabi kwabanza gusabwa imbere yuko dushobora guharira, nta nkeka ko *twoba* tugowe hamwe uwo nyene kutugirira nabi ahisemwo canke yanse kwihana. Ku vy’ukuri Imana ntiyoduharurako ibintu bitava kuri twebwe, tudafisemwo uruhara, ibintu ataco dushobora kubikorako.” (Worthington 2003: 51)

(2) Ku rundi ruhande, guharira umuntu ntibisigura yuko mutegerezwa kwinjira mu migenderanire na we: guharira uwo mwari mufatanije mu rucuruza yakwivye ata kintu na kimwe gisabwe ntibisigura yuko uguma ukorana na we; guharira umuntu mubana (harimwo n’umugabo wawe) agukubita, ntibisigura yuko utegerezwa kuguma ubana na we mu kuvuga ngo ni ko zubakwa. *Gusubizaho imigenderanire, ubucuti, umwumvikano* ni vyo bigize ukunywana, ugusubiza hamwe. Ivyo bisaba ukwongera gushiraho *ukwizerana, ukwizigirana* n’uwakugiriye nabi. Uwakugiriye nabi ategerezwa *kugarukana, kwongera kuronka* uburenganzira bw’imigenderanire myiza nawe. Ni co gituma ukwihana kudasabwa kugira ngo ubone guharira umuntu yakugiriye nabi mugabo kandi ni ikintu gikomeye kugira ngo habeho ukunywana, ukwuzura na we. Nkuko tuja twabivuze: *Bisaba umuntu umwe guharira, mugabo bisaba abantu babiri kwuzura no kunywana.*¹⁶

¹⁶Ivyo bishobora kuba ari na vyo bituma Imana idusaba ko twihana kugira ngo iduharire: uguhara kwayo ntikutureka twenyene, mu kuba twarahariwe mugabo ntitugarukanwe mu migenderanire twari dufitanye kera na yo; ahubwo, uguhara kwayo kutugarukana muri ya migenderanire twari dufitanye na yo. Aho harimwo ko ariyo yaduhisemwo, yadutoye, ikadushira mu muryango wayo, ikaducungura, ikaduha umwandu, maze ikadushirako ikidodo ca Mpwemu Yera. (**Ef 1:3-14**). Nkuko Smedes abivuga, “igihe abantu bashaka guharirwa n’Imana, baba bashaka kwongera gufatanya na yo vyongeye. Yamara Imana yipfuzza ubumwe bufatiye ku kuri. Kandi kwihana si ikindi atari ukuba umunyakuri ku vyerekeye ivyo wakoze vyatumye havaho ubucuti wari ufatanye n’Imana. Iki ni co gituma umuntu adashobora *kwitega* guharirwa n’Imana shiti abanje kwihana ubwa mbere.” (Smedes 1984: 92-93)

Uku gutahura uguhara Imana iduha—kurimwo n’uko idusubiza mu migenderanire na Yo—vyashizwe neza ahabona na Sande mu kiganiro yagiranye n’uwo yariko arahanura, Rick, yari mu bihe bigoye cane vyo guharira (no gusubiza hamwe, kwongera kunywana) n’umugore wiwe, Pam (yari yasambanye): “narabona neza ko arushye mu maso. ‘ndazi’ ntakekeranya ko mwese mubabaye cane, Rick. Yamara, kandi sinibaza ko kwahukana kuzotorera umuti ico kibazo, kuzoheza ico kibazo. Ahubwo muzoba mukuye umuzigo ku rutugu rumwe muwungururije ku rundi rutugu. Hariho inzira yo gutuma mutahukana kandi ivyabaye bikaba kahise gusa, mukabishira inyuma yanyu. Yamara ivyo ntushobora kubironka kubera ico kigongwe n’ukwo guharira atakirimwo, kwo ku munwa wahaye Pam.”

“Ushatse kuvuga iki, ‘uguharira atakirimwo, uguhara kwo ku munwa, kutavuye mu mutima?’”

“Rick, iyumvire ko uhejeje kwaturira Imana icaha gikomeye, kandi bukaba ari ubwa mbere Imana ivuganye nawe mu buryo bwumvikana mw’ijwi: ‘Ndaguhariye, Rick, yamara sinzongera kukwegera.’ Wokwiyumva gute, wobifata gute, wovyakira gute?”

Amaze kwitsa umutima, amaze akanya gato, arishura ati, “nokwiyumvira, nokwibwira vy’ukuri ko Imana itampariye na gato.”

“None weho si muri ubwo buryo nyene uvuze ko uhariye Pam?” Icon i co kibazo nanje namubajije.

Rick aca araba hasi, agerageza kurondera inyishu.

Mu kajwi kongorera, ndabandanya, “Iyumvire ahubwo Imana ivuze iti, ‘Rick, ndaguhariye.

Ndagusezeraniye ko ntazokwigera nongera kwiyumvira ku caha wakoze, canke kukigarukako, canke no kwongera kukiguhora, canke no kwongera kukivuga. Ndagusezeraniye ko ntazokwongera kukigarukana, canke kukiguhora. Ngusezeraniye ko ntazokibwira n’abandi. Kandi ngusezeraniye koi co caha ntazokwemera ko gihagarara hagati yawe nan je canke ngo gitume imigenderanire yanje na we itosekara, canke yononekara.”

Amaze igihe kitari gito mu gacerere, ahoze, anumye, amosozi atangura gucundagurika mu maso ya Rick. “Noca menya ko nahariye vy’ukuri . . . Yamara sinoba mbereye izo mbabazi n’ico kigongwe nfatiye ku kugene nahariye Pam.”

“Wumva woba ubibereye na gato?” nongera kumubaza ico kibazo. “Uguhara kw’Imana ni ingabire yirebanga waronkejwe n’urupfu rwa Yesu ku musaraba. Ntaguharira kubera ubikoreye, canke kubera ubibereye. Aguharira kubera agukunda. Igihe utahuye neza udukekeranya ingene ukwo guharira ari ukwo agaciro nta ngere n’ukugene utari ukubereye, uzoca wipfuzza na we guharira Pam muri ubwo buryo nyene nk’uko Imana yaguhariye.” (Sande 2004: 202)

Nkuko duhejeje kuvyerekanwa aho hejuru, nkuko hari itandukaniro hagati y’Imana n’abantu, ni ko haboneka ko hari n’itandukaniro hagati y’uguharira kw’Imana no kwiharira canke guharirana. Yamara, ugushusha kuri hagati y’uguharira no kurekurana kuraboneka, kuragaragara: Ugutahura kwa Rick kw’ukugene Imana yamuhariye kwatumye asaa imbabazi

c. *Ukwihana ni ngombwa kugira ngo usubizwe mu rwego warimwo canke mu gikorwa warimwo.* Iki na co ni ubundi buryo bwo kurekuranira, kwiyunga. Naho woba warakorewe ivyaha, uwabigukoreye ategerezwa guharirwa uko iri kose, ivyo vyaha bishobora kugira ingaruka. Naho utegerezwa guca muri za ntambuko zitanu twavuzeko zerekeye uguharira uwakwivye amahera, canke uwafashe ku nguvu akagirira ivya mfura mbi umukobwa wawe, canke uwoba yakubabaje canke akagukomeretsa, kumuharira ntibikuraho ko ubutungane bukora igikorwa cabwo, ashobora no gusabwa kuriha ihadabu rikomeye (ashobora kunyongwa, kuja mw'ibohero, gucirwa ihadabu, gusubiza ivyo yivye canke yanyaze, isoni, gukurwa mu kazi, n'ibindi.) bivanye n'ivyo yakoze. Ni co gituma, muri **Mat 18:15-20, 1 Kor 5:1-5, na 2 Kor 2:5-8** Yesu na Paulo bemeza yuko abanywanyi b'ishengero bacumuye bategerezwa gutozwa indero, bategerezwa guhabwa igihano (mugabo kandi ubwo bukaba uburyo bwo kubagarukanao mw'ishengero) ishengero ribaha igihe icaha cabo cagize ingaruka kw'ishengero ryose.

d. *Ukwihana ni ngombwa kugira ngo wumve ko ukuweko ukwiyagiriza n'isoni.* Vyose isoni (ukwiyagiriza ko wakoze nabi, ukwikurako agashambara, kwumva ko utakiri wa wundi kubera ivyo wakoze bibi) no kwiyagiriza (kwumva ko utsinzwe, ko uri umunyamafuti, umunyamakosa) ntibizoshobora kuva ku munyavyaha, ku munyamakosa kugeza igihe amenyeshesheje, yatuye kandi akihana ico caha yakoze. Aho ni ho honyene ashobora gutangura urugendo rwo gusubizwa mu burenganzira bwiwe mu bantu no mu kibano yari yarakoshesheje, yaragiriye nabi, isoni ziwe, hamwe n'icaha ciwe, n'ukwitsindisha, hanyuma akabona kubohoka kandi n'ico caha kikamuvako

B. *Ivyanditswe ntibisaba ukwihana nk'icangombwa kugira ngo umuntu aharirwe.*

1. Hariho ibice vyinshi (uburorero, Mrk 1:14-15; 6:12; Luka 13:3; 24:47; Ivyak 2:37-38; 1 Yoh 1:9) bifatanyaga uguharirwa no kwihana. Yamara, ivyo vyose duhejeje kuvuga vyerekeye ku guharira kw'*Imana*, agakiza, no ku gusubiza mu migenderanire myiza umuntu w'umunyavyaha n'*Imana* igororka. Nta na kimwe muri ivyo bice vyerekana yuko uwagize nabi ategerezwa kubanza kwihana, canke kwatura imbere yuko aharirwa. Ikindi, ivyo bice vyose bivuga ku bantu *bagomba* guharirwa, ariko ntibivuga ku bantu bakeneye *gutanga imbabazi n'uguharira*.

2. Ibisomwa bibiri bidasanzwe ni vyo abantu bakunda guhagararako kenshi na kenshi bavuga yuko kwihana kugira ngo babone guharirwa n'abo bagiriye nabi: Mat 18:15-20 (“Mugenzawe ni yakugirira nabi, ugende, umuhishuke mwiherereye; ni yakwumvira, uzoba wigaruriye mugenzawe . . . n'atabumvira ubwire ishengero; ni yanka kwumvira ishengero na ryo, kuri wewe azoba ari nk'umunyamahanga n'umutozakori”); na Luka 17:3-4 (“mugenzawe ni yakora icaha, umuhanure; ni yihana, umuharire. Kandi ni yakugirira nabi indwi ku musu umwe, agahindikira ibihetangabo ndwi, akakubwira ati, Ndi hanyeye; uzubimuharire.”). Rimwe na rimwe umugani w'umwana w'icangazi, **Luka 15:17-21** (“Data nacumuye ku yo mw'Ijuru no mu maso yawe, singikwiye kwitwa umwana wawe”), urakunda kuvugwa no gusubirwamwo. Yamara, nta na kimwe muri ivyo vyose, gisaba yuko uwagize nabi abanza kwihana imbere yuko umuharira:

a. *Umuntu ategerezwa kwiyubara kugira ngo atandukanye ibivuzwe hamwe n'ibisabwe.* **Luka 15 na 17** *havuga* ku kintu aho uwakoze nabi yihanye. *Ntihavuga* yuko uwagiriye nabi azoharira “ni yo, kandi ni yo honyene” uwamugiriye nabi abanje kwihana. Ni co kimwe, *ntihavuga* yuko uwagiriye nabi *adashobora* guharira iyo uwamugiriye nabi *atihanye*.

b. Muri **Luka 15**, *raba neza, naho uwo mwana w'icangazi “yisubiyemwo” akerekana yuko yigaye yihanye, biboneka ko se yamuhariye ataranashikiriza icyumviro co kwihana, ataravugaga amajambo wo kwihana kuri se (Luka 15:20).*¹⁷ Mwongere murabe neza, se muri uwo mugani yerekanye vyose “guhitamwo guharira” hamwe “no guharira kwo mu bigumbagumba” (Worthington 2003:53-54).

Pam ku kugene yari yamuhenze ngo aramuhariye, hamwe n'inzikira yari yamugiriye n'ubwo yari yamubariye ko “amuhariye”. (Nkoresheje amajambo ya Worthington, Rick ubwa mbere yari yavuze amajambo yo “guhitamwo guharira”; ariko igihe yasaba Pam ko amuharira ishavu n'umujinya udasanzwe yamugiriye, yari ashikiriye “uguharira kwo mu bigumbagumba, mu bishika” na ho nyene.) Ivyo na vyo vyatumye na Pam na we acuncubura umubabaro wiwe wo kwiyagiriza, isoni, n'ubwoba, ivyo na vyo bishikana ku kwubakana nyakuri, bongera babana amahoro nk'uko atarari cabaye hagati yabo (Ibid: 203).

¹⁷ Kugeza ku rwego rw'uko se muri uwo mugani ahagarariye canke aserukiye Data wo mw'Ijuru, kwihana ni ngombwa, nkuko tuja twabivuganyeko. Mugabo naho bimeze gurtyo, muraraba neza mumenye ko ari se yafashe ingingo yo *kwiruka* gusanganira umuhungu wiwe, mbere naho uwo muhungu wiwe “yari akiri kure cane”. Ni ko bimeze, na Data wa twese wo mw'ijuru ni we yafashe ingingo yo kuducungura, yo kudukiza. Raba **Yoh 1:12-13; 6:37, 44; Ef 2:8-9**.

c. *Ibigize ibizungurutse Mat 18 biboneka ubwa mbere yuko harimwo ibintu vyerekeye igihano canke gutoza indero kw'ishengero, icaha gifise ingaruka kw'ishengero, kandi/canke gusubiza mu ruhongore uwari yarwikuyemwo canke ku musubiza mu kibanza yarimwo.* Ellingworth avuga yuko Yesu yaravuze, yasubiyemwo ivyavuzwe muri **Yoh 20:23** “nta nkeka ko ari ugutanga igihano no gutoza indero uwuri mw'ishengero, mu murwi w'abizera, si uguhakana kugirira ikigongwe, imbabazi ivyaha yakoze ku gatwe kiwe,” na **Mat 16:19** hamwe na **Mat 18:18** “na ho nyene harasa, yamara kumbure havuga mu buryo rusangi ku ngingo zerekeye ibishobora kwemerwa n'ibidashobora kwemerwa mu bagize ishengero aho kuvuga ku guharira kwonyene” (Ellingworth 1992: 242). Mu buryo bumeze gurtyo, ukwihana ni kwiza, kurakenewe kandi ni ngirakamaro kugira ngo umuntu asubizwe mu kibanza yari yatakaje kubera ivyaha yakoze. Itandukaniro hagati y'ivyo n'umuntu, uguharira kw'abantu kuvugwa ku gice gikurikira ico nyene uhereye muri **Mat 18:21**, aho Petero yabajije ati “Mushingantahe, Mwami, incuti yanje ni yangirira nabi, nzomuharira ngeze kangaha? Ngeze indwi?” Kristo ntiyasavye ko uwacumuye, uwagize nabi abanza kuza akihana kugira ngo aharirwe “indwi-ndwi gushitsa ibihetangabo mirongwirindwi” (**Mat 18:22**).

d. *Ubwa nyuma, dutegerezwa kugumiza mu mutwe itandukaniro riri hagati yo kwakira imbabazi no gutanga imbabazi.* “Kwihana ni ikintu ciza cane gituma vyorohe no kwemera uguharirwa, yamara ataco kimaze ku vyerekeye ugutanga ikigongwe, canke uguharira” (Jeffress 2000: 73). **Luka 15** na **17** havuga ku bantu bashaka guharirwa; berekanye ko bihanye kugira ngo bagirirwe ikigongwe, baharirwe, bahabwe guharirwa.

C. Guharirwa ntigushobora “gukorerwa” mu kwihana, yamara uguharira ata gisabwe kugaragaza ukuri, ubushobozi, ukubohoka, umwidgevmyo, ukwubaha, n'urukundo.

1. Benshi biyumvira yuko “iyu uwatugiriye nabi atihanye, ntabereye guharirwa.” Smedes arishura iki kibazo cane: “Ni vyo koko, ntabereye guharirwa. Nta n'umwe abereye guharirwa. Kandi n'amosozi yose naho yongana n'amazi y'ikiyaga ya Neptune ntibica bituma agira uburenganzira bubereye ko aharirwa. Guharira mu buryo ubwo ari bwo bwose n'ukw'abantu batabereye na gato guharirwa. Kwicuza no kwigaya ku kibi wakoze ntibituma turonka uburenganzira bwo guharirwa. Vyoshoboka gute? Ikintu citwa uburenganzira bwo guharirwa canke kubabarirwa ntikibaho. Ukubabarira canke uguharira kwiburuka mu kintu abize bibiliya bita Ubuntu gusa—igikundi udashobora kwironkera, udashobora gukorera, utanabereye. Ubuntu muntu aronka kuko yabukoreye ubwo ntibuba bukibaye Ubuntu. Mu nzira yindi itariyo, nimba tubereye guharirwa, ntituba dukwiye no kwitwa abo turi bo.” (Smedes 1984: 90-91)

2. Hariho imisi yose agahaze hagati y'ivyo uwagize nabi aheraniye uwo yagiriye nabi n'ivyo ashobora kuriha. Dufatiye kuri uyu mwana w'icangazi (**Luka 15**) mbere naho uwo mwana yavuze ati, “Data, naracumuye,” ntiyarishe amahera yari yatwaye canke imyaka yatuntuje se wiwe; mbere ahubwo, uwo muhungu yari yayishije umugabane wiwe ubuhumbu. Mbere n'ukwihana nyakuri kw'uwafashe uwundi ku nguvu akamukorera ivya mfura mbi ntazosubiza ibukumi canke ibusugi uwo yakoreye ivya mfura mbi, canke umwicanyi ntazogarukana ubuzima bw'uwo yishe, ukwihana nyakuri k'uwakuogoye ijisho ntikuzotuma ijisho ryawe rica rigaruka. Ukwihana “ntigukuraho inkovu” ni ukwihenda kwibaza ko kwihana gukuraho inkovu. Rero ni ukwihenda iyo tubanza gusaba ngo uwatugiriye nabi abanze kwihana imbere yuko tumubabarira, tumuharira.

3. Ntushobora gutegeka umuntu kwihana naho wogira gute. Uwo yakugiriye nabi ashobora kuba yarapfuye, yaragiye, yarimutse, canke adashoboye kwihana, ashobora kuba atanazi ko yakugiriye nabi, canke na ho atanabinezwe, atavyitayeho. Uguharira ata kintu na kimwe gisabwe gufatira kuri ivyo vyose. Uguharira kwawe ntikuvana n'uko uwakugiriye nabi yihana kuko ukwihana kwiwe kutavana n'uko wewe ubitegetse.

4. Guharira ata kintu na kimwe gisabwe bisaba ubushobozi. Bigushira mu kibanza c'uko ushobora guhitamwo gutanga imbabazi cake kuzigumya, kuzimana. Gusaba ko uwagize nabi abanza kwihana imbere yuko umubabarira bikubohera kuri we, ni nk'uko uagenda umwikoreye. Ivyo bituma uguma ugendana uwo muntu yakugiriye nabi, yakubabajije mu mutima. Gusaba yuko uwakugiriye nabi abanza kwihana imbere yuko umubabarira bimuha ububasha bwo kukujana iyo ashaka, gutegeka canke kujuragiza umutima wawe, ubwenge bwawe n'ubushake bwawe.

5. Guharira ata gisabwe bikubora ku wakugiriye nabi. Bikubohora ku kuba umuja wa kahise, kuba umuja w'ikibi, bikubohora ku kubabara wagize, no ku kibi cakozwe. Biguha kwidgevmya. Bituma ukira ukabandanya n'ubuzima bwawe.

6. Guharira ata kintu na kimwe gisabwe bigaragaza ukwubaha uwakugiriye nabi. Guharira uwundi

muntu utabanje gusaba ko yihana bigaragaza yuko umufata nk'umuntu *ashobora* guhinduka. Ivyo ni vyo bimutera intege zo guhinduka canke bimukwegera ku guhinduka.

7. Guharira ata gisabwe ni ukwerekana urukundo rwinshi. Nkuko twaja twabivuze mbere, kimwe mu bigize “ibigumbagumba bigishushe” bishikana ku kudaharira ni ubwoba. Yamara Bibiliya ivuga yuko, “ata bwoba buba mu rukundo, arikurukundo ruhinguye rusenda ubwoba” (**1 Yoh 4:18**). Nk'uko Jeffress abivuga: “nimba kwihana ari ngombwa kugira ngo habeho uguharira, ivyo bica bisigura yuko dutegerezwa guhangana n'uwatugiriye nabi wese imbere yuko tumuharira vy'ukuri. . . . Yamara vy'ukuri twipfuzza kumara umwanya wacu wose canke buzima bwacu bwose dusaba abantu bose badukikuje ko bihana? Mbega hamwe twobikora gurtyo abantu bose ntiboca baduhunga batubonye tuje kuko baba bazi yuko “tugiye kubategeka ko bihana”? Ikirengeye ivyo, mbega ubuzima bumeze gurtyo ntibunyuranye n'ibigenze urukundo rukristo, urukundo 'wireragiza vyose, ntirwiyumvira ikibi ku bandi' (1 Kor 13:5, NIV).” (Jeffress 2000: 80)

8. Guharira atakiririze gusabwa gukurikira akarorero ka Kristo. Yesu yaraduhariye imbere yuko tunatura ngo twihane ivyaha vyacu (raba **Mrk 2:3-12; Luka 7:36-48; 23:33-34; Yoh 8:1-11**). Ni co gituma, twari dukwiye guharira abandi mbere n'imbere yuko batura, imbere yuko banasaba n'imbabazi canke ikigongwe.

VII. Kwakira imbabazi canke ikigongwe ku vyaha vyawe wacumuye ku Mana no ku bantu

A. Wakire kandi uryoharerwe uguharira kw'Imana yaguhariye.¹⁸

1. Ko dukwiye guharira abandi nk'uko natwe twahariwe, ni ngombwa ubwa mbere kwakira uguharira kw'Imana mu mitima yacu, mu bwenge no mu mishaha eka no mu bugingo bwacu. Jeffress avuga ati, “Ntushobora gutanga ico udafise” (Jeffress 2000: 143). Muri ubwo buryo, ni ngombwa “kwumva” canke “kunezererwa” uguharirwa Imana yacu yaduhaye. Smedes arongerako akavuga ati, “Isano riri hagati yo kwumva ko wahariwe n'ubushobozi bwo guharira ni urupfunguruzo rw'ibindi vyose” (Smedes 1984: 120). Turakwiye kubona *ubukene bwacu canke ko dukwiriye* guharirwa n'Imana. Turakwiye kugira ugutahura guhagije ku vyerekeye Imana no kwitahura— gutahura ko Imana ihambaye kandi ko ari Iyera kandi ko igorotse, ari nziza, igira neza, tugatahura kandi n'ivyaha vyacu vyo mu mitima yacu kandi ivyo na vyo bikonona imitima yacu, n'ubugingo bwacu, bikonona ibitugize vyose (uburorero, **Ita 5:1-3; Zab 51:5; Yer 17:9; Yoh 8:31-34; Rom 3:9-18; 6:6, 20-21; 7:14-25; Ef 2:1-3; Tit 3:3; 2 Pet 2:18-19**).

2. Turakwiye kwiyumvira ku kugene, no ku rugero twahariweko—ico ciyumviro gikwiye kwama na ntaryo mu mitima yacu no ku kugene twibona, twiharura. Uko kwitahura, kwimenya, no kumenya yuko dukwiriye guharirwa na twe bwacu nyene, bituma vyorohe cane guharira abandi (kandi ivyo vyotugira *indyadya* mbi zirengeye abandi iyo tudahariye abandi). Nkuko Kristo yabivuze, uwahariwe vyinshi agira urukundo rwinshi, kandi uwahariwe bike agira urukundo ruke (**Luka 7:47**).

3. Turakwiriye gutahura akamere k'Imana n'urugero Imana yaduhariyeko. Imana yaraduhariye vyose kandi ibihe vyose ata na kimwe gisigaye, kivuyemwo—itaduhariye, ataco isigaje kandi atanuguhigimanga.

a. Bibiliya ikoresha imvugo nyinshi ngereranyo kugira ngo itwereke itugaragarize ingene Imana yaduhariye atakuduharurira, yaduhariye vyose, atagahigimanga, ata na kimwe isigaje itaduhariyehe, uguharira kw'Imana yaduhariye vy'ukuri ni:

(1) **Zab 103:12:** “Nk'ukw i Burasirazuba hitanguye i burengerazuba, uko ni ko yashize kure ibigabitanyo vyacu.”

(2) **Yes 38:17:** “Kukw ivyaha vyanje vyose wabirengeje inyuma yawe.”

(3) **Yes 43:25:** “Jewe, ni jewe nyene nsibanganya ibicumuro vyawe kubwanje nyene, kandi ivyaha vyawe sinzovyibuka ukundi.”

(4) **Mik 7:19:** “Uzoduhindukirira utugirire ikigongwe, uzosiribangira ibigabitanyo vyacu musni y'ibirenge vyawe: kandi uzoterera ibigabitanyo vyacu vyose i bwina mu kiyaga.”

b. Ukwitangakw'ikimazi kwa Kristo yatwitangiye kwatumye habaho uguharirwa ivyaha vyacu kw'ibihe vyose:¹² Ariko uwo we, amaze gutanga ikimazi kimwe c'ivyaha c'intahava, avyagira i buryo bw'Imana . . .¹⁴ Kukw ikimazi kimwe ari co yatunganishije rwose abezwa, ukazoshitsa ibihe bidashira . . .¹⁷ Kandi ivyaha vyabo, n'ukugabitana kwabo sinzovyibuka ukundi. (**Heb 10:12, 14, 17**)

¹⁸Iki gice ahanini cafatiwe ku vyavuzwe na Jeffress 2000: 143-55 Smedes 1996: ibice. 8, 14; na Worthington 2003: ibice. 3.

c. *Hamwe vyúkuriri twotahura urugero rw'ivyaha vyacu canke ukugene turi abanyavyaha, tugatahura urugero rw'ubuntu bw'Imana, n'urugero rw'uguharirwa kwacu, twari dukwiye gukenguruka, kugira urukundo, guca bugufi, no guharira abandi.* “Kubera yuko Imana yakoze ubwa mbere mu rukundo, mu mbabazi no mu kugororoka, mu kuri, inyifato y'abakristo nayo yategerezwa gukurikiza ivyo vyose vyatangujwe n'Imana, harimwo no gukenguruka. Mu vyerekeye ubukristo, Imana ubwayo ni yo yabitanguje, ni yo yafashe iya mbere. Abantu bamwe bavuze ko ugukenguruka ari *urufatiro* rw'ibishika rukristo (**Zab 50:14, 23; 1 Tes 5:18**).” (Worthington 2003: 63)

d. *Guharira kw'Imana yaduhariye ivyaha vyacu n'ibigabitanayo vyacu ni icitegererezo c'ukugene dukwiye guharira abandi: tukabaharira vyose ata kivuyemwo, kandi ibihe vyose, tutabahaririye, canke ngo hagire ivyo dusigaza.*¹⁹

B. *Rondera guharira kw'abandi.*²⁰

1. Iyo vy'ukuri tubonye kandi tugatahura ko dukeneye guharirwa kandi ko na twe ubwacu turi abanyavyaha, tugatahura urugero Imana yaduhariye, kandi tugatahura yuko dukwiye kwama duharirwa n'Imana mu vyaha dukora imisi yose, ivyo yategerezwa gutuma turondera uguhara kw'abandi twagiriye nabi canke twacumuyeko, kandi twababaje. Ahubwo mbere, kurondera imbabazi no guharirwa n'abandi ni kimwe mu bituma twoharira abtugiriye nabi natwe. Mbega none kare ho, twokwigungirako gute guharira abandi igihe tutaja ku Mana gusa, ariko tuja *no ku bandi bantu*, kubasaba imbabazi n'uguharirwa?

2. Kurondera uguhara ni intambuko ya mbere ijana ku kunywana no ku kwuzura (ukubarira, ugushona imigenderanire yari yaravanyweho n'ibigabitanayo, n'ivyaha canke n'ukuryarukana). Kurondera imbabazi no guharirwa vyategerezwa gukorwa inyuma yuko wagiriye nabi umuntu, wacumuye ku muntu—muri ubwo buryo, haba hariho umwanya muto w'uwo wagiriye nabi wo “gukomantaza umutima” no ku kwiyumvira nabi, mu bigumbagumba, hamwe n'ishusho mbi yawe kwiubaka mu mutima wiwe.

3. Kurondera guharirwa kugizwe n'intambuko zitari nke zikurikira:

a. *Kwiyemeza ko ukeneye gusaba ikigongwe.*

(1) Nk'uko “duharira” gusa ivyaha canke ibintu bibi vyakozwe (harimwo n'amajambo mabi yoba yaravuzwe, canke ibiganiro bibi) vyábo batugiriye nabi, ni nako dukwiye kurondera gusaba ikigongwe canke kurondera guharirwa n'abo twagiriye nabi mu bikorwa, mu majambo, no mu mvugo. *Kwiyumvira nabi* gusa umuntu, kumwipfuzwa, canke ibindi vyiyumviro bibi ku muntutibikwiye gutuma twoja kumusaba ikigongwe ngo aduharire. Sande avuga ati, “Kw icaha gikwiye kwaturwa ku bandi bantu no ku Mana bivana n'uko coba cari “icaha kibabaza” canke “icaha cakorewe ikibano”. Icha co mu mutima kibaho mu vyiyumviro vyawe gusa kandi ntigire ingaruka ku bandi bantu. Ni co gituma gikwiye kwaturirwa Imana gusa.” (Sande 2004: 127)

(2) Mu guhitamwo nimba dukwiye gusaba ikigongwe canke kurondera guharirwa, ntudukwiye kubanza guhakana ko turi abatsindwa, ngo tureke kwiyagiriza, canke ngo tuvunge ngo ivyo twakoze ntaco bitwaye, nta we vyababaje, nta we vyagiriye nabi. Twategerezwa kubanza kuraba kuri ibi bikurikira: (A) *Mbega turatewe isoni n'ivyo twakoze, twagize?* (B) *Mbega turigaya, turababajwe n'ivyo twakoze?* (C) *Mbega ivyo bituguma mu mutima igihe cose* (kumbure tukagerageza kwerekana impamvu twabikoze)? (D) *Mbega turigereranya canke turishira mu kibanza c'uwo twabikoreye, twababaje* (kumbure mu kwibwira tuti, “Ni mubi nkuko nanje ndi mubi—canke na ho uti Jehu ndamirika!)? (E) *Mbega twaranyegeje, turabeshe kugira ngo ivyo twakoze ntibije ahabona kubera isoni?* (F) *Mbega ubugingo bwacu bwahindutse gute kubera ivyo twakoze* (mbere no muri utwo tuntu “tw'urwenge” dutuma tuba “abanyamanyanga” canke tugatuma imitima yacu “ikomantara”)? (G) *Mbega turipfuzwa cane kubohoka kw'isoni n'ukwiyagiriza ku vyaha twakoze?* (H) *Mbega twaratuye*

¹⁹Inzira imwe nziza yo kwiyumvira ku guharira abandi ni burya buryo dukura mu gitabo c'I katekisimu mu gitabo c'amasengesho kivuga ku masakaramento: “Amasakaramento ni ikimenyetso kigaragara inyuma kivanye n'ivyabaye imbere mu mutima no mubuntu bw' mpwemu, vyatanzwe na Kristo nk'ukuri n'uburyo kanaka turonkamwo ubwo buntu” (*Igitabu c'Amasengesho*, 1979: 857). Ico cyumviro co guharira abandi kiremwa muri twebwe na Kristo aho ashira ahabona ihwaniro ry'uguharira kw'ijuru n'uguharira kw'abantu muri **Mat 6:9-15; 18:21-35; Mrk 11:25-26; na Luka 7:36-50**.

²⁰Iki gice gifatiye ahanini kuri Jeffress 2000: 155-64; Enright 2001: igice. 14; na Chapman na Thomas 2006: *passim*.

ivyaha vyacu ku Mana hanyuma tukakira uguharirwa na yo (ni no muri ubwo buryo dukwiye kurondera no guharirwa n'uwu twagiriye nabi)?

(3) Iyo ari icaha twakoreye uwundi muntu atabizi, atazi n'ibibi wamugiriye (tuvuge nk'ubusambanyi wagiranye n'uwundi muntu, naho umutambukanyi wawe yoba atabizi) birashobora kugorana cane kurusha. Jeffress avuga yuko dukwiye kubanza kwibaza ibibazo bitatu mu bintu nk'ivyo: (A) *Mbega turakwiye gusubiza?* Nimba uwabikorewe hari ico yatakaje, yahomvye, yamara atazi na gato uwabiteye, uwabitumye, canke uwatumye atakazi bintu kanaka, ni uruhara canke igikorwa cawe atari ico gusaba ikigongwe gusa no kurondera guharirwa, yamara utegerezwa no gusubiza, ahubwo gusubiza ni kwo kugaragaza ukuri ko wasavye ikigongwe, ko wihanye, kandi ko ugusaba guharirwa kwawe gufise urufatiro. (B) *Mbega ivyo wakoze, ivyaha wakoze bishobora kuzomenyekana gute?* Ubusambanyi wakoze haheza nk'imyaka mironko itatu bushobora kutazojya ahabona kuwo mwubakanye ubu, ariko icaha c'ubusambanyi woba warakoze nko mu mezi atandatu aheze gishobora kumenyekana ku wo mwubakanye, kandi uwo mwubakanye avyumvitse ku wundi muntu canke ku bandi bantu ko wewe wasambanye bishobora kumubabaza kurusha aho yovyumva bikwiviriye mu kanwa. (C) *Mbega ukwatura kwawe kurubaka canke kurasambura uwukwumva?* Arabandanya akongerako ati, “Iki ni ikibazo gikomeye cane. Rimwe na rimwe, ukwipfuzwa “kwatura” kwacu ushobora gusanga ari ukwikwegerako canke ukwishima. Naho dushobora kwumva ko turemurutse duhejeje kwaturira uwo twubakanye, bishobora we kumuvuna cane no kumwonona. Rimwe na rimwe urukundo rwitanga rujanye n'ubushake bwacu bwo kwikorera imitwaro yacu aho kuyiremereza abandi.” (Jeffress 2000: 158-59)

b. Gusaba uguharirwa, gusaba imbabazi.

(1) Wibuke yuko “gusaba ikigongwe canke guharirwa ari ugusaba uwo wagiriye nabi ko hari ico yokora: kukurekurira ivyo wakoze” (Jeffress 2000: 161). Gusaba umubonano n'uwu wagiriye nabi ni uburyo bwiza bwo kuvugana—kuvugana amaso mu yandi bituma uwo muntu yumva ingene uduza canke umamura ijwi, akaraba ingene mu maso hacu hifashe ko tubesha canke tutabesha, akaraba ingene duta amaboko canke twaya amaboko, kandi akabaza n'ibibazo bigenda bikurikirana, vyose (canke vyinshi) usanga mutoshobora kuvuganira kuri terefone canke utoshobora kwandika mw'ikete.²¹ Ikindi, ukubonana amaso mu yandi bifasha kwerekana ko ibintu wabifashe nka nkama kandi bikagaragaza yukovy'ukuri wipfuzwa kugirirwa ikigongwe, imbabazi, uguharirwa. Ivyo biba ukuri canecane kubera yuko iyo urugendo canke ikirere utegerezwa kugenda ari kirekire canke ibindi bintu vyose ivyo bigusaba ari uburyo bwinshi. Nk'uko Jeffress abivugaga, “umwanya n'ukwitanga ako kigoro gasaba bishobora kuboneka ko ari binini kandi birebire, yamara nta ho vyogereranywa n'umunezero ugira igihe ata caha kikurega mu mutima” (Ibid.).

(2) Gusaba uguharirwa kurimwo ibirengeye kuvuga ku munwa gusa ngo “mbabarira” Harimwo kwemera ububabare bwo gucishwa bugufi no gukengerwa biba igihe twemeye ko twakosheje, turi mu makosa. Ivyo birashobora cane cane kuba bifise ico bivugaga kidasanzwe igihe uri imbere y'umutegetsi, uwufise ububasha, umukuru. (uburorero, umugabo wawe, umuvyeyi wawe, canke umukoresha wawe) aho utegerezwa kwicisha bugufi no gusaba uguharirwa n'umuntu muto kuri we, ahubwo anakoresha, agaburira, arisha, abeshejeho (uburorero, umugore, umwana canke umukozi wawe uhemba, ukoresha). Mugabo naho biri uko, “nimba tugomba kubohoka, dutegerezwa kwemera ukwo kubabara kugizwe no gucishwa buguufi hamwe n'akagaye abo usavye ikigongwe, uguharirwa babifatana canke babiguhana” (Enright 2001: 254).²²

²¹Harashobora kuba hariho ubundi buryo dusanga mu mico kama y'ibihugu kugira ngo barabe ingene batorera umuti w'ibibazo nk'ivyo, bashobora gukoresha abantu bo mu muryango wo hafi canke wa hagufi abashingantahe bo ku mitumba, abaromesha kiyago, abarongozu b'ubwoko canke b'imiryango, abarongozu b'amashengero, canke abandi bantu bameze nk' “abaja hagati” canke abahanuzi. Ishengero rifashe igikorwa co gukora kugira ngo habeho uguharira.

²² Dutegerezwa kwibuka (kandi ibi bikunzeze): tuba twubashe kandi twumviye Kristo. Ikindi, Kristo na we baramutetereje bamuteza isoni ahibonekeza mu kumushinyagurira, kumukubita, no mu kumubamba ku musaraba yambaye ubusa, ari gusa, kubera ivyaha abandi bantu barakoze; igihe dusavye umuntu imbabazi, ikigongwe, twebwe tugira isoni mu mpishocanke ducishwa bugufi mu mpisho (shiti twakoze icaha c'ahagaragara, aho na ho ukwatura kwacu gutegerezwa

(3) Jeffress asanga hariho ibintu bine bifatanye no gusaba uguharirwa canke ikigongwe umuntu: (A) *Kwanka gushira amakosa ku bandi*. Naho yoba ari uwundi, canke mbere uwo muntu nyene uriko urasaba ikigongwe, naho yoba ari we vyavuyeko, wewe ukwiriye kugumiza amaso yawe ku ruhara wagize. (B) *Raba icaha wakoze ico ari co*. ntugerageze kugira bito ivyo wakoze canke ngo ubirenzeko uruho rw’amazi. Uwo wundi muntu we arazi ivyo wakoze; ubu rero ashaka kumenya neza ko uzi nawe neza ivyaha canke icaha, canke ikosa wakoze ingene bimeze. (C) *Menyeshya wemere, ingorane wateje*. Uwo wundi muntu ashaka kumenya ko utahura ingene yababaye kubera ivyo wamukoreye. Iyo wemeye ko (canke ukanavuga yuko “udashobora kwiyumvira urugero rw’amagogwa wamuteje, ingene wamubabaje [canke akabonge wamushizemwo, canke ingene wamwambitse urubwa, wamuteje isoni, ukamukurako agashambara] ivyo bishobora kuba vyaragushizemwo”) bizotuma uwo wundi muntu ashaka yipfuzza kuguharira. (D) *Musabe aguharira, akugirire imbabazi, ikigongwe*. Ntutegerezwa kwatura gusa icaha wakoze, ariko herahereza ico kiganiro usaba ko akurekurira n’umutima wiwe ubikunze umwenda umufitiye ufatiye ku makosa wamukoreye. Ntushobora gusaba uguharirwa; kandi ntushobora no kwiyumvira ko uwo usavye ikigongwe ategerezwa kukiguha kubera inyungu ziwe. Ahubwo, Jeffress avuga yuko umuntu akwiye kuvuga amajambo asa n’aya: “Ndabonye ko nakugiriye nabi mu buryo bumeze _____. Nzogerageza uko nshobora kwose kugira ngo sinsubire kurwa muri ico caha naho mbona ubu ata kintu na kimwe nshobora gukora kugira ngo nkureho ingorane naguteye. Ivyo nakoze ni bibi, nta n’umwe nshobora kubitako atari jewe ubwanje nyene. Ndaje uyu musu kuri wewe ngusaba ko wongirira imbabazi bimwe bivuye ku mutima ivyo nagukoreye vyose.” (Jeffress 2000: 163)

(4) Chapman na Thomas na bo nyene bavugaga ku ntambuko zitanu umuntu ashobora gukurikiza mu gusaba ikigongwe no mu kwigaya: (A) *Kwerekana ko wigaye, ko wicujije* (uburorero, “ndasavye imbabazi.”); (B) *Emera ko wabikoze, vyagushikiye* (uburorero, “ni jewe nakosheje.”); (C) *Subiza* (Uburorero, “Nokora iki ngo nongere ndabigorore, ndabitunganye, ndabisubize ku murongo?”); (D) *Ihane vy’ukuri* (uburorero, “Nzogerageza uko nshoboye kwose sinongere kubikora ukundi.”); na (E) *Saba guharirwa, ikigongwe no kugirirwa imbabazi* (uburorero, “Ndasavye imbabazi, ungirire ikigongwe?”) (Chapman naThomas 2006: *passim*).

(5) Sande afise uburyo ndwi bwo kwatura abivugamwo: (A) *Vugana n’uwo ari we wese wakoreye ikibi*. Atura ivyaha vyawe ku muntu wese vyagize ico bimugirako, yashikiriye n’ibibi wakoze; (B) *Irinde aya majambo akurikira: iyo, ariko na kumbure*. Ijambo “iyo” (ni ukuvuga, “ndasavye ikigongwe ni yo naba narakoze ikintu cagushavuje”) vyonona cane ukwatura kubera yuko uba werekanye ko utazi ko wakosheje canke utakosheje. Ni co kimwe n’ukuvuga amajambo nka “hari aho nari mu makosa,” “kumbure nari kuba naragerageje kurusha,” “nshobora kuba narananiwe kwigumya, yamara nari ndushe,” kandi “ndasavye imbabazi ko nakubabaje, mugabo kandi na we wari wambabaje vy’ukuri,” ivyo bigwiza n’ubusa ukwo “kwatura kwose” kandi bikonona kwerekana ukwatura no kwihana kwawe nyakuri; (C) *Emera neza udacishije iruhande ivyo wakoze*. Uko uja mw’ido n’ido udacishije iruhande igihe watura, ni ko uwo waturako na we yumva ko akwiye kukugirira imbabazi; (D) *Emera ko wamubabaje*—ukwiriye kwerekana ko utahura ukugene uko wabababaje umuntu vyagize ingaruka kuri uwo muntu; (E) *Emera ingaruka*. Mu buryo buboneka kwemera ingaruka z’ivyaho wakoze, harimwo kugerageza gusubiza ivyoba vyaranyazwe, gusanura ivyononekaye, ni kwo kugaragaza ukwihana nyakuri; (F) *Hindera ingendo n’inyifato*. Bwira uwo muntu watsitaje, wacumuyeko, wagiriye nabi ingene upanga guhindura ingendo n’inyifato yawe muri kazoza; (G) *Saba imbabazi, ikigongwe (bihe umwanya uhagije)*. Kuba vyukuri waciye muri izo ntambuko duhejeje kuvuga bigutuma usaba guharirwa mu buryo buboneka. Gusaba imbabazi n’ikigongwe bituma wikurako uruhara rwawe ukaruremeka uwo wasavye imbabazi. Yamara, ntukwiye gushira igitsure canke umusunikano kuri uwo wagiriye nabi ngo yihute kuguharira. Uwo wagiriye nabi ashobora kuba akeneye akanya katari gato kugira ngo na we abanaze

gukorerwa ahagaragara) ku caha *twebwe ubwacu twakoze*. Vy’ukuri, “umushumba ntasumba shebujira” (Yoh 13:16; raba kandi na Mat 10:24; Luka 6:40; Yoh 15:20).

iyiyumvire, asenge, hanyuma “ahekenyere” ico caha yakorewe hamwe n’ukwatura kwawe. (Sande 2004: 126-34)

(6) Birashoboka ko uwo muntu turiko turasaba imbabazi yoba yarapfuye, atakiboneka, canke akiyankira kuvugana nawe. Canke, uwo muntu arashobora kutwishura inyishu icuramye ku kigongwe twasavye ahigimanga, akanka, canke na ho mbere akanatwirukana akaduha igisate, akadukubita. Nubwo aho biba bigoye, nimba vy’ukuri ata nkeka tuba twakoze ibikwiye gukorwa vyose mu kwicuza no kwemera amakosa y’ivyo twakoze, tugasubiza ivyononekaye canke ivyanyazwe, tukihana (tugahindura inzira zacu), tukarondera ko tugirirwa ikigongwe n’imbabazi kandi ko tunabiheza, turashobora kugira umutima utaturega “wo kumenya yuko yaba Imana canke uwo uwundi muntu n’umwe ashobora kukwagiriza ko utagerageje gutunganya ibintu, no kwitatura na mugenzawe” (Jeffress 2000: 164).

c. *Gukura muri Kristo, no kuba umuntu mwiza yahindutse nk’ingaruka y’ivyo wacyiyemwo, y’ukwihana.*

(1) Enright avuga yuko, nk’ingaruka y’icaha wakoze no kurondera uguharirwa, twategerezwa: (A) *Kurondera canke kuraba insiguro mu makosa yacu no mu kunanirwa kwacu* (ni gake iyo ibintu bigenda neza hari icirwa dukuramwo, ariko iyo ibintu bigenda nabi, tunanirwa, dukura mwo ivyirwa bikomeye); (B) *Tukamenya yuko dukomezwa cane n’ivyo twacyiyemwo* (kuko bisaba umwete kugira ngo umuntu yemere ko yakosheje imbere y’uwo yakoshejeko, hamwe no kumuhangara, ivyo birakomeza cane, bigatuma vyoroheza no guhangara gusaba imbabazi no muri kazoza ku makosa yandi muntu ashobora kugira ata bwoba); (C) *Mwibuke ko mutari mwenyene* (ni ukuvuga, turakwiriye gushigikirwa muri izo nzira zose,²³ kandi dusanga tumaze nk’abandi bantu—bigatuma tutakiba abirasi, abishima, canke ngo dukengere, tugaye abandi); (D) *Guhitamwo, no gutera intambuko zisabwa kugira ngo ntukongere kurwa muri ico caha, canke ntukongere gukora ico caha;* hamwe no (E) *Kwumva ukwidegemvya, ukubohoka kuri kwa kwiyagiriza no kwitsindisha, hamwe no kwumva umunezero no kwidegemvya kuzanwa no kwatura hamwe no kwakira imbabazi bizanana.* Ibi bintu vyose bitegerezwa kutwegereza Kristo kandi bikatugira nk’uko Kristo ameze muri kazoza.

(2) Ivyo bintu bitanu nyene Enright avuga ko tugundura iyo tumaze kwakira uguharirwa ko vyama biriho bidacye mu makosa yacu, uwo wundi muntu yoduha canke ntaduhe imbabazi twamusavye. Igihe twabwemo twakoze ibitwerekeye, ukwidegemvya no gukura kuzanwa no gusaba imbabazi, ugusubiza ivyononekaye hamwe no kwihana ntidushobora kuvyankirwa kubera uwundi muntu adashobora kwishikana ku guharira.

(3) Sande avuga yukodushobora kuronka ukwidegemvya ku vyaha vyacu mu “gukorana n’Imana kugira ihindure imyifato [yacu] n’ingendo yacu yo muri kazoza” (Sande 2004: 134). Yongera agasanga yuso Imana yiteguye kudufasha gukura no guhinduka kandi ko ata caha canke ingeso mu bugingo bwacu bidashobora kuneshwa n’ubuntu bwayo. Uruhara rwacu na rwo rugizwe n’ibi bikurikira: (A) gusenga; (B) kunezererwa mu Mwami; (C) kwiga; no (D) gushira mu ngiro ivyo twize (Ibid.: 134-35).

KUREKURANIRA

Ibisomwa ngenderwako nyamukuru dushobora gufatirako

I. Imana yatwiyujeko kubwa Kristo, kandi ica iduha igikorwa co kugabura umwuzuzo (2 Kor 5:16-21):

¹⁶ Ni co gituma uhereye none tutagira uwo tumenya uwo tumenya ku vyo ku rukoba, naho twari tuzi Kristo mu vy’umubiri, ariko none ntitukimumenya dutyo. ¹⁷ Nuko rer’umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’icaremw gisha.: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha. ¹⁸ Arikw ivyo vyose biva ku Mana, yatwiyujeko kubwa Kristo, ikaduha igikorwa co kugabura umwuzuzo, ¹⁹ ni kwo kuvuga yuko Imanayari muri Kristo yiyuzuzo

²³ Kubera yuko uguharira ari rwo rufatiro rugize ubukristo, ishengero ryategerezwa kumenya yuko uruhara n’igikorwa caryo ko ari ugufasha no gushigikira intambuko zose zerekeye canke zijana ku guharira no gusubiza hamwe. Mbere, ubushakashatsi bwerekanye yuko “abantu baronka ugushigikirwa kuvuye ku bagenzi bo mu mirwi mu mashengero bashobora guharira kurusha abantu bo mw’ishengero bataja mu mirwi” (Worthington, 2003: 70).

*n'abari mw isi, ntiyaharurakw ibicumuro vyabo, kandi yatubikije ijambo ry'umwuzuzo.*²⁰ *Ni co gituma tur'intumwa mu gishingo ca Kristo, Imana isa n'ibingingira muri twebwe. Turabinginga mu gishingo ca Kristo, mwuzure n'Imana.*²¹ *Umwe atigeze kumenya icaha, Imana yamuhinduye icaha kubwacu, kugira ngo muri we duhinduke ukugororoka kw'Imana.*²⁴

II. Imana yarasenyuye ibihome vyose bibuza ukwuzura mu bantu bari bafise ibibatandukanya bidasanze (Ef 2:11-22):¹¹ *Nuko mwibuke yuk ubwa mbere, mwebwe abanyamahanga ku rukoba, mwebwe mucitwa “abatakebwe”, n'abo bitwa “abakebwe” n'intoke ku mubiri—*¹² *kukw ico gihe mwari mutandukanye na Kristo, muri n'itandukaniro n'ihanga rya Isirayeli, muri injabuka ku masezerano y'ivyagezwe, ata co mwizigiye ku bizoba, mwari mw isi mutagira Imana Rurema.*¹³ *Ariko noneho, kuko muri muri Kristo Yesu, mwebwe abari kure kera mwigijwe hafi n'amaraso ya Kristo.*¹⁴ *Ni we mahoro yacu, kuko yahinduye ya macakubiri kuba kimwe, ahomvowe ca gisika co hagati cadutandukanya,*¹⁵ *ubwansi amaze kubuhinduzwa ubusa umubiri wiwe, ni bwo vya vyagezwe birimwo amabwirizwa ava mu vyashinzwe, kugira ngo muri we ya macakubiri ayarememe umuntu umwe musha, ngw azane amahoro aryo,*¹⁶ *kandi ngw ayo macakubiri, amaze kuyagira umubiri umwe, ayuzurishe n'Imana umusaraba, awicishije bwa bwansi.*¹⁷ *“Yaraje, ababwira ubutumwa bwiza bw'amahoro, mwebwe abari kure; kandi abari hafi na bo ababwira amahoro”;*¹⁸ *kuko uko turi amacakubiri, ari we adushikiriza Data wa twese, turi muri Mpwemu umwe.*¹⁹ *Nuko ntimukiri abashitsi n'akavantara, ariko musangiye ubwoko n'abera, muri abo mu ngoro y'Imana,*²⁰ *kuko mwubatswe ku mabuye y'itanguriro, ari yo ntumwa n'abavugishwa n'Imana, Kristo Yesu ari we buye rigumya imfuruka.*²¹ *Muri we ingoro yose, yubatswe neza, irakura ngw ibe urusengeru rwera mu Mwami wacu.*²² *Muri we namwe murubakanwa, kugira ngo muheshwe na Mpwemu kuba ingoro Imana ibamwo. (Raba kandi Rom 10:12; 1 Kor 12:13; Gal 3:28; Kol 3:11)*

A. Amacakubiri ahambaye kurusha ayandi yose hagati y'abantu mw'Isezerano rya Kera, kandi afise ico avuga ku kumeya Imana, yari itandukaniro hagati ya Isirayeli n'abanyamahanga; muri Kristo iryo tandukaniro ntirikiriho, ni co gituma, abantu bose b'ubwoko bwose canke b'uburyo bwose bararinganiye, barangana imbere y'Imana. Kubera umwansi wa mbere ahambaye hamwe n'igisiga gikomeme gitandukanya abantu carahomvowe muri Kristo, ubwansi buto buto hamwe n'udusika duto duto dutandukanya abantu na two nyene twarahomvowe; ni co gituma, muri Kristo ata bisika biriho bibuza ukwuzura no kunywana mu bantu na bamwe canke mu bwoko na bumwe, canke mu bibano na bimwe.

B. Intumbero ya Kristo ni uko twese tuba “umuntu musha” kandi tukaba amahoro; ni co gituma, ukuba umwe kwacu no kubana amahoro kwacu ni “ikimenyetso c'inyuma kigaragara” yuko vy'ukuri muri Kristo Yesu.

C. Ico Imana yadukoreye (nk'uko vyavuzwe muri ico gice co hejuru), gitegerezwa kutwuzura kikuzura n'abandi bantu bagize ubugingo bwacu (nkuko Paulo abivuga mu gice gisigaye co mu cete yandikiye abo muri Efeso).

Sande avuga ukugene imyifato yacu nk'abuzuriza abandi n'abaharanira amahoro bitegerezwa kwiburuka bivuye mu kugene twuzuye n'Imana biciye muri Kristo Yesu: “Icete Paulo yandikiye Abanyefeso gifatiye ahanini canecane ku guharanira amahoro. Ibice bitatu vya mbere bidondora intumbero nziza ihambaye y'agakiza k'Imana. Mu gice ca kane, Paulo atangura gusigura ingene dutegerezwa kwifata ku vyo Kristo yadukoreye. Raba neza, Paulo ashira hejuru y'ibindi vyose ugushira mu ngiro Ubutumwa Bwiza: ‘Nk'imbohe y'Umwami wacu, ni co gitumye mbinginga ngo mugende uko bibereye ihamagarwa mwahamagawe, mwiyoheje rwose, mufise uburwaneza, mwihangana, mubabariranira muri mu rukundo, mushishikaye kuzigamisha ubumwe buva kuri Mpwemu umugozi w'amahoro’ (Ef 4:1-3). Ijambo ry'Ikigiriki ryahinduwe ‘mushishikaye’ muri iki gice bisigura kugerageza uburyo bwose bushoboka, kandi babihahamiye. Ni ijambo umumenyereza, umwigisha w'abarwana n'ibikoko ashobora kuba yarakoresheje igihe yarungika abantu ngo barwane gushika ku gupfa barwana n'ibikoko hariya i Kolosayi: ‘Mukore ibishoboka vyose ntimupfe uyu musu, mwirwanire ntimupfe uyu musu!’ Ni na ko Umukristo ategerezwa guharanira no kurwanira amahoro n'ubumwe. Nta nkeka ko ari co gituma, ukugerageza kunywanisha abantu utabishizemwo umwete wose, ufise imitima ibiri binyuranye n'iciyumviro Paulo yari afise mu mutwe.” (Sande, 2004: 52)

²⁴Izina ryasobanuwe “umwuzuzo” ni *katallagē*, iryo na ryo rikaba rifatiye “ku guhinduka canke ku kwuzura bivuye ku bwansi bwari hagati y'abantu bigashikana ku bucuti no ku bugenzi” (Zodhiates, 1993: *katallagē*; raba kandi Danker, 2000: *katallagē*, “gusubizaho imigenderanire yari yarononekaye canke yari yaratosekaye, *ukwuzura, umwuzuzo*”). Irvuga na ryo ryahinduwe “kwuzura” na ryo nyene risa n'irya mbere ry'izina *katallassō*, na ryo rikaba rifatiye “ku gukaba ububisha n'imigenderanire y'ubugenzi canke ubucutithe, mwuzure” (Ibid.: *katallassō*).

III. Ukwuzura kwacu hagati yacu nyene kurafise akamaro mu vy'impwemu kandi kujanye n'ugutazira Imana kwacu (Mat 5:21-26):²¹ “Mwarumvise kw aba kera babwiwe ngo Ntukice: uwica aba ashikiwe no gutsindwa n'urubanza.’²² Ariko jehi ndababwira y'umuntu wese azorakira mugenzi we azoba ashikiwe no gutsindwa n'urubanza, uzotuka mugenzi we, ngo Wa kijuju we! Azoba ashikiwe no gucirwa kw'iteka, uzomutuka ati, Wa gipfu we, azoba ashikiwe no gutabwa mu muriro wa Gehinomu.²³ Ni wajana ishikanwa ryawe ku gicaniro, ukahibukira ko hari ico upfa na mugenzawe,²⁴ usige ishikanwa ryawe imbere y'igicaniro, ubanze ugende wikiranure na mugenzawe, uce ugaruka, ushikane ishikanwa ryawe.²⁵ Wuzure vuba n'ukurega mukiri mu nzira, ukurega ntagushikirize umucamanza, umucamanza akaguha umusoda, ugashirwa mw'ibohero.

²⁶ Ndakubwira ukuri y'utazohava na gatoya utishuye n'ikuta ry'imperera.”²⁵

A. Muri iki gice Yesu aravyerekana neza ingene hariho urufatangane hagati y'ukwuzura n'abandi hamwe n'ukwuzura kwacu n'Imana.

B. Iki gice kiragaragaza akamaro Imana ishira ku kwuzura, ku mwuzuzo hagati y'abantu— ni ikigaragaza ko dufise “umutima w'ubwami.”

Dallas Willard yerekana ingene iri hangiro ryo muri **Mat 5:23-24** rikomeye na ryo ni iri: “uri kumwe n'abaherezi mu Ngoro imbere y'igicaniro, witeguye gutanga ikimazi cawe ku Mana. Ni igihe gikomeye cane mu migenzo y'abizera. Mu bisanzwe nta kintu na kimwe categerezwa guhagarika uwo mugirwa, canke uwo mugenzo kiretse uwundi mugenzo ukomeye kuruta uwo wasabwa gukorwa ako kanya nyene ata kubanza gutebagana.

Ako kanya nyene, umuntu agejeje hagati ari muri uwo mugenzo, akibuka ko hari umuntu afise ico bapfa, yamugiriye nabi. Amaze kubona ko ari ngirakamaro ku ubugingo canke umushaha wiwe utegerezwa kubohoka, kandi akababazwa n'ugutanukana kwiwe na we, aca ahagarika uwo mugirwa, uwo mugenzo. Akagenda, akamurondera, akiyuzuzwa na we canke akitatura na we. *Ivyo bigaragaza, vyerekana umutima mwiza w'ubwami.*

Kugira ngo tubona ingaruka z'ico kigereranyo, reka twiyumvire twebwe ubwacu kuri irya mihango ducamwo mu kurongora canke mu kubatizwa canke mukwatirirwa ibanga ry'ubupasitori. Tugejeje hagati turi muri uwo muhango, tugaca dusohoka tugiye kurondera kwitatura canke kwiyuzuzwa, canke kunywana n'umuntu atari ngaho muri icyo mihango, ari kure mbere. Ico cerekana, canke ni ishusho urukundo rw'ubwami ari bwo bugororotsi bw'ubwami.” (Willard 1997: 156)

IV. Abakristo basabwa, bategekwa na Kristo hamwe n'intumwa gukora ibishoboka vyose kugira ngo babane mu mahoro hamwe n'ukwuzura na bese.

A. Nkuko Kristo yabitegetse, yatugeze kubana amahoro na bese (Mrk 9:50): Umunyu ni mwiza; arik'umunyu woshira uburyohe, mwoba mukiwuryohesha iki? Mugire umuntu mu mitima yanyu, kandi mubane amahoro.

B. “Icete ico ari co cose mw'Isezzerano Risha kirimwo icagezwe, itegeko ryo kubana amahoro n'abandi” (Sande 2004: 51).

1. Rom 12:18: Namba bishoboka, mu ruhande rwanyu, mwuzure n'abantu bese. (Raba kandi **2 Kor 13:11; 1 Tes 5:13**)

2. Rom 15:5-7:⁵Ariko Imana itanga ukwihangana n'uguhumurizwa ibahe guhuza imitima yanyu, nk'uko Kristo Yesu agomba; ⁶kugira ngo muhimbaze n'umutima umwe n'akanwa kamwe Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ni yo Se. ⁷Nuko mwemerane, nk'uko Kristo na we yabemeye, kugira ngw Imana ishimishwe.

3. 1 Kor 1:10: Ariko ndabingira, bene Data, mw izina ry'Umwami wacu Yesu Kristo, mwese mube imvugarimwe, kandi n'ibice ntibiremwe muri mwebwe, ariko mutunganywe rwose hamwe, muhuje umutima n'inama.

4. Kol 3:15: Kandi amahoro ya Kristo aganze mu mitima yanyu, ayo mwahamagariwe ngo mube umubiri umwe: kandi mube abama bakenguruka.

²⁵Ijambo ryasobanuye mwuzure kuri **5:24 ni diallassomai**. Rifise insiguro imwe na *katallassō*, mu yandi majambo., “gusubizwa mu migenderanire yahozeho canke kubana neza, kwumvikana n'uwundi, *kwuzura*” (Danker 2000: *diallassomai*).

V. Kristo n'Intumwa bese baragaragaje ukwuzura mu bugingo bwabo bwite.

A. Kristo yagaragaje ukwuzura mu bugingo bwiwe hamwe yari ngaha kw'isi (Rom 5:8-11): ⁸Arikw Imana yatweretse urukundo rwayo idukunda, kuko Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha. ⁹Nuko none tumaze gutsindanishirizwa n'amaraso yiwe, tuzorushiriza guheshwa na we gukizwa uburake bw'Imana. ¹⁰Ko twujijwe n'Imana n'urupfu rw'umwana wayo, tukiri abansi bayo, none tumaze kwuzura nayo, ubugingo bwiwe buzorushiriza kudukiza. ¹¹Kandi si ivyo vyonyene, arikw ikindi, tunezererwa Imana kubw Umwami wacu Yesu Kristo, yaduhesheje kwuzura na yo.

B. Kristo yabandanije kugaragaza ukwuzura mu gikorwa ciwe nk'umuherezi Mukuru (Heb 7:23-25):

²³Kandi ba bandi babaye abaherezi benshi, kuk'urupfu rubabuza kwamaho, ²⁴arik'uyo we, kuko yamaho ibihe bidashira, afise ubuherezi budakurwaho. ²⁵Ni co gituma ashobora gukiza rwose abashikira Imana kubwiwe, kuko na ntaryo yamaho ngw abasabire. (Raba kandi **Rom 8:34; 1 Yoh 2:1**)

C. Intumwa zaragaragaje ukwuzura mu bugingo bwazo (gereranya na Mat 20:20-24 n' Ivyak 1:13-14; Ivyak 15:36-40 na 2 Tim 4:11; raba kandi Flm 10-18).

VI. "Igihe tudashoboye gutorera umuti amatati ubwacu, Imana itegeka ishengeru kwinjira mwo, rikagira ico rikoze rigakoresha ubwenge bwaryo, uburyo bwaryo, n'ububasha bwaryo ngo ritorere umuti iyo ngorane (Mat 18:16-17; Flp 4:2-3; 1 Kor 6:1-8)" (Sande 2004: 14).²⁶

A. Kubera ishengeru ari umubiri umwe, ugizwe n'"ingingo" nyinshi zitandukanye zifise ingabire zitandukanye, ni ngirakamaro kuronderamwo canke gutoranya bamwe bubahwa, b'ubwenge, bakomeye mubakuze mu kwizera, bakigishwa, bagakora nk'abaremesha kiyago canke abahanuzi, abaja hagati y'abatase, kugira ngo ukwuzura hagati y'abanyeshengeru kubone kubaho (eka mbere n'abandi batari abanyeshengeru na bo babone kwuzura).

B. "Abahanuzi canke abuzuriza abandi bashobora gukora ibikorwa bitandukanye mu matati" (Sande 2004: 191).

Sande avuga yuko ibi bikorwa bigizwe no: 1. Gufasha abantu bari mu matati ngo bafate ingingo zikenewe kugira ngo amahoro yongere aboneke; 2. Gufasha kugira ngo abantu bongere bavugane mu gutera integer impande zose zishamiranye ngo bategane ugutwi, bumvirane; 3. Bafashe kumenya ivyabaye mu kwumviriza impande zose, mu kubaza ibibazo bijanye, bitomoye, kandi no mu gufasha abo bashamiranye ngo bamenye neza ivyabaye, n'ingene vyagenze; 4. Mu gutanga impanuro no kugira inama ukugene bokwifata muri iyo mishamirano, canke muri ukwo kutumvikana (nk'uko bivugwa muri Mat 18:17 na 1 Kor 6:1-8); 5. Mu gutera integer abo nyene ngo bihane baturanire mu gushira ahabona ingeso izo ari zo zose zabonetse ko zinyuranye n'ico Bibiliya ivuga, yigisha; 6. Gufasha gutora inyishu bafatiye ku mpanuro za Bibiliya ku bintu mu kubarongorera ku mahame yerekanwa na Bibiliya n'uburorero bwo muri Bibiliya; 7. Bafatire ku bwenge bafise hamwe n'ivyo bacyemwo kugira ngo bashike ku muti urama ku ngorane kanaka ziboneka (Ibid.).

Gutahura no gushira mu ngiro ukwuzura no kunywa mu bugingo bwacu²⁷

I. Amatandukaniro ari hagati yo guharira no kwuzura

A. Uguharira biva mu mutwe w'umuntu ahitamwo guharira uwamugiriye nabi, uwamurenganije; kwuzura na kwon i abantu babiri baja hamwe kugira ngo basubizeho imigenderanire yari yavuyeho, yoonekaye, yononywe n'umwe muri abo (mu yandi majambo ni ugukuraho intambanyi zibuza ubugenzi, ubucuti, ubumwe).

"Bisaba umuntu umwe guharira. Arikomkwongera gusubiza hamwe bisaba abantu babiri bari baratandukanye batandukanijwe n'ukutumvikana kanaka.

²⁶Ivyongewe F ku vya Sande uwuharanira amahoro ni ivyerekeye "kwimenyereza kuba umunyamahoro, uwuharanira amahoro mw'ishengeru ryawe." Ishirahamwe ryiwe, Ibikorwa vy'abaharanira amahoro, harimwo amakuru yerekeye ukwigisha abaharanira amahoro, kwigisha abanywanisha abandi, kumenyereza abandi muri ico gikorwa, hamwe n'ibikorwa bijanye no kunywanisha abandi. Aho twotora ibikorwa vy'abaharanira amahoro ni aha hakurikira—Agasandugu k'amakete 81130, Billings, MT 59108, Reta zunze ubumwe za America; hamagara kuri—(406) 256-1583; agasandugu ngurukanabumenyi—mail@HisPeace.org; website—www.HisPeace.org.

²⁷Iki gice gifatiye ahanini kuri Worthington 2003: chs. 9-12; Jeffress 2000: igiceca 5; na Smedes 1996: igice ca 3; no kuri ubwa kabiri Enright 2001: igice ca 15.

Guharira kubaho mu mutima w'ukwakomerekejwe. Kwongera kuja hamwe biba mu migenderanire hagati y'abantu babiri.

Turashobora guharira uwutigeze asaba imbabazi canke ikigongwe. Ntidushobora na gato vy'ukuri kugira ubucuti n'ubumwe n'uwutigeze yerekana ko ababajwe n'ivyo yakoze bibi.

Turashobora guharira naho tutoba twizeye uwatugiriye nabi ko atazobisubira kandi. Ukwongera kwunga ubumwe kubaho iyo twizeye ko uwo yari yatugiriye nabi yihanye vy'ukuri ikosa yadukoreye kandi ko atazobisubira.

Uguharira nta co guhekerako. Gusubiza hamwe kurafise ico guhekeyeko.” (Smedes 1996: 27)

B. Kugereranya ubudasa buri hagati yo guharira no kwuzura²⁸

	<u>Uguharira</u>	<u>Ukwuzura</u>
<i>Ni nde?</i>	Umunu umwe	Abantu babiri canke barenga
<i>Iki?</i>	Ingabire itangwa	Urayikorera, tupa kuyihabwa
<i>Gute?</i>	Gusubiriza mu bishika	Gusubiriza mu ngeso
<i>Hehe?</i>	Mu mubiri wawe	Mu migenderanire yanyu
<i>Vyoshikwako gute?</i>	Izira ya piramide ya bwa buryo bwo guharira	Ikiraro gishikana ku kunywa

II. Kubera iki ukunywana, ukwuzura ari ngirakamaro mu buzima

A. Umwuzuzo ni icabona c'ububasha bw'Imana, kandi ugaragaza ukwumvira Imana kwacu kw'icagezwe gikuru Kristo yatanze muri rya joro rishira umusi yabambweko.

1. Muri rya joro ryiwe rya nyuma ngaha kw'isi imbere yuko abambwa, Yesu yavuze ibi: Ndabahaye icagezwe gisha: ni mukundane; nk'uko nabakunze, abe ariko namwe mukundana. Ni mwagiriranira urukundo, ni ho bose bazomenya ko mur'abigishwa banje. (Yoh 13:34-35)

2. Ata mwuzuzo uriho, turananirwa kwereka isi icemero, ikintu nyamukuru c'uko turi abigishwa ba Yesu Kristo.

B. Umwuzuzo udushoboza kwihanganira no guhangana n'inyampi canke agasotoro k'umwansi.

1. Mu buryo bubi, ukudashobora kw'abakristo, kw'abizea kwuzura kurabatandukanya, kandi kukabashira kure na kure, bigatuma umwansi abatera mu buryo bworoshe, kuko atawitayeho uwundi.

2. Mu buryo bwiza, abizera babanye amahoro mu bumwe, baba bafise umwumvikano n'ubumwe kandi baba ari intamenwa, intavogerwa, bagashobora gutsinda urugamba, intambara, indwano y'ivy'impwemu turimwo twese (Ef 6:12), kugira ngo amarembo y'i kuzimu ntaneshe ishengeru (Mat 16:18).

C. Ukubana amahoro kwacu no guhezagira abandi kuzokwamukamwo Imihezagiro, Imigisha y'Imana kuri twebwe (1 Pet 3:8-9): ⁸Ibisigaye, mwese muhuze umutima, mubabarane, mukundane nk'abavukana, mugiriranire imbabazi, mwicishe bugufi mu mutima; ⁹ntimugere ikibi ku kindi, cank'igitutsi ku kindi, ariko mubigerane n'umuhezagiro, kukw ico ari co mwahamagariwe, kugira ngo namwe muragwe umugisha.²⁹

III. Ingene twokwuzura

A. Umwuzuzo ntupfa gushika mu kanya isase, mugabo ufata igihe kandi usaba ibintu kanaka ko bibanza kubaho.

1. Jeffress yerekana intambuko zine ukwuzura gufata (Jeffress, 2000: 115-23):³⁰

a. *Ukwihana*. Naho umuntu ashobora guharira uwundi atigeze yemera ko yagize nabi, yagize ikosa, kenshi na kenshi ukwuzura imigenderanire bisaba ubushake bwo kwemera ikosa no kumenyesha ingorane ivyo vyateye, kugira ngo ukwumvikana, ugukira kw'imigenderanire kubeho, kandi kugira ngo ubucuti n'imigenderanire vyongere bigaruke, vyubakwe ku rufatiro rukomeye.

²⁸Kurya kugereranya kwabuwe kwa Worthington 2003: 171, ukugereranya kugira 9.1.

²⁹“Umugisha” twakira uvuye ku Mana usa neza “n'inyifato igororotse Petero aduhamagarira, adutegeka [abizera] ko dukwiye kugaragaza mu mirongo ya 8-9a” (Grudem 1988: 147). N'ubwo bamwe mu basiguye Bibiliya bavuga yuko “umugisha” bavuze ari agakiza ka nyuma, hari ikindi kintu gikomeye twashobora kuvuga ni uko Petero asigura ari ukubaho ubuzima bwiza butagira agatosi buhezagira abandi ku bibi bakugiriye bizozana imigisha iva ku Mana muri ubu bugingo bwa none (gereranya na Michaels 1988: 178-79, yandikanye na Grudem 1988: 148-49).

³⁰Sande na we nyene atanga ivyo biti bine bigize ikiraro gishikana ku gusubizaho imigenderanire yari yarononekaye: (1) ukwihana; (2) Kwisuzuma; (3) kwatura; (4) no guhinduka kwo mu mutima (Sande 2004: 118-35).

b. Gusubiza mu buryo ivyononekaye canke ivyibwe. Kugerageza gusubiza ivyankiritse canke ivyibwe, mu migenderanire ni ukugaragaza ko uwo muntu yihanye vy'ukuri kandi ko ahahamiye kwongera kwunga imigenderanire yari yarononekaye. Gusubiza bifasha “gutegura urubuga rwo gukinirako,” kugira ngo bose bashobore gutangura gusubizaho no kwunga imigenderanire yari yatabaguritse bahereye ahantu hangana (raba Sande 2004: Ivyongeweko C, “Amahame yo Gusubiza”).


c. Gusubizwa mu gikorwa. Kugira ngo wongere kwunga imigenderanire n'umuntu yari yarakugiriye nabi, urakwiye kuba uzi neza yuko uwo yakugiriye nabi yahindutse rwose vy'ukuri kugira ngo ntasubire kuguca mu ryahumye iyo akubonye akabero. Ni co gituma, ukwihana kw'ukuri kwerekanwa, kugaragazwa n'uguhindura ingeso n'inyifato.

d. Kwongera kwubaka ubwizigirwa. Kenshi na kenshi abantu barakwiye gufahwa kwongera gushiraho imigenderanire (raba **Gal 6:1**). Guhinduka mu mikorere bigaragarira mu guhinduka mu majambo no mu bikorwa, ugirira uwo wundi muntu; ikivamwo, uwo wundi muntu na we azobona ko twihanye vyukuri kandi ko ivyo dukora ata buryarya burimwo. Birashobora gufata igihe kirekire kirengeye ico vyafashe ubwa mbere, gusubizaho imigenderanire yari yarononekaye. Mu buntu bw'Imana, yamara, kandi ko bose babibona kumwe, bavyitangiye, birashoboka kwongera kwunga iyo migenderanire.

2. Kumbure inzira nziza yofatwa kugira ngo inzira yo kwongera gusubiza hamwe no kwuzura twoyifatira ku ya Worthington. Naho akoresha amajambo atandukanye canke imvugo itandukanyen'ya Jeffress na Sande, “ukwihana, gusubiza, gusubizwa mu gikorwa canke mu rwego warimwo, no kwongera kwubaka ubwizigirwa” bivugwa na Jeffress, na Sande avuga ku “kwihana, kwisuzuma, kwatura, no guhinduka ku giti ca muntu kwo mu mutima,” na vyo nyene biraboneka mu buryo bunyegaye muri irya nzira ivugwa na Worthington.

B. Ikiraro ca Worthington gishikana ku kwuzura no kunywa

Worthington avuga ku ntambuko zine, izo agereranya n'ikiraro, kigizwe n'ibiti bine canke ibintu, ibiringo bine: guhitamwo kwuzura, guhanahana ivyiyumviro, gukuramwo ubumara, umururazi no kurimbura (Worthington 2003: ibice. 9-12):



1. Guhitamwo kwuzura. Ubwa mbere habanza kuboneka uguhitamwo nimba hakwiriye kubaho ugusubiza hamwe, kwuzura canke nimba bidakenewe. Ugusubiza hamwe, ukwuzura bisaba ko abantu bava aho bari bakambitse, bavubiye bose bakegerana, kugira ngo uwo ari we wese ashobore kubihagarika igihe cose ashakiye. Ugusubiza hamwe, bisaba umwanya uhagije, ubushake n'umwete, uguca bugufi, kandi no kwicira mu kaga k'uko ushobora kubabara canke ushobora kwongera kurenganywa n'uwundi.

a. Umuntu arashobora kudashaka gusubiza hamwe n'uwundi iyo: (1) ashatse kwitandukanya kwibera ukwiye kandi atabona igituma yokwongera kwunga imigenderanire n'uwamugiriye nabi; (2) igihe abona ko atari ngombwa kandi atari ivy'ubwenge kandi ko aba yishize mu kaga yongeye kwugurura imigenderanire n'uwu yari yaramugiriye nabi (ashobora kwikwegera ingorane yuko yomugirira nabi ku mubiri canke akanamwica); (3) uwo muntu yagumye aba mahindagu ntiyaba umwizigirwa kandi ntiyigeze yerekana ko yababajwe n'ivyo yakoze; (4) ububabare bwo mu mutima n'igikomere biracari binini cane kugeza ubu; (5) uwo muntu yarapfuye, ntakiboneka, si ho ari, canke kubera ikindi intu kanaka ntibikunda ko haba ugusubiza hamwe no kwuzura.

b. Abantu bahitamwo gusubiza hamwe no kwuzura kubera yuko: (1) batipfuzwa kubona iyo migenderanire yabo ihagaze; (2) barahana agaciro kandi baha agaciro n'iyu migenderanire bari bafitaniye; (3) bariyumvanamwo cane kandi bashizemwo vyinshi muri iyo migenderanire yabo;

(4) ntibipfuzwa kuguma *muri vya bindi* yamara bipfuzwa imigenderanire myiza, ikomeye; (5) bizera yuko gukurikirana ukwuzura no gusubiza hamwe bizozana ingaruka nziza kurusha ukubireka gurtyo.

c. Dutegerezwa guhitamwo ingene dukwiye gusubiza hamwe, kwuzura. Ugusubiza hamwe, ukwuzura kuba mu buryo bubiri:

(1) Ukwuzura canke ugusubiza hamwe kenshi na kenshi kurizana, abafise ico bapfa batarinze kubiganirako canke kubivugana. Ukwuzura kutarinze kuganirwako kugizwe no: guhagarika ububisha canke ukutumvikana; ukuja hamwe (ni ukuvuga, ku gikorwa bakorera hamwe); kuja hamwe (canke gusubizwa hamwe n') uwundi muntu mu bikorwa bitandukanye; kwiyumvanamwo no guterana integer hamwe no gukengurukanirana; kumenya, kwemera ko turi umwe muri Kristo Yesu bishobora kudufasha guseniyura "ibisika vy'amacakubiri mu bwenge no mu bigumbagumba" (**Ef 2:14-16**).

(2) Ukwuzura canke ukunywana kubanje kwumvikanwako kubaho igihe abafise ico bapfa baja hamwe babishatse kugira ngo batorere umuti ingorane zabo kandi ngo basubizeho imigenderanire yabo yari yaratosekajwe n'umwe muri bo.

(A) *Naho abantu bamwe biyumviro ko Mat 18:15-20 ari nk' "icagezwe" kanaka gisaba ko dutegerezwa imisi yose kuvugana mu mpisho n'uwatugiriye nabi imbere yuko dusaba abandi ko babidufashamwo, uko si ko bimeze. Yacobo (Ita 32-33), Abigayili (1 Sam 25:18-35), Yowabu (2 Sam 14:1-23), na Barunaba (Ivyak 9:26-27) bose babikoze kubw'abandi, canke bakoresheje abandi, kugira ngo habeho ukwuzura no gusubiza hamwe imbere yuko abari batase canke abatumvikana babonana amaso mu yandi.*

(B) *Mu kurondera ingene hotangura ukunywana, ukwumvikana mu buryo bwumvikanyemwo: "Ukuganira ni kwo kwiza kurusha ibindi vyose, mugabo mu bihe bimwe bimwe harimwo abandi bantu biba vyiza kurusha. Hari ho ibihe vyinshi ibi bishobora kuba ukuri uyu musi:*

Igihe uwatugiriye nabi aho mu mico kama canke mu bantu aho mu gutorera umuti canke inyishu ibibazo canke ingorane biciye ku bahuza, nk'abaserukiye imiryango, canke abarongozi bizigiye ku mpande zose,;

Igihe gushikira umuntu wewe nyene ubwawe mu mpisho canke abantu bakubona vyotuma agira isoni imbere y'abandi;

Igihe umwe muri abo babiri bafise ico bapfa, batumvikanako yokwumva yuko afise ubwoba bw'uwundi, kumbure kubera yuko badafise amarongakanwa amwe, canke batari ku rwego rumwe, canke badashika hamwe;

Igihe umwe muri bo yagiriye nabi n'uwu wundi kandi ko hari akaryo k'uko yongeye kumubona akabero atacomubuzwa kwongera kumugirira nabi, canke ko yoca akoresha ivyo bavuganye ari babiri kugira ngo amuzibize, amunumye, amuhende, amubeshe.

Igihe hari umuntu agira gatatu afise imigenderanire ya hagufi cane y'uwu yakugiriye nabi kurusha uko ayifitaniye nawe wagiriye nabi kandi ko uwo agira gatatu yiteguye kuvugana ico kibazo n'uwu yakugiriye nabi." (Sande, 2004: 146-47)

d. Dutegerezwa guhitamwo igihe co gusubiza hamwe. Guhitamwo mu bwenge no mu bigumbagumba guharira bishobora rimwe na rimwe kuba ningoga; ugusubiza hamwe no kwuzura kenshi na kenshi n'imisi yose bisaba igihe kitari gito. Abakristo babwirizwa kurondera uburyo bwo gutanguza iyo ngendo yo gusubiza hamwe, kunywa no kwuzura. Imbere yo gutanguza ukwuzura *kuboneka, kugaragara*, dutegerezwa kubanza gusuzuma ivyo duhekeyeko, tugasuzuma ibigumbagumba vyacu aho bigeze n'ingene twiteguye kwemera kuvugana n'uwatugiriye nabi (mbega biturengeye, twumiwe? turashavuye?—Ni vyiza kubanza gusenga, ukubanza kwishura ivyo bibazo imbere yuko winjira muri ukwo gusubiza hamwe no kurekurana). Dukwiye kubanza kumenya no gusuzuma uwo wundi muntu aho ahegeze, tukaraba ibihe agezemwo, tugasenga kugira ngo Imana iturongore, iduhe ubwenge bukenewe. Yamara, dutegerezwa gukora dufise umutima nk'umwe wari muri Kristo Yesu ujanye canke (worosha) ukunywana *kwizana*, ni ukuvuga ata wundi muntu abanje kubijamwo.

2. Guhanahana ivyiyumviro. Igihe ingingo yo kurondera gusubizahamwe canke kwuzura ija yafashwe, abo bafise ico bapfa bategerezwa kuja hamwe, bagasubira gusuzuma ibijanye n'imigenderanire yabo,

bagasuzuma icabatandukaniye, n’ukugene bashobora kwongera kwuzura no gusubiza hamwe, hamwe kwuzura, no kwongera kwunga ubucuti, ubugenzi.

a. *Uburyo bwiza bwuhura no kuvugana n’uwo yakugiriye nabi ni uguhindura ingendo n’imyifato—gerageza “kworosha”.* Kworosha bituma uvuga bukebuke, mu buryo mu mvugo yawe *harimwo umunyu*, kandi ivyo na vyo ni ngirakamaro cane mu gusubiza hamwe n’uwo mutari mwumvikanye, uwo mwari mwatandukanye. Gukoresha imvugo yiyoroheje, irunze umunyu bigaragarira mu guca bugufi no kubabarana n’urya hari ico mupfa.

b. *Ubushakashatsi bwerekanye yuko mu bihe bitari bike, tutabanje kuraba ivyo umuntu agomba “gushikako”vy’ukuri, muriabo bantu babiri umwe Yibona ko Yagiriye nabi, uwundi na we akibona ko ari we yasotoye ukutumvikana canke canzo c’ingorane; bese bashobora kuza biteguriye guharirana, yamara batiteguriye kwiharira ubwabo* (Worthington 2003: 191). Mu bihe nk’ivyo, bese baba bari mu makosa. Kenshi na kenshi, umuntu aba abifisemwo uruhara ruto, abifisemwo *amakosa make* ugereranije n’uwo wundi (yamara akaba yipfuzaga gusubizaho imigenderanire) ashobora gutangura iyo ngendo yo gusubiza hamwe, kurondera kunywana no kurekuranira, mu kuja kuri wa wundi, akatura ivyaha vyatumye haba ugutosekara, no kwononekara kw’imigenderanire (uwo muntu abifisemwo uruhara runini ashobora kwumva amaramaye, kwumva isoni zitomotuma ahangara uwo yagiriye nabi ngo abe ari we afata iya mbere). Tutabanje kuraba uwafashe iya mbere, kuvuga ku mucango wawe, canke ku co ushobora guterera kugira ngo ibintu bisubire mu buryo, canke mu nzira nziza, bituma haba ibintu bibiri: (1) ni ingaruka y’inyigisho Yesu yatanze muri **Mat 7:3-5** yo “gukura inking iri mu joshu ryawe” imbere yuko utosora “akabango kari mu jisho rya mugenzawe”; kandi (2) “ukwatura kwawe gushobora gutera integer no kwubahura uwo wundi akemera amakosa yiwe yakoze” (Sande 2004: 158). Sande yita ibi “ingaruka nziza cane,” isa nay a yindi ivuga ngo (idusaba ko ivyo tugomba ko abandi batugirira vyose abe ari ko tubagirira na twe): “Icagezwe c’Ukurikivuga yuko *abantu bazotugerera mu co tubagereramwo natwe, bazodufata uko tubafata natwe*. Nimba tunabagura abantu ku ngorane, na bo bazotunabagura. Yamara nimba tuvuga tuti, ‘Ndi mu makosa,’ uzotangazwa n’uko uwo wundi na we avuga ati, Ahubwo ni jewe nakoze amakosa.” (Ibid.: 78)

c. *Iyo ukwatura kwawe gutumye uwo yakugiriye nabi yemera na “gatoya” utegerezwa guca ukandira aho nyene, ukabimubarira, canke ukamubaza ibindi bibazo kugira ngo atobore, avuge ido n’ido y’ingene vyagenze.* Mu kwishura uwo muntu avuze ati, “Ndibaza yuko nanje vyangoye, narashavuye nca nkora nabi,” canke “ahubwo ikosa ntiriyari rwawe,” Sande avuga yuko inyishu nk’izi: “ndashima yuko wemeye ko washavuye, biranka ko wigumya, Bob. Ushaka ndagusigurire ingene niyumvise?”; “Ndakengurutse ko uvuze gurtyo. Wibaza ko ari hehe wakoze nabi, ni hehe wahuvye?”; canke “wibaza ko ari kubera iki nazazaniwe, namerewe nabi?” (Ibid.: 158).

d. *Mu guharira no guhanahana iviyumviro n’uwo wundi muntu, uze wirinde gushavura no kwivumbura.* Gerageza kwiyumvira na gatoya ko uwo muntu yoba ariko aravuga ukuri. Vuga mu ncamake ivyo mwese mwavuze, kugira ngo mwese muvumve kumwe. Ntugerageze kurenganya mu vyo witeze (wibuke yuko: ugusubiza hamwe bishobora gufata igihe kirekire n’ukwihangana kwinshi). Emezanya n’ivyiza uwo wundi muntu umubonako, kandi umubwire yuko icatumye wumva ko akubabaje ari uko mu bisanzwe atahora akora gurtyo. Gerageza kwirinda kurwa mu mutego wo guhakana yuko ata kintu na kibi wakoze, canke kugerageza kwerekana ko wera de, ata gasembwa ugira, hanyuma vyose ngo ubirunde kuri uwo wundi muntu—ivyo nta handi biherera atari ku guharira kutagira mvura. Gerageza gutega ugutwi ivyo uwo wundi ariko arashikiriza, kandi igihe uvuga canke usigura igituma wakoze ukoze wakoze, gerageza kudata amakosa kuri uwo wundi (ahubwo, sigura ko wabikoranye ishavucanke ko wabikoranye umubabaro, utongeramwo ko ishavu ryawe ryari rifise ico rivuyeko, kubera yuko uwo wundi muntu ari we yabiteye, kandi “vyaje abibona, vyashitse abibona”).

e. *Mu nyuma y’ivyo, uzosanga bikunda ko utera intambuko ugaharira kandi mugahana imbabazi, mugahuza, mugaharirana.* Inyuma yaho wite ku guhindura imyifato yawe, n’ingeso zawe, ntushake guhindura ingeso z’uwo wundi. Mwemezanye ku mupangu w’ukugene mwosubiza hamwe, n’ingene vyogenda.

3. Kuramwo umururazi, ubumara. Igihe imigenderanire yononekaye, kubera umwe yaryarutse uwundi, canke akamugirira nabi, ni nk’ubumara, umururazi canke isumu riba ryinjijye mu mubiri.

a. *Turakwiriye kwikuramwo iryo raba n’uwo mururazi mubi winjiye mu migenderanire yacu.* Ni co gituma, dukwiye kwiharira mu gukuramwo, no mu kwiyambura umururazi mu mitima yacu

uko tuwatura, kandi nimba Imana yaraduhariye, akaba yaratwaye akikorera ivyaha vyacu n'umururazi wacu kuri we, ntituba tugikwiye kugenda tuzegembana uwo umutwaro.

b. *Muri iyo nzira nyene, turakwiye gukuramwo uwo mururazi mu migenderanire yacu.* Ubushakashatsi bwerekanye yuko ukwubakana (hamwe n'iyindi migenderanire) ikunda kwononekara mu buryo bune buza umuntu abubona: (1) Ukunebagura, ugutora amakosa: ubwa mbere mu mutwe, mu bwenge, hanyuma mu majambo; (2) Kwikura mu kabarerwa, kwirwanirira: ubwa mbere mu mutwe, hanyuma mu majambo (ibi canecane vyerekanwa n'ukugene “uwagirijwe yishura” uwumunebaguye, ivyo na vyo bikazana ibihari binini); (3) Agakengere, agasuzuguro: aho ukunebagura no kwirwanirira ari ibikorwa biboneka bidasanze, canke ingeso y'umuntu, agakengere n'agasuzuguro bija kuri uwo wundi muntu; (4) uruhome rw'amabuye canke intambara: kugira ngo umuntu yikingire ntiyongere kubabara aca yikumira, agahindura umutima wiwe nk'“uruhome rw'amabuye” canke na ho intambara ikaduka, igenewe, iteguriwe kubabaza urya wundi muntu (mu bwenge, mu mutwe, mu bigumbagumba canke mbere no ku mubiri bishobotse) (Worthington 2003: 227).³¹

c. *Ubushakashatsi kandi bwerekana ko hariho imigenderanire irashe hagati y'inkomezi, inguvu n'umunezero w'abubakanye n'uburemere bw'imigenderanire myiza canke mibi.* Iyo abubakanye bashikanye 10, canke 7, canke mbere na 5 vy'imigenderanire myiza, baba banezerewe. Iyo ari 5:1, haca habayo uguhinduka mu kanya isase: hejuru y'urwego 5:1, abantu babona ko imigenderanire ari myiza, muni y'ivyo biharuro; abantu babona ko imigenderanire ari mibi, yatosekaye. Ikindi ni uko iyo abubakanye bafise ibiharuro biri muni ya 5:1 usanga kenshi na kenshi atari 4:1, yamara ugasanga vyarakorotse cane bikagera kuri 1:1 canke mbere 1:2 (Worthington 2003: 227-28).

d. *Iciyumviro co gukuramwo ubumara ni uguhindura ivyo bintu canke iyo ngendo: ni ukuvuga, guhitamwo gukora ku ngeso, ku majambo, no ku vyiyumviro bituma habayo uwikumira no kwubaka ibihome vy'amabuye, canke bituma habaho intambara bikagarukana ku gakengere, bivuye ku gakengere bigashikana ku kwigwanirira, bivuye aho ku kwigwanirira, ku kutaba ikinyaganwanka, bigashikana ku kunebagura, bivuye aho bigashikana ku gusubiza ibintu mu buryo nk'uko vyahoze.* Mu gukora gurtyo dushobora kuraba ibimenyetso bitwereka nimba turiko turashiramwo ubumara aho kubukuramwo mu migenderanire: (1) tugarukana ivyatubabaje muri kahise, ntitukiteho gusa ingorane n'ububabare bw'ubu; (2) turakarira cane urya wundi muntu yatugiriye nabi; (3) tugasotora uwo muntu hari ico dupfa aho guhangana n'izo ngorane; (4) tukumva umururazi mw'ijwi ryacu; (5) ntidushobora kureka ngo ivyatubabaje muri kahise bigende.

4. Kurimbura. Turashobora gushika ku gusubiza ibintu uko vyahoze, ivyo na vyo biba bigizwe no kwishikiriza no kwishikana kuri urya wundi muntu hari ico mupfa no mu migenderanire.

a. *Dushobora gushika kuri ivyo igihe duhagaritse kuguma ku vyabaye bibi; ahubwo, dutorera umuti uburibwe bwacu mu gukura icirwa mu vyo twacyemwo, mu mibabaro twacyemwo.* Turabona ingene ivyo bintu vyaduhinduye bikatugira abantu beza kurusha uko twari tumeze. Dushika ku rwego rwo gusuzuma no kurimbura igihe twubaka urukundo. Tugatahura ingene uwo wundi muntu azobona canke akakira ugukengerwa, ukudahabwa agaciro no guhabwa agaciro, gukundwa no kudakundwa. Ivyo vyose tubikora kugira ngo ntidusuzugure, ariko kugira ngo tumuhe agaciro akwiriye kandi tukagaragaza urukundo tumufitiye. Ni muri ubwo buryo, tugabanura, tukagwiza imigenderanire dufatiye ku kugene urya wundi muntu abibona canke abifata.

b. *Kuduza igiharuro c'imigenderanire myiza ukagabanura igiharuro c'imigenderanire mibi bisaba ko umenya uwo wundi muntu neza kandi bisaba ko umubabara.* Bisaba kumenya ingene uwo wundi muntu ziyumva ko akunzwe, yemewe. Uburyo bwo kugaragaza urukundo

³¹Uru rukurikirane rumeze nk'uko Sande abibona ruvuga ko umuzi w'ingorane “ari ivyipfuzo tutarashikako mu mitima yacu,” ivyo na vyo bigakwirikiza intambuko zine: (1) Nipfuzo—ukutumvikana gutangurana n'iciyumviro kanaka (ubwaco gishobora kuba gifise urufatiro canke ataco gishingiyeko, ari ukuri canke atari ukuri). Ico cyumviro canke icipfuzo kikaba kitashitsweko, kitatorewe umuti; (2) Nsaba, nshaka ibi—ico cipfuzo kitashitsweko ntikinyiganyizwe, hanyuma kigahinduka igisabo “gitegerezwa kuronka inyishu vyanka vyakunda kugira ngo nyene kugisaba yumve ko anyuzwe, ahimbawe,” kandi ivyo bigashobora gutuma umuntu agira umururazi, umujinya, no kwiyugumbira, igihe cose ico gisabo ciwe kitazotererwa inyishu, umuti; (3) Ndacye urubanza—igihe abandi bibananiye gutorera umuti ingorane zacu, canke icipfuzo cacu kandi ivyo twiteze ntitubironke, duca tubanebagura, tukabacira imanza mu mitima yacu aho ni aho tudakoresheje amajambo; (4) Ndahanye—ukugira umwifato wo guca imanza ushikana ku kurondera izindi nzira zaba nziza canke mbi zo kubabaza urya wundi muntu canke kumuhana kugira ngo atebe akunde aduhe ivyo twipfuzo (Sande, 2004: 102-09).

bushobora kuba buizwe n'ibi bikurikira: (1) Amajambo y'urukundo no gutera intege, no gushigikira; (2) gukoranako no kwerekana ko mwiyumvanamwo; (3) kumarana umwanya uhagije n'uko wundi muntu; (4) ibikorwa vy'urukundo mukorera hamwe; (5) ingabire canke utuganuke tw'urukundo (Chapman, 1995: *passim*). Dukoreza ivyo bintu bigaragaza urukundo uwo wundi muntu aha agaciro. Mu ncamake, muri iyo nzira yo gusubiza hamwe, ni ho dutahura neza uwo wundi muntu, kandi kubaho nk'abakristo bafise umutima na Mpwemu vya Kristo, twategerezwa mu bisanzwe gutahura abantu no kubana nabo mu migenderanire myiza yose yacu ishoboka ibihe vyose.

AHO TWAVYABUYE

- Aland, Barbara, Kurt Aland, Johannes Karavidopoulos, Carlo Martini, and Bruce Metzger, eds. 2001. *The Greek New Testament*, 4th rev. ed. Stuttgart: Deutsche Bibelgesellschaft.
- Alcorn, Randy. 2009. *If God Is Good*. Colorado Springs, CO: Multnomah.
- Carson, D. A. 2002. *Love in Hard Places*. Wheaton, IL: Crossway.
- Chapman, Gary. 1995. *The Five Love Languages*. Chicago: Northfield.
- Chapman, Gary, and Jennifer Thomas. 2006. *The Five Languages of Apology*. Detroit: Thorndike.
- Danker, Frederick W., ed. 2000. *A Greek-English Lexicon of the New Testament and Other Early Christian Literature*, 3d ed. Chicago: University of Chicago Press.
- Ellingworth, Paul. 1992. "Forgiveness of Sins." In *Dictionary of Jesus and the Gospels*, ed. Joel Green, Scot McKnight, and I. Howard Marshall, 241-43. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Enright, Robert. 2001. *Forgiveness Is A Choice*. Washington, DC: American Psychological Association.
- Grudem, Wayne. 1988. *The First Epistle of Peter (TNTC)*. Grand Rapids, MI: Eerdmans.
- Jeffress, Robert. 2000. *When Forgiveness Doesn't Make Sense*. Colorado Springs, CO: Waterbrook.
- Klassen, Daniel. n.d. *The Forgiveness Workbook*. Thunder Bay, Ontario, Canada: Lakehead University.
- McCullough, Michael. 2000. "Forgiveness as Human Strength: Theory, Measurement, and Links to Well-Being." *Journal of Social and Clinical Psychology* 19, no. 1: 43-55.
- Michaels, J. Ramsey. 1988. *1 Peter (WBC)*. Nashville, TN: Thomas Nelson.
- Sande, Ken. 2004. *The Peacemaker*, 3rd ed. Grand Rapids, MI: BakerBooks.
- Smedes, Lewis. 1984. *Forgive and Forget: Healing the Hurts We Don't Deserve*. San Francisco: Harper & Row.
- _____. 1996. *The Art of Forgiving*. Nashville, TN: Moorings.
- Solzhenitsyn, Aleksandr. 1985. *The Gulag Archipelago 1918-1956*. Translated by Thomas Whitney and Harry Willetts. Abridged by Edward Ericson, Jr. New York: Harper & Row.
- The Book of Common Prayer*. New York: Seabury, 1979.
- Willard, Dallas. 1997. *The Divine Conspiracy*. New York: HarperSanFrancisco.
- Witvliet, Charlotte vanOyen, Thomas E. Ludwig, and Kelly L. Vander Laan. 2001. "Granting Forgiveness or Harboring Grudges: Implications for Emotion, Psychology, and Health." *Psychological Science* 12, no. 2: 117-23.
- Worthington, Everett. 2001. *Five Steps to Forgiveness*. New York: Crown.
- _____. 2003. *Forgiving and Reconciling*. Downers Grove, IL: InterVarsity.
- Zodhiates, Spiros, ed. 1993. *The Complete Word Study Dictionary: New Testament*, rev. ed. Chattanooga, TN: AMG.

IVYONGEWEKO

Uburyo bwo guharira mu kugarukana imigenderanire myiza mu bubakanye no mu miryango³²

Ubu buryo bukurikira bwagenewe abubakanye b'abakristo. Yamara, bushobora gukoreshwa n'abakristo bafise izindi ngorane mu yindi migenderanire. Burashobora kandi gufasha abatari abakristo, mugabo ivyo ntibihuta biraba kuko dufatira cane ku vyo Bibiliya ivuga, yigisha, ivyo na vyo bakaba badahuta kubifatirako no kuvyemera.

Igihe co guharira kigizwe n'umuhanuzi, umujenama, n'abubakanye bafise ico batumvikanyeko ni kirekire (n'imiburiburi amasaha atatu) kandi kigizwe n'intambuko 13. Izo ntambuko zubatswe mu biringo bitatu: (1) indondoro n'umwiteguro (Intambuko ya 1 gushika ku ya 3), ivyo na vyo bikaba bigizwe no guharira, guhanahana ivyiyumviro hagati y'abubakanye n'umujenama; (2) kurondera no gutanga imbabazi, ikigongwe, guharirana (Intambuko ya 4 gushika ku ya 12)—inyuma yuko umutambukanyi umwe ahejeje izo ntambuko guhera kuri 1 gushika kuri 12 uwo wundi mutambukanyi aca afata akanya na we, aca aramukirwa; kandi ico (3) cicaro giherahezwa n'umuhango w'igikorwa ugaragara (intambuko ya 13). Abacance bazokenera kumbure ikindi ikiringo canke ibindi vyicarwo inyuma y'ico cicaro co kubabarirana, guharirana, yamara kumara no guheza ico cicaro kirekire kigoye co kubabarirana no guharirana vyategerezwa kugabanura ibindi vyicarwo vy'abajanama bazobahanura.

Intambuko ya 1: *Indangurakintu z'uguharira zirahanwahanwako ivyiyumviro, ziraharirwako.* Umujenama, umuhanuzi aronka uruhusha aruhawe n'abafise ivyo bapfa kugira ngo avuge ku vyerekeye uguhara, kuko ari kwo kugize urufatiro rw"kwizera. Bose baca bavugana ivyerekeye ico ari co uguhara, ukugira imbabazi. Umujenama, umuhanuzi avugana na bo ico Bibiliya ivuga ku vyerekeye uguhara n'urukundo. Umujenama afatira canecane ku kugene umuntu afata ingingo. Abo bagirwa inama bategerezwa kwemera ko ingingo canke uguhitamwo guharira ko kutagizwe no kureka kugira ishavu no kutiyumvira kwihora gusa, ariko ko kugizwe n'ibikorwa vyo kwiyanka vyo guharira n'urukundo nk'uko na Kristo yabigize. Kwerekeza no kugarukana abubakanye ku vyanditswe ni vyiza, ni ngirakamaro, kubera yuko abakristo benshi bipfuzwa ko ivyiyumviro vyabo, amajambo yabo, hamwe n'ibikorwa vyabo biba biri mu murungo w'ivyo Bibiliya ivuga, yigisha, ishikiriza.

Intambuko ya 2: *Uwo ari we wese muri abo bafise ico bapfa araronka, arahabwa akanya ko gusaba imbabazi n'ikigongwe ku vyo yakoze bibi.* Abubakanye bararonka akaryo ko kwaturanira ivyo bagiraniye bibi imbere y'umujenama, umuhanuzi. Ico bashimikirako s'ukwikura mu kabarerwa, no kwerekana ko ivyo bakoze vyari bifise ishingiro, canke ngo bagirizanye, yamara bakwiye guhagarara cane cane ku makosa bakoze kandi kakayihana. Umuhanuzi ashobora kuvuga amajambo nk'aya: “dukwiye dushiraho urutonde rutugenga mu vyo tugira tuvugane. Abubakanye kenshi na kenshi bazana ibifashi vyinshi ku muhanuzi vyerekeye ingeso zibabaje babonanako, ariko ni gake umwe umwe wese yivugako ivyiwe, yivugako amakosa yiwe. Nimba mugomba ko tubandanya, ni muhagarare cane cane ku gacumu k'ubumwe canke ku ruhara rwanyu, ico muterera kuri izo ngorane zanyu igihe cose hageze ko muca muri za ntambuko zose twavugaga, kandi ntufatire cane ku co wipfuzwa ko uwo mwubakanye yoshikako, canke yokwatura? Ni yo umutambukanyi wawe atavugaga ku kintu ubona canke wumva ko ari ngirakamaro mu vyo mupfa, tuzobigarukako mu kindi cicaro.”

Intambuko ya 3: *Intangamarara ku vyerekeye uguhara hamwe no guhitamwo canke gufata ingingo yo kubandanya canke guhagarika.* Ni vyiza guhera ku mutambukanyi yakoze amakosa menshi, afise uruhara runini muri ukwo kutumvikana kwabo. Umutambukanyi wese ategerezwa guhitamwo ku bintu kanaka ivyo ashaka gusaba ko ikigongwe n'imbabazi. Umuhanuzi arashobora kuraba ko hari isano riri hagati n'ivyo bariko barapfa canke ko ata sano ririho. Umuhanuzi arashobora kuvuga nk'ibi: “ukugene icicaro c'uguhara kimeze,

³²Ubu buryo bufatiye kuri ibi vyiyumviro vyashizwe ahabona na: Frederick A. DiBlasio, “Ivyanditswe no guharira: ibikorwa mu bacance b'abakristo n'imiryango,” *ukwubakana n'Umuryango: agataborukristo kandikwa imisi yose 2* (1999): 247-58, na Frederick DiBlasio, Robert Cheong, “Urukundo nk'urwa kristo no guharira mu kugira inama abubakanye: ivyiyumviro hamwe n'ibigirwa” (vyashikirijwe n'umwanditsi wa *Marriage and Family (ukwabarana n'umuryango: Agataborukristo kandikwa imisi yose, ntikirashirwa ahabona, kiracari mw'iyandikiro)*.

Ivyongeyeko, ni uko, ECLEA ibifise kuri bwa buryo ngurukanabumenyi (www.eclea.net): *Igitabu c'umurongozi n'igifasha, ikiturongora*, hamwe na *igitabu c'abanywanyi* canditswe na Everett L. Worthington kirimwo ivyigwa bituma habaho uguhara, *kugaragaza uguhara: ivyicarwo bitandatu bifadika kugira ngo umuntu abe umukristo aharira kurusha*. Dr. Worthington yaratanze uruhusha rwo gukoresha ivyo vyiyumviro biri muri ico gitabu ko vyokwabarurwa, bikandikwa, bigakoreshwa ata mahera arinze gutangwa, igikuru yipfuzwa ni uko vyofasha abari mu ngorane zo kutumvikana.

kiratandukanye n'icicaró co guhanura abubakanyehe. Hamwe mwemeye ko tubandanya [Umutambukanyi A] aca abandanya ace muri izo ntambuko kuva kuri 4 gushika kuri 12, imwe imwe yose agira ico ayivuzeko, hanyuma ahejeje ace aha akanya [Umutambukanyi B] na we avuge (umuhanuzi arashobora guha abo batambukanyi ikopi yanditswe y'izo ntambuko uko ari cumin a zitatu kandi akazibapfunyapfunyira, akazibabwira mu ncamake). Ndaja kugira uruhara rukomeye muri iki cicaro canyu, ndagerageza kuja ndabagarukana ku murongo aho hose muzoba muhuvye, muvuye mu murongo w'ivyo turimwo, hamwe no gufata ingingo, tubifashanijemwo, twerekane ivyubaka dutegerezwa gukwirikirana muri iki cicaro co guharirana tunavugane n'ivyo dushobora kubikira ikindi gihe.”

Intambuko ya 4: *Gushira ahabona, kuvuga ivyakubabaje, amakosa.* Umutambukanyi ategerezwa kwivugira ivyamubabaje, inyifato canke ingeso yamubabaje. Bitegerezwa kuvugwa mu buryo bugaragara ko yari amakosa, vyababaje, kandi ko atakwigovyora. Kenshi na kenshi umutambukanyi arashobora gushiramwo mu vyo avuga bimwe mu bikorwa vy'uwo bubakanye canke umutambukanyi wiwe. (Uburorero, umugabo arashobora kurondera guharirwa ku majambo canke kukunabagura yagiriye umugore wiwe mu bantu kubera yari yamuryarutse canke yifashe ukutari kwo). Ashizemwo uko abona ibikorwa vy'umugore wiwe ni nk'uko aba yikuyeko icaha, amakosa, ivyo na vyo bigatuma umugore wiwe na we aca yihagararako. Umuhanuzi ategerezwa gufasha rero umutambukanyi kuvuga ku ruhara rwiwe afise muri ivyo bapfa n'uwo bubakanye. Ni ngirakamaro kubaza umutambukanyi iki kibazo, “Ico wakoze coba cari kibi?” Iyo umutambukanyi, umucance ahigimanze canke akekeranije, uwo muhanuzi aca abivuga hanyuma akongera agasaba uwo umutambukanyi ngoatore ikosa rimwe yibaza ko ari ribi canke kugira ngo yongere yiyumvire. Mu bihe vyinshi, kuvuga ku kibi kimwe bishobora kuvyura ibindi bibi vyinshi vyari vyinyegeje.

Intambuko ya 5: *Uwagize nabi atanga insiguro.* Umuhanuzi atangura iyi ntambuko abanje kuronka uruhusha ruvuye ku wagiriwe nabi kugira ngo agerageze ashike ku catumye uwo umutambukanyi akora gurtyo (kuronka uruhusha ruvuye ku wagiriwe nabi bituma yiyumva ko na we afise ico avuga nk'uwufisemwo uruhara kanaka mu gutahura ingeso canke inyifato ibabaza). Umuhanuzi arafobora akerekana neza ko amakosa menshi mu bubakanye afise insiguro, yamara ko izo nsiguro zidafashe kubera ububabare n'ibikomere bose bumvise canke bacyemwo. Umuhanuzi ategerezwa kubakebura mu kubabarira yuko insiguro batanga atari “ukwigovyovyora” mugabo yuko ari ukurondera ukuri gutuma basuzuma, bagasesangura icaha cabaye. Kurondera ibituma vyateye ikosa bishobora gushikana ku kumenya ingeso n'inyifato yabaye imbere y'uko bubakana. Ibi na vyo, bishobora gutuma abubakanye batahurana cane kandi bigatuma bababarana kurusha.

Intambuko ya 6: *Ibibazo n'inyishu ku vyerekeye icaha cakozwe.* Abubakanye bategerezwa kugerageza gutahurana. Yamara, ibibazo vyinshi babaza usanga “ari ukugerageza kwisigura” kurusha ukurondera gutahura no kwongerako ibindi kugira ngo umuntu atahure. Umuhanuzi arashobora kuvuga ati: “N'ubwo ibi vyokwumvikana ko bidasanze, ni gake abubakanye batanga inyishu zirashe ku bibazo vyabo kubera yuko uwo ari we wese aba ariko arirwanira ashaka gutahurwa, yigovyora, yisigura ku caha yakoze. Usanga kenshi na kenshi ibibazo bibazwa mu buryo bukomeye, bw'ishavu, bw'imitego kugira ngo umwe umwe wese agerageze gutsinda uwundi. Aka ni akanya ko kuronka inkuru canke ukuri n'umutima w'urukundo. Reka rero twese dukorere hamwe kugira ngo dutahure iyi ngorane kumwe mu kubaza ibibazo. [Umutambukanyi B] Urafise ibibazo ivyo ari vyo vyose ubaza [umugore/umugabo]?” Gutanga inyishu n'ibituma, n'ivyabaye ni nko kwoza uwagize nabi kandi bigatuma vyorohe guharira. Umuhanuzi ashobora kugira uruhara rukomeye mu kugerageza no gufasha gusigura ivyo bibazo kugira ngo bagume mu nzira imwe, ntibazimire ngo bave ku ntumbero yari yabazanye.

Intambuko ya 7: *Uwagiriwe nabi atanga inyishu zivanye n'ibigumbagumba, n'ibishika.* Ubumwe canke ubucuti bushika igihe conyene abubakanye biyumvane ku rwego rwo mu bishika, ku rwego rwo mu bigumbagumba. Uwagiriwe nabi yipfuzako uwamugiriye nabi yumva kandi agatahura ububabare n'igikomere yamara ko adashobora gushira, no gusobanura mu majambo uko yiyumva. Ikindi, umuhanuzi arashobora kugira uruhara rukomeye kandi ategerezwa kubabarira ko badakwiye kugira umutima wo kwiburanira no kwigovyora. Umuhanuzi ashobora kuvuga ati: “N'ubwo bishobora kuba ngombwa ko [Umutambukanyi B] ashira ahabona igisebe yagize canke ububabare bwiwe, kubera atinya kugukomeretsa, no kukubabaza, mbega wewe [Umutambukanyi A] urashobora kumuha uruhusha ko avuga atarya umunwa, akakumenera impuri ku kugene yiyumva, ku kugene vyamubabaje?” (Igihe umutambukanyi atanze urwo ruhusha rw'uko uwundi yovuga ukugene yiyumvise canke yiyumva, baca bava mu kwikingira bakaja mu nzira yo kwakirana no gutahurana.) Umutambukanyi yagiriwe nabi yacumuweko ashobora kuvuga no kugaragaza ingene yiyumvise muri ico gihe, kandi n'ukugene ubu yiyumva afatiye ku muco w'ivyo ahejeje kwumva muri ico cicaro kirondera ko basubiza

hamwe.

Intambuko ya 8: *Uwagize nabi yerekana ko ababaranye n’uwo yagiriye nabi kandi akicuza kuri ico kibi yakoreye uwundi.* Gusaba ko uwakoze ikibi avuga mu yandi majambo ingene yumva ikibi yakoze, n’ukugene yateje uwundi ingorane, bituma uwagiriwe nabi yumva ko atahuwe, kandi ko ahawe agaciro. Ibi na vyo, bishikana ku kubabarana, kandi bigafasha uguharira kwo mu bishika, mu bigumbagumba. Abubakanye benshi bashobora kwikunda no kwikwegerako, bikabagora kubabarana n’uwo bagiriye nabi. Umuhanuzi ashobora gufasha muri ibi mu kubazo ibibazo bias n’ibi, “igihe umugore wawe avuga yuko yababaye cane akavyuka akoma induru mw’ijoro, wibaza ko vyamubabaje kugeza ku rugero rungana iki, wibaza yuko yiyumva gute?” Umuhanuzi arashobora kandi gusaba umutambukanyi wese kuvuga mu nca make ukugene yumvise uwundi ivyo yavuze n’ingene yisiguye hamwe n’ingene yumva ko yababaranye na we, yihanuye, yisubiyemwo.

Intambuko ya 9: *Uwagize nabi aca ashiraho, apanga ukugene azohagarika/atazosubira iyo ngeso.* Kugira ngo umuntu aharire vy’ukuri bisigura yuko uwagize nabi ategura guhagarika ingeso yiwe yo kugira nabi kandi akiyubara, agakora ku buryo bitazokwongera gushika muri kazoza. Uguharira, ukurekura kuroroha igihe nyene gukora iryo kosa yemeye guhindura, kandi ko ashizeho uburyo bw’uko ivyo bintu bitazosubira kuba. Iyo nteguro ikwiriye kuba iyishoboka, irashe, itomoye, kandi kenshi igashirwaho na nyene kugira nabi, uwo ikosa ryagiriye, afashijwe n’umutambukanyi wiwe hamwe n’umuhanuzi. Umuhanuzi ashobora gusenga ngo Mpwemu Yera azane ivyiyumviro mu bwenge, no mu mutima avuga arya: “Kubera iki tutohera ku kwiyemeza ivyo tugomba gushikako, n’ivyo tugomba kuzokora, kandi kumbure uko muzoba muriko murabikora, ivyiyumviro vyerekeye ukugene muzobishira mu ngiro bizoza?” Umuhanuzi akandika ivyo umwumwe wese yapanze yavuze, kandi bose akababarira ko ari ngombwa na ngirakamaro ko bazigama muri ntibate, babika ahatagira ikizokomakoma ivyo bavuganye, bapanze kuzoshikako.

Intambuko ya 10: *Umutambukanyi yagiriwe nabi yerekana ko ababaranye n’uwamugiriye nabi, ababajwe n’ikosa yakorewe.* Ingorane z’abubakanye ntizipfa guterwa n’ako ari ko kose, haba ku wagiriwe ikosa, haba no ku warikoze. Ingeso canke inyifato y’uwagize nabi, nyene icaha, nyene amakosa, ishobora kuvana canke gusigurwa n’ibikomere yagize/canke mu migenderanire yagize muri kahise. Ikindi, nyene kugira nabi ategerezwa kuraba ingene agenya ishavu n’isoni n’urubwa, n’ububabare yateje umutambukanyi wiwe. Umuhanuzi arashobora kubwira umutambukanyi yagize nabi nk’aya majambo: “ndabona ko icaha umugore wawe yagukoreye cakubabaje cane, ariko kandi ndabona yuko na we vyamubujije amahoro, vyamubabaje cane. Urashobora kuvuga mu majambo uko ubona amerewe?” Nk’uko vyagenze ku ntambuko igira 8, umuhanuzi agerageza gufasha umutambukanyi kuronka ugutahura uwamugiriye nabi mu kubabarana nawe.

Intambuko ya 11: *Gushimikira ku guhitamwo, ku ngingo, no kwiyemeza kurekura.* Umuhanuzi yibutsa abubakanye ku bihari bagiraniye, canke ku guhanahana ivyiyumviro bagize ku ntambuko ya 1 vyerekeye urukundo no guharira hamwe n’inzira yo gufata ingingo yo guharira. Iyo umutambukanyi yagiriwe nabi ahisemwo guharira, aca yiyemeza kurekura ico caha yakorewe, kandi ntazonasubire kugikoresha nk’ikigwanishwa muri kazoza. Ivyo ntibikuraho kuzovugana kuri iryo kosa, mbere ahubwo, kuraba ingene ivyo bitosubira kubaho ni vyiza mu guhanura abantu. Uguhanahana ivyiyumviro gutegerezwa kubaho ku vyerekeye ingene bokwirinda kuguma ku vyabaye, no ku kugene bokwifata ku vyerekeye ishavu n’ivyiyumviro bibi bishobora kuzoza muri kazoza (Raba uguhanahana ivyiyumviro ku vyerekeye ukwiyemeza imbere y’abantu guharira, no kuguma kuri ukwo guharira wahisemwo mu gice ca V. “Guharira, no kurekuranira, umwuzuzo,” hariya hejuru).

Intambuko ya 12: *Gusaba imbabazi.* Kugira ngo ugusaba imbabazi canke uguharira kube ukugaragara, abubakanye, abatambukanyi, bategerezwa gushira mu majambo igisabo no gutanga ico gisabwe. Umuhanuzi ashobora kuvuga ati: “Ubu harageze, nimba [Umutambukanyi A] abona ko bikwiriye, ashaka, gusaba imbabazi no guharirwa imbere yanje nk’icabona. [Umutambukanyi B] ashobora guca yemeza ko atanga izo mbabazi canke ikigongwe canke uguharira, canke ko atazitanga, adaharira.” Ico gisabo kigizwe imbere y’icabona gishigikira, kikagaragaza ko ingingo yo guharira yafashwe, yashitsweko. Abubakanye benshi barashobora gusesereza impundu, bakarira, bagafatana amaboko, canke bagapfukama kugira ngo berekane ko bihanye kandi banse urunuka ivyari vyabatandukanje, ivyari vyabaye. Inyuma yuko ikigongwe n’uguharira bitanzwe, umuhanuzi aca yandika italiki, n’isaha hanyuma agasaba abo bubakanye na bo kuvyandika no kubibika ahadata. Umuhanuzi ashobora kuvuga ati: “Uguharirwa n’imbabazi vyarasabwe, kandi bitangwa isaha zitanu n’iminuta 32 z’umutaga kuri izi taliki. Ndasaba mugerageze kwandika izi taliki n’uwu mwanya muri ntibate, kuko uwu mwanya ni umwanya wera mu nyonga z’Imana. Nimba hadutse ibindi bibazo mugakekeranya nimba

mwarasavye imbabazi kandi nimba mwarazihawe, murazoca mwihuta kuraba kuri ivyo mwanditse mukabika muri ntibate, muzosanga hariho italiki n’umwanya ivyo vyabereyeko, kandi ntimwitinye kumpamagara kuri telefone kuko jewe ndi icabona.”

Intambuko ya 13: *Gukora ikintu ku mugaragara cemeza ko mwahariranye, mwarekuraniye, mwanywanye, mwasubije hamwe.* Ikintu kigaragara, kibera ahabona hagati y’abubakanye gikomeza uguharirana bahanye kandi bigaca bibaja no mu mitima, mu mitwe, mu bigumbagumba, no mu mpwemu bigatuma iyo ngingo iba ntabanduka. Umuhanuzi arashobora kubaza: “Ingene bashobora guhimbaza, kuzihiza no kunezererwa ukwo guharirana, no gutanga imbabazi n’ikigongwe bibereye ngaho—ikintu c’ikimenyamenya gihagarariye ukwo guharirana no kugira imbabazi n’ikigongwe—icibukiro?” Abo batambukanyi, abacance bashobora guhitamwo kwandika ivyaha vyabo ku rukaratasi hanyuma bagaca baruturira, aho hantu bakahatera igiti kidasanze kizoba nk’icibutso, bakandikiranira amakete y’urukundo, bakongera kuyahanahana, bagahana ingabire, canke bagakora ikindi kintu ico ari co cose gifise insiguro kuri bo kizoba nk’icibutso c’ikigongwe n’uguharirana bahanye, bashitseko uyo musi kandi ko batanguye hamwe ubuzima busha. Ico cicaro gishobora kuba urukiza, ico cicaro gishobora guhindura ubuzima n’ubugingo bizogira ingaruka ku giti c’umuntu, bikagira ingaruka mu migenderanire yo kwubakana kwabo, kandi bikongera bikabasubiza hamwe, bikabakwegera hamwe mu migenderanire idasanze no mu rukundo rudasanze muri Kristo Yesu.

UWANDITSE IKI GITABU



Jonathan Menn aba i Appleton, Wisconsin, muri Reta Zunze Ubumwe za America. Yaronse urupapuro rw’umutsindo rwo muri Kaminuza y’i Wisconsin-Madison mu vyirwa vya politike arivyo vyirwa vy’intwari. Yahejeje afise amanuta menshi mu mwaka wa 1974, aca ashirwa m’ishirahamwe rikomeye ry’abanyabwenge ryitwa Phi Beta Kappa honor. Ni ho yaca aronka urupapuro rw’umutsindo rwitwa JD rwo muri Kaminuza yigisha ivyo amategeko y’i Cornell Law School, aheza afise ico bita magna cum laude, mu mwaka wa 1977, hanyuma aca yinjizwa mu gisata bita Order of the Coif legal honor society. Yaciye amara imyaka 28 yakwirikiye akora ibijanye n’amategeko, nk’umushikiriza manza, muri Chicago hanyuma aca yifatanya n’ishirahamwe ry’amategeko ryitiriwe Menn muri Appleton (Law Firm in Appleton), muri Wisconsin. Yakiriye Umwami Yesu Kristo, avuka ubwa kabiri aba n’umwigishwa wa Yesu mu mwaka wa 1982. Inyota idasanze yo kwiga ijamba ry’Imana hamwe no gukorera Imana biramucanira bituma aja kwiga amashuri ku rwego rwa kaminuza yo hejuru aho yaronse Maitrise kw’I shule yo kuri Trinity Evangelical Divinity School muri Deerfield, Illinois. Aronka urupapuro rw’umutsindo rusumba urwo yari ahejeje kuronka rwitwa M.Div. yo muri TEDS, summa cum laude, muri Rusama umwaka wa 2007. Hagati y’imyaka ya 2007-2013 ni we yari umuyobozi mukuru w’Ishirahamwe ryo Gufasha abapasitori mw’isi yose (EPI). Ubu na ho uwo Jonathan ni we muyobozi w’ igikorwa co gufasha abapasitori b’amashengero muri Afirika Y’Ubuseruko (www.eclea.net). Ibitabo vyinshi yanditse ku bintu bimwe bimwe bijanye n’inyigisho za Bibiliya bishobora kuboneka kuri ubu buryo ngurukana bumenyi bukurikira www.eclea.net. Jonathan ashobora kubonekera canke kwandikirwa biciye kuri ubu buryo ngurukanabumenyi bukurikira: jonathanmenn@yahoo.com.